

MARYAJ AK RELASYON FAMILYAL

MANYÈL ENSTRIKTÈ



MARYAJ AK
RELASYON FAMILYAL

MANYÈL ENSTRIKTÈ

Pibliye pa
Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo
Salt Lake City, Utah

Kòmantè ak Sigjesyon

Kòmantè ak sigjesyon nou yo konsènan manyèl sa a ap byen apresye. Tanpri, soumèt yo bay:

Curriculum Planning
50 East North Temple Street, Floor 24
Salt Lake City, UT 84150-3200
USA

E-mail: cur-development@ldschurch.org

Tanpri mete non ou, adrès ou, pawas, ak pye ou. Pa bliye bay tit manyèl la. Apresa, ofri kòmantè ak sigjesyon w yo konsènan pwenfò ak zòn ki ta merite amelyorasyon.

© 2000 pa Intellectual Reserve, Inc.

Tout Dwa Rezève
Enprime nan Etazini Damerik

Apwobasyon Anglè: 8/97
Apwobasyon Tradiksyon 8/97
Tradiksyon *Marriage and Family Relations: Instructors Manual*
Haitian-Creole

ENSTRIKSYON AN JENERAL

Kijan pou ta itilize klas maryaj ak relasyon famiyal la?

Klas sa a prepare pou ede manm legliz la fòtifye maryaj yo ak fanmi yo epi jwenn lajwa nan relasyon famiyal yo. Episkopa oubyen prezidans branch la responsab pou pèmèt klas sa a enplante ak efikasite.

Paske manm legliz yo gen bezwen ki diferan epi yo sòti nan sitiyasyon famiyal ki diferan, klas sa a divize an de pati. Pati A, “Fòtifye maryaj yo,” patikilyèman itil pou ede koup marye yo ak manm k ap prepare pou marye yo. Pati B, “Responsablite paran yo pou fòtifye fanmi yo,” akonpaye paran yo ak gran paran yo nan efò yo pou “elve [timoun yo] nan noura yo ak korije yo dapre Senyè a” (*Efèzyen 6:4*). Manm ki patisipe nan klas la ta dwe konprann ke yo gen chwa pou asiste dapre bezwen endividyèl yo. Pa egzanp, yon koup marye san timoun ka vle patisipe nan pati A a men pa nan pati B a. Yon paran ki pou kont li ka deside patisipe sèlman nan leson yo nan pati B a.

Dirijan pawas ak branch yo ka montre yo fleksib nan itilizasyon klas sa a, dapre pouse Lespri a ak bezwen manm yo, separeman. Yo ta ka konsidere lide sa yo:

- Episkopa ak prezidans branch yo ka planifye klas la kòm klas nan Lekòl Didi-manch. Jan Lespri a gide yo, dirijan yo ka envite manm an patikilye pou asiste.
- Dirijan gwoup gran Prèt yo, prezidans kowòm ansyen yo, ak prezidans Sosyete Sekou yo, ka itilize leson separe yo pou enstriksyon nan premye Dimanch chak mwa. Lè sa apwopriye, yo ka itilize leson yo pou kwendefe ak pou lòt opòtinite ansèyman aswè nan semèn yo oubyen nan Samdi.
- Episkopa ak prezidans branch yo ka itilize leson yo separeman nan reyinyon konbine prèttriz Melkisedèk ansanm ak Sosyete Sekou nan senkyèm dimanch yo. Yo ka itilize leson yo tou nan kwendefe pou jènjan yo ak jènfi yo.
- Konsiltan nan prèttriz Arawon ak Jènfi yo ka itilize manyèl sa a kòm yon resous pou sware echanj. Yo kapab itilize leson yo pou anseye jènjan ak jènfi yo ansanm, oubyen nan pwòp òganizasyon yo apa.
- Moun yo ak koup yo kapab etidye kou a pou tèt pa yo tou.

Kiyès ki ta dwe resevwa materyèl pou klas la?

Chak manm nan pawas oubyen branch ki site pi ba yo ta dwe resevwa yon kopi nan *Manyèl pou Enstriktè Klas Maryaj ak Relasyon Famiyal yo*, epi yon kopi *Gid Etid pou Patisipan Maryaj ak Relasyon Famiyal yo*:

Evèk oubyen Prezidan branch
Dirijan gwoup gran prèt yo
Prezidan Kowòm ansyen yo
Prezidan Jènjan yo

Prezidan Sosyete Sekou yo
Prezidan Jènfi yo
Enstriktè Klas maryaj ak relasyon
famiyal yo

Chak patisipan nan klas la ta dwe resevwa yon kopi gid etid la.

KONTNI

Ansèyman jeneral yo	iii
“Fanmi an: Yon pwoklamasyon pou mond lan”	viii
Entwodiksyon	ix
Rezondèt klas sa a	ix
Responsablite ou kòm Enstriktè	ix
Fè fas avèk pwoblèm familyal grav yo	xi
Materyèl ou ta dwe itilize	xi
Resous anplis	xii
 PATI A: FÒTIFYE MARYAJ YO	
1. “Fanmi an esansyèl nan plan Kreyatè a”	3
Pwofèt sen dènye jou yo pwoklame enpòtans etènèl maryaj ak fanmi an	3
Maryaj etènèl kapab pote lajwa ak gwo benediksyon nan lavi sa a ak nan letènite	4
Klas maryaj ak relasyon familyal yo prepare pou ede nou jwenn lajwa nan relasyon familyal nou yo	6
Fwaye nou kapab tounen “yon pòsyon syèl la” lè nou bati “sou gwo wòch Redanmtè nou an”	7
2. Devlope inite nan marayaj	9
Senyè a te kòmande mari ak madanm pou fè yonn	9
Mari ak madanm dwe bay yonn lòt valè kòm asosye egal	9
Mari ak madanm ta dwe pèmèt karakteristik ak kapasite endividyèl yo yon konplete pa lòt	10
Mari ak madanm dwe lwayal yonn anvè lòt	11
3. Kiltive lanmou ak amitye nan maryaj	13
Mari ak madanm bezwen kiltive lanmou yonn pou lòt	13
Demonstrasyon afeksyon ak jantiyès kenbe lanmou ak amitye vivan nan maryaj	13
Bonjan entimite se yon demonstrasyon lanmou	14
Koup marye yo ta dwe fè efò pou gen charite, bonjan lanmou Kris la	16

4. Repons pou difikilte yo nan maryaj	18
Tout koup marye ap gen pou rankontre difikilte	18
Mari ak madanm kapab travèse nenpòt difikilte si yo wè maryaj la kòm yon relasyon alyans	19
Lè difikilte yo parèt, nou kapab reponn avèk pasyans ak lanmou nan plas fristrasyon oubyen kòlè	19
5. Repons pou difikilte yo atravè kominikasyon pozitif	23
Tout koup marye ap gen kèk diferans nan opinyon	23
Mari ak madanm ta dwe chèche kalite louwab, yonn kay lòt	23
Kòminikasyon pozitif ede prevni epi rezoud difikilte yo	24
6. Fòtifye marayaj yo atravè lafwa ak lapriyè	27
Mari ak madanm ta dwe travay ansanm pou ogmante lafwa yo nan Jezikri	27
Mari ak madanm beni lè yo priye ansanm	28
7. Pouvwaj gerizon nan padon	31
Yon espri padon ant mari ak madanm ede pote lapè ak yon santiman konfyans ak sekirite	31
Mari ak madanm ta dwe chèche padon yonn nan men lòt pou feblès yo epi fè efò sensè pou amelyore	32
Mari ak madanm dwe chèche pou youn padone lòt	33
8. Jesyon finans fanmiyal yo	35
Bonjan jesyon finansye esansyèl pou bonè nan maryaj	35
Mari ak madanm ta dwe travay ansanm pou suiv prensip debaz sou jesyon lajan	36
PART B: RESPONSABLITE PARAN YO POU FÒTIFYE FANMI YO	
9. “Timoun se yon eritaj Senyè a ”	43
Papa nou ki nan Syèl la konfyè espri li yo bay paran terès yo	43
Paran yo ta dwe chèche satisfè bezwen endividyèl chak timoun	44
Timoun yo gen dwa ak relasyon lanmou avèk paran yo	45
Maltrete timoun se yon ofans devan Bondye	46
Timoun yo pote lajwa nan lavi paran yo	47
10. Wòl sakre papa ak manman yo (Pati 1: Wòl papa yo)	49
Papa ak manman yo ta dwe travay ansanm pou founi chak nan timoun pa yo yon boukliye lafwa	49
Papa yo dwe prezide nan lanmou ak jistis	50
Papa yo dwe founi fanmi yo sa ki nesesè pou lavi a ak pwoteksyon	51

11. Wòl sakre papa yo ak manman yo (Pati 2: Wòl manman yo)	53
Manman yo patisipe nan travay Bondye a	53
Manman yo dabò responsab pou nourit pitit yo	54
Papa ak manman yo dwe yonn ede lòt antanke asosye egal	55
12. Anseye timoun yo atravè egzanp ak enstriksyon	57
Paran responsab pou anseye pitit yo	57
Paran yo kapab resevwa enspirasyon nan anseye pitit yo.	58
Paran yo anseye timoun yo atravè egzanp ak enstriksyon	59
13. Anseye timoun yo prensip levanjil yo (Pati 1).	62
Ansèyman paran yo kapab ede timoun yo rete fèm nan lafwa.	62
Paran yo gen pou anseye timoun yo premye prensip yo ak òdonans yo nan levanjil la	63
Paran yo ta dwe “anseye timoun yo priye, ak mache dwat devan Senyè a”	64
14. Anseye timoun yo prensip levanjil yo (Pati 2).	66
Paran yo dwe montre lanmou pou pitit yo lè y ap anseye yo.	66
Paran yo dwe anseye pitit yo konpasyon ak sèvis.	67
Paran yo dwe anseye pitit yo onètete ak respè pou pwopriyete lòt moun.	67
Paran yo dwe anseye pitit yo konsènan rekonpans pou travay onèt	68
Paran yo dwe anseye timoun yo pite moral	69
15. Gide timoun yo lè y ap pran desizyon	72
Timoun yo bezwen gidans lè y ap pran desizyon	72
Paran yo kapab ede timoun yo egzèse libabit yo nan jistis.	73
Paran yo ta dwe pèmèt timoun yo aprann apati konsekans move desizyon yo.	75
Paran yo dwe montre lanmou sanrete pou timoun ki dewoute yo	76
16. Priyè Familyal, Etid ekriti familyal, ak Sware familyal.	78
Priyè familyal ak etid ekriti epi sware familyal dwe tounen gwo priyorite pou chak fanmi Sen Dènnye Jou.	78
Fanmi yo resevwa gwo benediksyon lè yo priye ansanm	79
Etid familyal ekriti ede fanmi yo vin pi pre Bondye	79
Sware familyal ede fanmi yo fòtifye tèt yo kont enflyans mond lan.	81

FANMI AN

YON PWOKLAMASYON POU MOND LAN

PREMYE PREZIDANS LAN AK KONSÈY DOUZ APOT YO NAN LEGLIZ JEZIKRI POU SEN DÈNYE JOU YO

NOU MENM, PREMYE PREZIDANS LAN ak Konsèy Douz Apot yo nan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo, nou pwoklame solanèlman, maryaj ant yon gason ak yon fi se bagay Bondye òdone epi fanmi se pwen santral nan plan Kreyatè a pou destine etènèl pitit li yo.

TOUT KRETYEN VIVAN—gason ak fi—te kreye dapre imaj Bondye. Yo chak se yon pitit lespri gason oubyen fi ki soti nan paran selès, epi konsa, yo chak gen yon nati ak yon destine diven. Maskilen ak feminen se yon karakteristik esansyèl pou moun ki premòtèl, ki mòtèl, epi se yon idantite ak yon objektif etènèl.

NAN EGZISTANS PREMÒTÈL LA, pitit gason gason ak pitit fi lespri yo te konnen Bondye epi yo te adore l kòm Papa Etènèl yo epi yo te aksepte plan l lan kote pitit li yo te kabab vin gen yon kò fizik pou yo fè eksperyans terès epi pou yo pwogrese nan direksyon pèfeksyon epi pou yo vin rive alafen nan destine diven yo kòm eritye lavi etènèl. Plan bonè diven an pèmèt relasyon famiyal yo kontinye jis apre lanmò. Òdonans ak alyans sakre yo rann posib pou chak moun retounen nan prezans Bondye epi pou fanmi yo ini pou letènite.

PREMYE KÒMANDMAN Bondye te bay Adan ak Èv la te mansyone potansyèl yo kòm paran antanke mari ak madanm. Nou deklare kòmandman Bondye te bay pitit li yo pou yo multipliyè epi pou yo ranpli latè a toujou valab. Nou deklare pi lwen ke Bondye kòmande pou pouvwa sakre pwokreyasyon yo sèvi sèlman ant gason ak fi ki marye legalman.

NOU DEKLARE mwayen pou kreye lavi mòtèl sou latè a se yon bagay Bondye tabli. Nou deklare lavi a sakre epi li enpòtan nan plan etènèl Bondye a.

MARI AK MADANM gen yon responsablite solanèl pou youn renmen ak pran swen lòt epi pou yo renmen ak pran swen pitit yo. “Pitit se eritaj Senyè a” (Sòm 127:3). Paran yo gen

yon devwa sakre pou yo elve pitit yo nan lanmou ak jistis, pou satisfè bezwen fizik ak espirityèl yo, pou anseye yo pou yo sèvi epi pou youn renmen lòt, pou yo respekte kòmandman Bondye yo epi pou yo tounen sitwayen ki obeyi lwa kèlkeswa kote yo abite. Mari ak madanm—manman ak papa—pral gen responsablite devan Bondye pou akonplisman obligasyon sa yo.

SE BONDYE KI ÒDONE FANMI. Maryaj ant gason ak fi se yon bagay endispansab pou plan etènèl li a. Se dwa timoun pou yo pran nesans nan relasyon maryaj, epi pou yon papa ak yon manman ki onore alyans maryaj avèk fidelite total elve yo. Bonè nan lavi famiyal kapab akonpli pi souvan lè l fonde sou ansèyman Lesenyè Jezikri. Maryaj ak fanmi ki gen siksè yo tabli epi yo chita sou prensip lafwa, priyè, repantans, padon, respè, lanmou, konpasyon, travay, ak aktivite rekreyatif ki pwòp. Dapre plan diven an, papa yo dwe dirije fanmi yo avèk lanmou ak jistis epi yo responsab pou yo bay fanmi yo tout sa yo bezwen nan lavi a ak pwoteksyon. Manman yo responsab prensipalman pou nourri pitit yo. Nan responsablite sakre sa yo, manman ak papa gen obligasyon pou youn ede lòt kòm asosye egal. Enfimite, lanmò, oubyen lòt sikonstans kapab egziye adaptasyon endividyèl. Lòt kòd fanmi yo ta dwe bay sipò yo lè l nesèsè.

NOU AVÈTI moun ki vyole alyans chastete, ki maltrete konjwen yo oubyen pitit yo, oubyen ki pa akonpli responsablite famiyal yo pral rann kont devan Bondye yon jou. Anplis, nou avèti, dezentegrasyon fanmi an ap pote kalamite pwofèt ansyen ak modèn yo te predi yo sou endividi yo, kominote yo, ak nasyon yo.

NOU MANDE sitwayen ak responsab gouvènman tout kote yo ye, pou yo sipòte lwa sa yo ki te tabli pou kenbe epi pou ranfòse fanmi kòm inite fondamantal sosyete a.

Se Prezidan Gordon B. Hinckley ki te li pwoklamasyon sa a kòm yon pati nan mesaj li nan Reyinyon Jeneral Sosyete Sekou ki te fèt 23 septanm 1995, nan Salt Lake City, Utah.

ENTWODIKSYON

Rezondèt klas sa a Klas maryaj ak relasyon famiyal la prepare pou ede manm legliz yo fòtifeye maryaj yo ak fanmi yo epi jwenn lajwa nan relasyon famiyal yo. Li divize an de pati. Pati A, “Fòtifeye maryaj yo,” patikilyèman itil pou ede koup marye yo ak manm k ap prepare pou marye. Pati B, “Responsablite paran yo pou fòtifeye fanmi yo,” akonpaye paran yo ak gran paran yo nan efò yo pou “elve [timoun yo] nan nourri ak korije yo dapre Senyè a” (Efezyen 6:4).¹

Klas la baze sou doktrin ak prensip ki anseye nan ekriti yo ak pa pwofèt ak apot dènnye jou yo. Li mete anpil aksan sou “Fanmi an: Yon pwoklamasyon pou mond la,” ki enkli nan paj viii.

Responsablite ou kòm Enstriktè

Lè ou medite sou enpòtans etènèl maryaj ak fanmi epi sou gwo nesosite pou fòtifeye maryaj yo ak fanmi yo, ou pral kòmanse konprann pakèt enpòtans apèl ou pou anseye klas sa a. Devouman ou ak preparasyon ou nan lapriye pral pote benediksyon pou ou ak fanmi ou ansanm ak sila yo kap patisipe nan klas la. Pandan w ap lite pou mayifye apèl ou, sonje prensip yo ki dekri nan paj sa a ak nan paj x– xi.²

Prepare tèt ou pou anseye.

Kòm enstriktè pou klas sa a, responsablite w se pou anseye doktrin yo nan levanjil la pa pouvwa Sentespri a. Ou pa bezwen gen yon fòmasyon pwofesyonèl kòm konseye famiyal, ni ou pa oblije ka jwenn solisyon pou tout pwoblèm ki ka rive nan fanmi yo. Diskisyon nan klas yo ta dwe dirije patisipan yo pou medite epi priye konsènan pwòp lavi pa yo epi fè amelyorasyon nan pwòp lavi pa yo.

Pou èd nan prensip debaz esansyèl pou anseye levanjil la, tankou preparasyon pèsònèl, renmen sila yo w ap anseye yo, ak anseye pa Lespri a, ale nan resous sa yo:

- “Ansèyman levanjil la ak lidèchip,” seksyon 16 nan Manyèl Enstriksyon Legliz la, *Liv 2: Dirijan Prètriz ak Oksilyè yo* (35209 or 35903).
- *Anseye, Pa gen pi gran apèl* (36123).
- *Gid pou ansèyman* (34595).

Sonje Objektif Jeneral Klas la.

Anvan ou anseye premye leson an, pran tan pou repase tout leson yo nèt. Sa ap ede ou wè kijan leson yo ajanse pou fòtifeye maryaj ak fanmi yo.

Pandan w ap prepare pou chak leson, l ap itil pou repase tab matyè yo (paj yo v–vii), ki founi yon rezime klas la. Repase sa ou te deja anseye ak aprann, epi medite kijan doktrin ak prensip yo nan chak leson sipòte klas la okonplè.

Kòmanse preparasyon leson an bonè.

Preparasyon an ap pote plis siksè si w kòmanse bonè pou chak leson. Lamenn apre ou fin anseye yon leson, planifye lòt leson an. Si w gen yon lide sou sa w pral anseye a, w ap kapab medite sou leson an pandan tout semèn nan. Sa kapab ede w pou vin pi konsyan sou prensip ou ta dwe ensiste, metòd ou ka itilize, ak eksperyans ou ka pataje.

Seleksyone matyè nan leson an ki pral pi byen satisfè bezwen patisipan yo.

Etidye doktrin ak prensip nan chak leson yo avèk atansyon, chèche gidans Lespri a pou ede ou seleksyone matyè nan leson an k ap satisfè pi byen bezwen patisipan yo. Sonje ke “siksè yon leson ka mezire apati enfluyans li sou sila ou anseye yo” (*Anseye, Pa gen pi gwo apèl* [1999], 103).

Deside kijan pou anseye leson yo.

Anplis pou deside kisa w pral anseye nan leson an, li enpòtan pou deside kijan ou pral anseye li. Ou ta dwe toujou fè efò pou anseye yon fason k ap ankouraje patisipan yo aplike doktrin ak prensip yo aprann yo.

Leson yo nan klas sa a, ta dwe ekspoze sou fòm diskisyon olye konferans. Ede manm yo patisipe aktivman nan diskite doktrin ak prensip ou anseye yo. Konsèy Senyè a konsènan diskisyon nan klas la site nan Doktrin ak Alyans 88:122: “Lomnen yon enstriktè pami nou, epi pa kite tout moun pale ansanm; men, kite yon sèl moun pale alafwa pandan lòt yo ap koute sa l ap di, pou lè tout moun fin pale, tout moun kapab edifye akòz tout moun, pou chak moun kapab genyen yon privilèj egal.” Pou enfòmasyon konsènan dirije diskisyon yo, gade paj 63–70 nan *Anseye, Pa gen pi gwo apèl*.

Si sa apwopriye, itilize diferan metòd pou ede patisipan yo aprann epi konprann prensip ki nan leson yo. Pa egzanp, chèche opòtinite pou ekri sou tablo a, itilize objè leson yo, epi ekspoze pòtre yo. Pou èd sou kijan pou itilize metòd sa yo ak lòt, ale nan paj 159–84 nan *Anseye, Pa gen pi gwo apèl*.

Envite Patisipan yo aplike sa yo aprann.

Kòm enstriktè levanjil la, ou pa dwe kontante w sèlman pataje enfòmasyon, menm si w fè li nan yon fason orijinal, enteresan. Bi ou se pou ede lòt moun viv dapre doktrin ak prensip yo aprann yo. Prezidan Harold B. Lee, onzyèm Prezidan legliz la, te konseye:

“Tout prensip ak òdonans yo nan levanjil la nan yon sans se envitasyon pou aprann levanjil la nan pratike ansèyman li yo. Pèsonn pa ka konnen prensip dim nan, toutotan li pa peye dim li. Okenn moun pa ka konnen prensip Pawòl Sajès la, toutotan li pa kenbe Pawòl Sajès la. Timoun yo, oubyen granmoun yo nan domèn sa a, pa pwogrese nan dim, Pawòl Sajès la, sannktifye Saba a, oubyen priyè nan tande yon moun pale konsènan prensip sa yo. Nou aprann levanjil la nan viv li. . . .

“. . . Nou pa janm reyèlman konnen anyen nan ansèyman levanjil la toutotan nou pa fè eksperyans benediksyon ki sòti nan viv chak prensip yo” (*Stand Ye in Holy Places* [1974], 215).

Revi legliz la yo souvan gen istwa enspire ki demontre kijan manm yo nan legliz la te beni lè yo viv levanjil la. Ou ka jwenn istwa ki anseye kèk doktrin ak prensip nan endèks revi yo. Anvizaje pou pataje kèk nan istwa sa yo nan klas.

Nan konklizyon chak leson, envite patisipan yo aplike sa yo te aprann. Asire w ou kite ase tan pou lanse envitasyon ki pral enspire yo fè aksyon. Planifye fason pou lanse kalite envitasyon sa yo. Pa egzanp, apre leson 9 la, ak tit “Timoun se eritaj Senyè a,” ou ka repase pi gran prensip nan leson an epi envite patisipan yo pran angajman pou pase tan avèk chak nan pitit yo.

Ankouraje patisipan yo itilize gid etid pou klas la.

Kòm yon pati nan preparasyon pou chak leson, ou ta dwe repase materyèl ki koresponn lan nan Gid Etid pou Patisipan nan Maryaj ak Relasyon Familyal (36357). Planifye fason pou ankouraje patisipan yo (1) suiv omwen youn nan sigjesyon nan “Lide pou Aplikasyon” epi (2) li atik la oubyen atik yo ki akonpaye chak leson. Ensiste ke koup marye yo kapab resevwa gwo benefis nan li ak diskite atik yo nan gid etid la ansanm.

Patisipan yo ta dwe pote manyèl etid yo nan klas la pou chak leson.

Repons pou bezwen sila yo ki pa nan sitiyasyon familyal tradisyonèl yo.

Montre atansyon pou sikonstans patikilye patisipan yo, kèk nan yo ka pa marye, divòse, oubyen nan lòt sitiyasyon familyal difisil. Kenbe nan espri w deklarasyon Prezidan Spencer W. Kimball sa a, 12zyèm prezidan legliz la:

“Nou . . . kontinye akwoche sou ideyal fanmi sen dènnye jou a. Menmsi kèk moun kounyeya pa gen privilèj pou viv nan yon fanmi konsa, se pa yon rezon pou sispann pale konsènan sa. Nou diskite lavi familyal avèk anpil atansyon, men, nou rann nou kont ke anpil moun . . . aktyèlman pa gen privilèj pou yo manm oubyen kontribye nan yon fanmi konsa. Men nou pa kapab fè anyen andeyò prensip sa a, paske gen tèlman anpil bagay ki repoze sou sa” (*The Teachings of Spencer W. Kimball*, edite pa Edward L. Kimball [1982], 294–95).

Fè fas avèk pwoblèm familyal grav

Pandan w ap ankouraje diskisyon, fè sèten ke patisipan yo konprann ke li pa apwopriye pou pataje detay sou pwoblèm familyal grav yo. Si patisipan yo ap chèche konsèy konsènan difikilte grav yo, jantiman ankouraje yo pale an prive avèk evèk la. L ap kapab konseye yo. Li ka rekòmande yo resous nan kominote a tou ki founi èd ki an akò avèk prensip legliz la.

Materyèl ou ta dwe itilize

Legliz la pwodui ase resous pou ede w anseye vrè doktrin ak prensip yo konsènan maryaj ak fanmi. Tanpri, ralanti sou itilizasyon materyèl komèsyal nan preparasyon w oubyen nan ansèyman w. Premye resous ou pou anseye klas la, se ekriti yo, manyèl sa a, ak *Gid Etid pou Patisipan Maryaj ak Relasyon Familyal*. Gwo refleksyon ak priyè te sèvi nan preparasyon matyè pou klas sa a.


Resous Anplis

Resous sa yo se pwodiskyon ke legliz la founi pou enfòmasyon anplis sou sijè ki diskite nan klas sa a. Resous sa yo disponib atravè sant distribisyon legliz la. Ou ka anvi ankouraje patisipan yo itilize piblikasyon sa yo nan fanmi yo (gen lis la nan paj vi nan *Gid Etid pou Patisipan Maryaj ak Relasyon Familyal*).

- *Gid familyal* (31180). *Gid* sa a dekri òganizasyon fanmi an, founi enfòmasyon konsènan ansèyman levanjil la nan fwaye a, epi dekri pwosesis pou benediksyon ak òdonans prèttriz la.
- Atik konsènan maryaj ak fanmi an nan revyi legliz la.
- *Liv Resous pou Sware Familyal* (31106). *Liv* sa a ede paran yo ak timoun yo prepare leson pou sware familyal (paj 3–160, 173–232). Li gen lide pou fè sware familyal reyisi (paj 163–70) epi enkli sigjesyon pou anseye timoun yo prensip espesifik ak responsablite (paj 235–62). Li genyen ide pou aktivite familyal tou (paj 265–340).
- *Anseye, Pa gen pi gwo apèl* (36123). Resous sa a genyen prensip ak sigjesyon pratik pou ede manm legliz la amelyore kòm enstriktè levanjil la. Pati D, “Anseye nan Fwaye a” (paj 125–48), patikilyèman itil pou paran yo.
- *Gid pou Ansyèyman* (34595). *Gid* sa a founi sigjesyon pou amelyore ansèyman ak aprantisaj levanjil la.
- Pou fòs Jèn yo (34285). Ti bwochi sa a dekri prensip legliz la pou sòti ansanm, pou abiman ak prezantasyon, amitye, onètete, langaj, laprès, sante fizik ak mantal, mizik ak dans, pite seksyèl, atitid ledimanch, repantans, diyite, ak sèvis.
- *Yon gid pou paran* (31125). Ti liv sa a gen sigjesyon pou ede paran yo anseye piti yo konsènan entimite fizik yo.
- *Manyèl pou paran ak moun k ap okipe timoun andikape* (31123). *Manyèl* sa a bay konsèy pou fanmi ki gen timoun ki andikape yo. Li gen enfòmasyon tou sou materyèl legliz la prepare pou ede paran yo ak lòt moun anseye timoun ki andikape yo.
- Fondasyon pou bonè yon fwaye (33108). Ti bwochi sa a genyen diskou Prezidan Gordon B. Hinckley te bay pandan li te sèvi kòm Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans la.
- *Vin yon mari ak yon papa ki jis* (35402). Bwochi sa a gen yon diskou Prezidan Howard W. Hunter, katòzyèm Prezidan la, te bay.
- “Gid pou Finans familyal,” Lyawona, Avril 2000. Atik Eldè Marvin J. Ashton sa a nan Kowòm Douz Apot yo, founi sigjesyon pratik pou jesyon finans familyal yo.

PART A

FÒTIFYE MARYAJ YO



“FANMI AN ESANSYÈL NAN PLAN KREYATÈ A”

LESON

1

Bi Pou mete aksan sou enpòtans etènèl fanmi an epi ede patisipan yo konnen kisa yo bezwen fè pou resevwa tout benefis nan klas Maryaj ak Relasyon Familyal yo.

Preparasyon

1. Repase prensip yo sou “Responsablite w yo kòm Enstriktè” (paj ix–xi nan manyèl sa a). Chèche fason pou aplike prensip sa yo nan preparasyon ou pou anseye.
2. Li tit nan leson an ki fonsè yo, ki dekri doktrin ak prensip yo nan leson an. Kòm pati nan preparasyon ou, medite sou doktrin ak prensip yo pandan semèn nan, chèche gidans lespri a pou deside sou kisa w ta dwe ensiste pou satisfè bezwen patisipan yo.
3. Nan lapriyè, etidye “Fanmi an: Yon pwoklamasyon pou mond lan.” ki nan paj viii nan manyèl sa a ak paj iv nan *Gid pou Patisipan Maryaj ak Relasyon Familyal*.
4. Jwenn yon kopi *Gid pou Patisipan Maryaj ak Relasyon Familyal* (36357) pou chak patisipan. Ou ta dwe resevwa kopi sa yo nan men prezidans Lekòl Didimanch la, grefye pawas la, oubyen asistan grefye pawas ki responsab materyèl yo.
5. Davans, mande yonn oubyen de patisipan prepare pou pale toukout konsènan kijan yo te santi yo lè yo te marye nan tanp la. Mande yo tou prepare pou pale konsènan lajwa ak benediksyon yo resevwa nan lavi sa a paske yo te sele ak konjwen yo pou letènite. Chèche gidans lespri a pou deside kiyès pou ka mande akonpli tach sa a.
6. Anvan klas la, ekri sitasyon sa a sou tablo a (apati *Stand Ye in Holy Places* [1974], 255):

Pati ki pi enpòtan nan travay Senyè a ke oumenm avèk mwen fè, se nan mitan kat miray pwòp kay nou.

*Prezidan Harold B. Lee
Onzyèm Prezidan Legliz la.*

Sigjesyon pou Devlopman Leson an

Pwofèt sen dènnye jou yo pwoklame enpòtans etènèl maryaj ak fanmi an.

Pataje istwa vrè sa a:

Yon nonm te preske pèdi tout bagay nan yon inondasyon terib. Li te kriye, pa pou byen materyèl li pèdi, men paske li pa te ka lokalize madanm cheri li a ak kat pitit. Te gen yon posiblite reyèl ke yo te ka nwaye. Pita pawòl la te rive ke yo te vivan epi yo t ap tann li nan yon sistèm ijans ki pa t twò lwen. Ala yon moman lajwa lè fanmi sa a te reyini ankò! Pandan yo t ap rejwi, mesye a te di, “mwen gen fanmi m ankò, epi malgre mwen kanpe san okenn byen terès ki rete

pou mwen, mwen santi m tankou yon milyonè” (site pa Robert L. Simpson, nan Conference Report, Oktòb 1980, 11–12; oubyen *Lyawona*, Novanm 1980, 11).

Rapidman, pataje konviksyon ou ak temwayaj ou konsènan maryaj ak fanmi an. Si sa apwopriye, pataje santiman ou konsènan pwòp fanmi ou. Apresa li deklarasyon Eldè Boyd K. Packer sa a nan Kowòm Douz Apot yo:

Sant aktivite legliz la se pa [sant] pye a; se pa chapèl la. . . . Andwa ki pi sakre sou tè a ka se pa tanp la, nesèsèman. Chapèl la, [sant] pye a, ak tanp la sakre pandan yo kontribiye pou bati enstitisyon ki pi sakre nan legliz la—fwaye a—ak beni relasyon ki pi enpòtan nan legliz la, fanmi an” (“*That All May Be Edified*” [1982], 234–35).

Bay chak patisipan yon kopi nan *Gid pou Patisipan Maryaj ak Relasyon Familyal*. Fè patisipan yo ale nan paj iv. Eksplike ke an 1995, Premye Prezidans la ak Kowòm Douz Apot yo te fè soti yon pwoklamasyon pou tout mond lan konsènan maryaj ak fanmi an. Anpil nan doktrin ak prensip ki anseye nan pwoklamasyon an pral diskite nan klas sa a. Li pwoklamasyon an avèk patisipan yo, nan envite diferan patisipan pou li chak paragaf yo fò.

- Site kèk doktrin ak prensip ki anseye nan pwoklamasyon sou fanmi an? (Anvizaje pou ekri repons patisipan yo sou tablo a.) Poukisa mond lan bezwen konsèy ak avètisman sa a?

Prezidan Gordon B. Hinckley, 15zyèm prezidan Legliz la, te eksplike: “Poukisa nou genyen pwoklamasyon sa a sou fanmi an kounyeya? Paske fanmi an anba atak. Tou patou nan mond lan fanmi yo an dekadans. Kote pou kòmanse amelyore sosyete a se nan fwaye a. Timoun yo fè, pou pi fò, sa yo anseye yo. N ap eseye rann mond lan meyè nan fè fanmi an vin pi fò” (“*Inspirational Thoughts*,” *Ensign*, Aug. 1997, 5).

- Kijan oumenm ak fanmi w te fòtifye nan suiv konsèy nan pwoklamasyon sa a?

Maryaj etènèl ka pote lajwa ak gwo benediksyon nan lavi sa a ak nan letènite.

Mete aksan sou maryaj etènèl kòm esansyèl nan gran plan bonè Papa nou ki nan syèl la. Li pèmèt fanmi yo jwenn lajwa nan lavi sa a epi kontinye epi pwogrese atravè letènite.

- Ki benediksyon nou kapab resevwa nan lavi sa a lè nou marye pou letènite?

Envite patisipan ou te bay tach la pale toukout konsènan kisa yo te santi lè yo te marye nan tanp la ak lajwa ak benediksyon yo resevwa nan lavi sa a poutèt yo te sele ak konjwen yo pou letènite (gade “*Preparasyon*,” atik 5).

Anvizaje pataje youn oubyen plis nan deklarasyon sa yo:

Prezidan James E. Faust nan Premye Prezidans la te anseye: “Anpil alyans endispansab pou bonè isit la ak pi devan. Pi enpòtan pami yo se alyans maryaj yo ki fèt ant mari ak madanm. Apati alyans sa yo, pi gwo lajwa lavi a koule” (nan Conference Report, Avril 1998, 19; oubyen *Ensign*, Me 1998, 17).

Eldè Boyd K. Packer te di ke “womans, lanmou, maryaj, ak vin paran” se eksperyans nan lavi a ki pi pwòp, bèl epi chaman” (nan Conference Report, Oktòb 1993, 28; oubyen *Ensign*, Novanm 1993, 21).

Eldè Joseph B. Wirthlin nan Kowòm Douz Apot yo te deklare: “Asosyasyon dous nan maryaj etènèl la se youn nan pi gwo benediksyon Bondye te akòde

pitit li yo. Asireman, pakèt ane mwen te pataje avèk bèl konpay mwen an te pote lajwa ki pi pwofon yo nan lavi mwen. Depi nan kòmansman tan yo, relasyon mari ak madanm nan maryaj te toujou fondamantal nan gran plan bonè Papa nou ki nan syèl la. Lavi nou touche tout bon, epi nou toulede edifye ak anrichi lè nou savoure benediksyon dous ki nan relasyon avèk manm cheri fanmi nou yo" (nan Conference Report, Oktòb 1997, 42; oubyen *Ensign*, Novanm 1997, 32).

Nan premye diskou li devan tout manm legliz la kòm prezidan legliz la, prezidan Gordon B. Hinckley te di: "Pou madanm cheri mwen an depi senkantuit ane nan mwa sa a, mwen eksprime admirasyon. ". . Ala mwen rekonesan pou fi presye sa a ki te mache sou kote m atravè gwo solèy ak tanpèt. Nou pa toujou kanpe dwat menmjan ak lontan. Men, pa gen okenn diminisyon nan lanmou nou youn pou lòt" (nan Conference Report, Avril 1995, 93; oubyen *Ensign*, Me 1995, 70).

Eksplike ke anpil moun kwè maryaj ak lavi familyal se eksperyans nan mòtalite a sèlman. Men kòm manm legliz la, nou konnen ke yon koup diy ka antre nan tanp la epi, atravè yon òdonans sakre prèttriz la, vin sele ansanm kòm mari ak madanm pou letènite. Lè yon gason ak yon fi marye nan fason sa a, yon selil familyal etènèl kòmanse.

- Ki pwomès benediksyon etènèl ki pou koup marye ki sele pa pouvwa prèttriz la epi apres a rete fidèl nan alyans sa yo? (Li Doktrin ak Alyans 131:1–4; 132:19–24, 30–31 avèk patisipan yo. Lis sa a genyen kèk repons ke w ta ka ekri sou tablo a.)
 - a. Yo pral egzalte nan pi gwo degre a nan wayòm selès la avèk Papa nou ki nan syèl la ak Jezikri (D&A 131:1–3; 132:20–24).
 - b. Yo pral rete ansanm "kounyeya ak pou tout letènite" (D&A 132:19). Pitit yo ka vin fè pati fanmi etènèl yo a tou. (Eksplike ke Sentespri Pwomès la, ki mansyone nan D&A 132:19, Se Sentespri a. Dapre fidelite nou, Sentespri a konfime ke òdonans prèttriz la nou te resevwa ak alyans nou te fè akseptab devan Bondye.)
 - c. Yo pral "eritye twòn, wayòm, dominasyon ak pouvwa" (D&A 132:19).
 - d. Yo pral kontinye genyen desandan, oubyen pitit espiyèl, atravè letènite (D&A 132:19, 30–31; fade tou D&A 131:4).
- Kijan sa ede w pou konnen fanmi yo ka vin etènèl?

Fè remake ke gen anpil sen dènnye jou fidèl ki, san se pa fòt pa yo, pa te genyen opòtinite resevwa benediksyon maryaj etènèl nan lavi sa a. Ensiste sou pwomès Senyè a ke tout sen fidèl yo pral finalman resevwa benediksyon sa yo. Si w santi li nesèsè pou ede patisipan yo konprann prensip sa a, li deklarasyon sa a pa Eldè Dallin H. Oaks nan Kowòm Douz Apot yo:

"Nou konnen anpil sen dènnye jou ekstraòdinè ak diy aktyèlman pa genyen opòtinite ideyal yo ak egzijans esansyèl pou pwogrè yo. Seliba, absans pitit, lanmò, ak divòs deranje prensip yo epi ranvwaye akonplisman pwomès benediksyon yo. Anplis, kèk fi ki gen dezi pou rete manman aprentan ak responsab kay yo te resevwa gwo presyon pou vin travay aprentan. Deranjman sa yo se pou yon ti tan sèlman. Senyè a pwomèt ke nan letènite yo, li pa p refize okenn benediksyon pou pitit gason ak pitit fi li yo ki kenbe kòmandan yo, ki fidèl nan alyans yo, epi ki anvi fè bon bagay.

“Anpil nan pi gwo bagay ki manke nan mòtalite a pral anplas nan Milenyòm nan, ki se moman akonplisman tout sa ki poko fèt nan gran plan bonè a pou tout pitit diy Papa a. Nou konnen se pral konsa pou òdonans tanp yo. Mwen kwè li pral konsa tou pou relasyon ak eksperyans famiyal yo” (nan Conference Report, Oktòb 1993, 101; oubyen *Ensign*, Novanm 1993, 75).

Pou fè fas ak sikonstans espesyal kèk patisipan apa, li ka itil pou w li youn oubyen toulede deklarasyon yo nan “Materyèl pou resous anplis” nan paj 8.

Klas maryaj ak relasyon famiyal la prepare pou ede nou jwenn lajwa nan relasyon famiyal nou yo.

Envite yon patisipan pou li deklarasyon sa a fò:

Prezidan Harold B. Lee, 11zyèm prezidan legliz la, te di, “*Pati ki pi enpòtan nan travay Senyè a oumenm ak mwen fè se pral nan mitan kat miray pwòp kay nou*” (*Stand Ye in Holy Places*, 255).

- Nan ki fason mond lan t ap diferan si chak moun te viv dapre deklarasyon senp sa a?

Eksplike ke klas sa a te prapare pou ede nou fòtifye maryaj ak fanmi yo epi pou jwenn lajwa nan relasyon famiyal yo. Leson yo baze sou doktrin ak prensip ki anseye nan ekriti yo ak pa pwofèt dènye jou yo.

Fè remake ke nan chwazi pou patisipe nan klas sa a, manm yo te demontre yon dezi pou fòtifye fanmi yo. Gen twa bagay yo dwe fè pou resevwa tout benefis klas sa a:

1. Patisipe nan klas la.

Fè remake ke tout patisipan nan klas la ka aprann youn nan men lòt, dapre eksperyans yo nan maryaj oubyen leve pitit. Envite patisipan yo temwaye sou verite yo te diskite yo epi pataje eksperyans ki byen apwopriye ak leson yo.

2. Itilize *Gid Etid pou Patisipan Maryaj ak Relasyon Famiyal*.

Fè patisipan yo ouvè kopi *Gid Etid pou Patisipan Maryaj ak Relasyon Famiyal* pa yo. Fè remake ke pou chak leson, gid la genyen “Lide pou aplikasyon,” ki se sigjesyon pou ede patisipan yo aplike doktrin ak prensip yo te aprann yo. Anplis, chak leson mache avèk youn oubyen de atik Otorite Jeneral yo nan legliz la. Apre chak leson, patisipan yo ta dwe konplete omwen youn nan sigjesyon aktivite yo epi etidye atik yo ansanm. Koup marye yo kapab resevwa gwo benefis apati lèkti ak diskisyon atik yo ansanm.

Ale nan paj 3–7 nan gid etid la. Ankouraje patisipan yo repase doktrin ak prensip yo nan leson sa a nan (1) swiv omwen youn nan sigjesyon yo nan “Lide pou aplikasyon” epi (2) etidye atik “Pou kounyeya ak tout letènite,” pa Eldè Boyd K. Packer.

Ankouraje patisipan yo pote gid etid yo nan klas la pou chak leson.

3. Fè efò pou viv dapre doktrin ak prensip nan leson yo.

Ensiste ke li pa ase pou sèlman aprann levanjil la. Pou levanjil la ka efikas nan lavi nou, nou dwe viv sa nou aprann. Prezidan Harold B. Lee te deklare, “Nou pa janm reyèlman konnen anyen sou ansèyman yo nan levanjil la jistan nou fè eksperyans benediksyon ki soti nan viv chak prensip” (*Stand Ye in Holy Places*, 215).

Fwaye nou yo kapab tounen "yon pòsyon syèl la" lè nou bati sou gwo wòch Redanmtè nou an."

Ensiste ke nan mond jodia, fwaye a se youn nan andwa kote nou ka jwenn lapè. Apresa li deklarasyon sa a pa prezidan Thomas S. Monson nan Premye Prezidans la:

"Si nou reyèlman eseye, fwaye nou ka vin yon pòsyon syèl la isit sou tè a. Panse nou genyen yo, aksyon nou fè, lavi nou mennen enfliyanse non sèlman siksè nou nan vwayaj nan mòtalite a, yo trase wout la pou bi etènèl nou yo" (nan Conference Report, Oktòb 1988, 80–81; oubyen *Ensign*, Novanm 1988, 69).

- Nan ki fason fwaye nou ka vin "yon pòsyon syèl la"?

Aprè patisipan yo fin reponn kesyon sa a pataje konviksyon ou yo konsènan fason fwaye a ka yon pòsyon syèl la. Si sa apwopriye, pataje youn nan de eksperyans pèsonèl kòm yon pati nan temwayaj ou.

Pataje deklarasyon sa a pa Prezidan Spencer W. Kimball, 12zyèm prezidan legliz la:

"Anpil nan limitasyon sosyal ki te ede ranfòse lontan epi ki te sipòte fanmi an, ap fonn epi disparèt. Moman an ap rive sèlman lè moun ki kwè pwofondeman ak aktivman nan fanmi an ap ka prezève fanmi yo pandan mal la ap rasanble alantou nou" (nan Conference Report, Oktòb 1980, 3; oubyen *Ensign*, Novanm 1980, 4).

Li Elaman 5:12 avèk patisipan yo. Apresa, li deklarasyon sa a pa Eldè Joseph B. Wirthlin nan Kowòm Douz Apot yo:

"Si nou bati fwaye nou yo sou fondasyon gwo wòch Redanmtè a ak levanjil la, yo ka vin sanktyè kote fanmi yo an sekirite kont loraj dechennen lavi a" (nan Conference Report, Avril 1993, 88; oubyen *Ensign*, Me 1993, 71).

- Kisa sa vle di pou bati fwaye nou "sou fondasyon gwo wòch Redanmtè a"? Site kèk nan bagay espesifik fanmi yo pral fè si yo gen fwaye yo santre sou Kris la?

Ensiste ke klas sa a diskite prensip pou ede maryaj ak fanmi yo. Nou ta dwe aplike prensip sa yo, konsa nou ka vin pi pre Papa nou ki nan syèl la ak Jezikri nan fwaye nou yo. Nou pa dwe janm pèdi enterè nan Ekspyasyon enfini Sovè a, ki rann li posib pou nou rete avèk fanmi nou yo pou toutan.

Konklizyon

Eksprime antouzyas ou konsènan klas sa a, epi fè patisipan yo konnen kisa yo ka atann apati oumenm kòm enstriktè. Pa egzanp, ou ka asire yo ke w pral prepare tèt ou espiyèlman pou anseye epi ke w pral mache avèk yo nan aplike prensip nan chak lesan epi itilize *Gid Etid pou Patisipan Maryaj ak Relasyon Familyal la*. Ankouraje moun w ap anseye yo pou pran angajman pou patisipe nan klas la, itilize gid etid la, epi aplike doktrin ak prensip yo aprann yo.

Dapre jan Lespri a pouse w, temwaye sou gwo enpòtans fanmi a. Eksprime rekonnesans pou konesans ke fanmi w ka vin etènèl.

Deklarasyon pou fè fas ak bezwen moun ki pa nan sitiyaşyon famiyal tradisyonèl yo.

Pou fè fas ak sitiyaşyon patisipan yo ki pa nan lavi famiyal tradisyonèl yo, li youn oubyen de nan deklarasyon sa yo:

Prezidan Ezra Taft Benson, 13zyèm prezidan legliz la, te di sè selibatè yo nan legliz la: “Nou konsidere nou kòm yon pati vital nan prensipal kouran legliz la. Nou priye ke ensistans nou natirèlman plase sou fanmi yo pa pral fè nou santi mwen itil oubyen nesèsè pou Senyè a oubyen legliz li a. Lyen sakre yo kòm manm legliz la ale pi lwen pase kondisyon matrimonyal, laj, oubyen sitiyaşyon aktyèl. Valè pèsònèl nou kòm pitit fi Bondye sipase tout bagay “ (“To the Single Adult Sisters of the Church,” *Ensign*, Novanm 1988, 96).

Prezidan Joseph Fielding Smith, 10zyèm prezidan legliz la, te anseye: “Si yon gason oubyen yon fi ki te sele nan tanp la pou kounyeya ak pou letènite ta peche epi pèdi dwa pou resevwa egzaltasyon nan wayòm selès la, li pa kapab retade pwogrè konpayon viktim ki te rete fidèl la. Chak moun pral jije dapre [pwòp] zèv yo, epi pa t ap gen okenn jistis nan kondane yon inosan pou peche koupab la” (*Doctrines of Salvation*, konpilasyon Bruce R. McConkie, 3 volim [1954–56], 2:177).

Bi Pou ede koup marye yo vin pi ini epi ede manm selibatè yo prepare pou jwi inite nan maryaj.

Preparasyon

1. Lè w ap prepare tèt ou pou anseye, chèche fason pou suiv prensip yo nan “Responsablite w yo kòm Enstriktè” (paj ix–xi nan manyèl sa).
2. Li tit ki fonse yo nan leson an. Tit sa yo bay yon rezime sou doktrin ak prensip nan leson an. Kòm pati nan preparasyon ou, medite sou fason pou ede patisipan yo aplike doktrin ak prensip sa yo. Chèche gidans Lespri a nan deside sou kisa w ta dwe ensiste sou li pou satisfè bezwen patisipan yo.
3. Si liv Resous pou Sware Familyal la (31106) disponib, etidye “Reyalize inyon nan Maryaj” nan paj 239–40. Anvizaje itilize atik sa a pandan leson an.
4. Pote yon fèy papye ak yon plim oubyen kreyon pou chak patisipan.

**Sigjesyon pou
Devlopman
Leson an**

Senyè a te kòmande mari ak madanm pou fè youn.

Pou kòmanse leson an, ekri sou tablo a $1+1=1$.

- Kijan sa dekri relasyon maryaj la?

Aprè patisipan yo fin diskite kesyon sa a, li Jenèz 2:24 avèk yo. Ensiste sou kòmandman Bondye te bay pou mari ak madanm yo fè youn.

- Kisa sa vle di pou yon mari ak madanm fè youn?

Fè patisipan yo li deklarasyon sa a pa Eldè Henry B. Eyring nan Kowòm Douz Apot yo (paj 8 nan *Gid Etid pou Patisipan Maryaj ak Relasyon Familyal*):

“Nan kreyasyon gason ak fi, yo pa t resevwa inite nan maryaj yo kòm yon esperans; sete yon kòmandman! ‘Sepoutèt sa, gason an ap kite papa li ak manmanm li, epi pral soude avèk madanm li: epi yo pral tounen yon sèl chè’ (Jenèz 2:24). Papa nou ki nan syèl la vle kè nou mare ansanm. Inyon sa a nan lanmou pa sèlman yon ideyal. Se yon nesosite” (nan Conference Report, Avril 1998, 85; oubyen *Ensign*, Me 1998, 66).

Eksplike ke leson sa a diskite plizyè fason kote mari ak madanm yo ka rete ini.

Mari ak madanm dwe bay yonn lòt valè kòm asosye egal.

Eksplike ke yon prensip enpòtan sou inite nan maryaj sèke mari ak madanm yo bay youn lòt valè kòm asosye egal. Pandan li t ap sèvi kòm konseye nan Premye Prezidan la, Prezidan Gordon B. Hinckley te di:

“Maryaj nan pi bon sans li, se yon relasyon patnè egal, san egzèsis dominasyon sou lòt la, men, okontrè, avèk youn ankouraje epi asiste lòt la nan kelkeswa responsablite ak aspirasyon youn ta ka genyen” (“I Believe,” *Ensign*, Out 1992, 6).

- Poukisa mari ak madanm yo dwe bay youn lòt valè kòm asosye egal pou yo vin youn?
- Site kèk atitud oubyen abitud ki anpeche mari ak madanm yo rete asosye egal nan maryaj yo? Kisa mari ak madanm yo kapab fè pou simonte kalte defi sa yo?

Eldè Boyd K. Packer nan Kowòm Douz Apot yo te anseye:

“Sa pa te vle di pou fi a poukont li konfòme tèt li ak devwa mari ak pitit gason li yo nan prèttriz la. Asireman li dwe soutni epi sipòte ak ankouraje yo.

“Detantè prèttriz yo, an retou, dwe konfòme tèt yo ak bezwen ak responsablite madanm ak manman an. Byennèt fizik ak emosyonèl epi entèlèktyèl ak kiltirèl epi devlopman espiyèl li dwe kanpe an premye pami devwa prèttriz [yo].

“Pa genyen okenn tach, menm senp, an rapò ak swen pou bebe yo, nouriti timoun yo, oubyen ak travay nan kay la ki se pa obligasyon egal pou [gason an]” (“A Tribute to Women,” *Ensign*, Jiyè 1989, 75).

Eldè Richard G. Scott nan Kowòm Douz Apot yo te konseye detantè prèttriz yo: “Antanke youn mari ak detantè diy prèttriz la, nou pral anvii imite egzanp Sovè a, nou kenbe prèttriz li a. Nou pral fè kado tèt pa nou pou madanm ak timoun yo tounen pwenti ki pi enpòtan nan lavi nou. Pafwa youn gason tante pou li kontwole destine chak manm fanmi an. Li pran tout desizyon yo. Madanm li viktim tou kapris pèsonèl li yo. Kit sa se youn koutim ou pa, li pa san konsekans. Sa se pa fason Senyè a. Se pa fason youn mari sen dènye jou trete madanm ni ak fanmi li” (nan Conference Report, Avril 1999, 32; oubyen *Ensign*, Me 1999, 26)

- Site kèk bagay mari ak madanm yo fè lè yo bay youn lòt valè kòm patnè egal? (Anvizaje pou rezime repons patisipan yo sou tablo a. Dapre bezwen yo, pataje lide ki site pi ba yo epi envite patisipan yo pataje eksperyans ki an rapò ak lide sa yo.)
 - a. Yo pataje responsablite pou asire ke fanmi priye ansanm, kondui sware famiyal, ak etid ekriti yo ansanm.
 - b. Yo travay ansanm nan planifye kijan pou itilize lajan fanmi an.
 - c. Yo konsilte ansanm epi jwenn youn akò sou règleman pou kay la ak kijan pou disipline pitit yo. Timoun yo wè ke paran yo ini nan kalte desizyon sa yo.
 - d. Yo planifye aktivite famiyal yo ansanm.
 - e. Yo toulede ede nan responsablite travay nan kay yo.
 - f. Yo ale legliz ansanm.

Mari ak madanm ta dwe pèmèt karakteristik ak kapasite endividyèl yo yonn konplete pa lòt.

Li 1 Korentyen 11:11 avèk patisipan yo. Apresa pataje deklarasyon sa a pa Eldè Richard G. Scott:

Nan plan Senyè a, dwe genyen de—youn gason ak youn fi —pou fòme youn ansanm konplè . . . Pou pi gran bonè ak pwodiktivite nan lavi a, ni mari ni madanm nesèsè.

Efò yo konekte ansanm epi yo konplemantè. Chak genyen kalite pèsonèl ki pi byen mache ak wòl Seyè a te defini pou bonè kòm yon gason oubyen fi. Lè yo sèvi jan Seyè a te planifye, kapasite sa yo pèmèt yon koup marye reflechi, aji, epi rejwi tankou youn—pou fè fas ak defi yo ansanm epi simonte yo tankou youn, pou grandi nan lanmou ak konpreyansyon, epi rete mare ansanm tankou yon ansanm konplè atravè òdonans tanp yo, etènèlman. Sa se plan an” (nan Conference Report, Oktòb 1996, 101; oubyen *Ensign*, Novanm 1996, 73–74).

Pou demontre prensip Eldè Scott te anseye a, fè egzèsis sa a:

Bay chak patisipan yon fèy papye ak yon plim oubyen kreyon. Mande chak patisipan ki marye pou drese lis kèk nan karakteristik ak kapasite li yo epi kèk nan karakteristik ak kapasite konjwen li. Mande chak patisipan ki selibatè panse sou yon koup marye epi drese lis kèk karakteristik ak kapasite madanm ak mari a. Apre patisipan yo fin pran kèk minit pou ekri, poze kesyon sa yo:

- Nan ki fason karakteristik ak kapasite ke nou te site yo ede koup marye yo rete ini? (Mande patisipan yo pou pataje egzanzp espesifik.)
- Nan ki fason nou te wè diferans ant mari ak madanm vin tounen pwen fò nan relasyon yo?

Li deklarasyon sa a pa Sè Marjorie P. Hinckley, madanm prezidan Gordon B. Hinckley, konsènan premye ane maryaj li:

“Nou youn te renmen lòt; pa t genyen okenn dout konsènan sa, men nou youn te oblije vin abitye ak lòt. Mwen panse chak koup dwe vin abitye youn ak lòt. Byen bonè mwen te reyalize ke li t ap pi bon si nou te travay di pou vin abitye youn ak lòt olye nou youn eseye san rete chanje lòt” (*Church News*, 26 Sept. 1998, 4).

- Nan ki fason rezilta yo ka diferan lè koup yo eseye “vin abitye youn ak lòt” olye san rete youn eseye chanje lòt”?

Mari ak madanm dwe lwayal youn anvè lòt.

Pataje konsèy sa a pa prezidan Gordon B. Hinckley, 15zyèm prezidan legliz la:

“Deside ke pap janm gen anyen ki ap vini nan mitan nou ki ka kontrarye maryaj nou. Travay sou sa. Pran desizyon pou travay sou sa. Reyèlman gen twòp divòs, kote pafwa kè yo brize epi lavi yo detwi. Rete solidman lwayal youn anvè lòt” (“Life’s Obligations,” *Ensign*, Fevrye 1999, 2, 4).

- Kisa mo *lwayal* la vle di pou nou? (Ka gen repons tankou fidèl, vrè, ak merite konfyans nan relasyon an.)

Eksplike ke Senyè a te mete aksan sou nesesite pou mari ak madanm yo rete lwayal youn anvè lòt. Li Doktrin ak Alyans 42:22 avèk patisipan yo. Fè remake ke kòmandman sa a aplike menmjan pou mari yo ak pou madanm yo.

- Kisa sa vle di pou rete soude ak mari oubyen madanm epi pèsonn lòt?

Prezidan Spencer W. Kimball, 12yèm Prezidan legliz la, te anseye: “Mo *pèsonn lòt* la elimine tout moun epi tout bagay. Lè sa a, konjwen an vin tounen tòp la nan lavi mari oubyen madanm li, epi ni lavi sosyal li, lavi travay li, ni lavi politik li oubyen nenpòt lòt enterè oubyen moun, ni anyen pa p pran premye plas sou asosyasyon ak konjwen an” (*Faith Precedes the Miracle* [1972], 143).

- Kijan yon moun kapab kenbe angajman sosyal, travay, ak legliz la san melanje ak lwayote pou konjwen li?
- Site kèk fason espesifik kote koup yo ka montre lwayote youn pou lòt? (Si patisipan yo genyen difikilte pou reponn kesyon sa a, pataje kèk egzanp tankou sa yo ki site pi ba a.)
 - a. Yon mari ka replanifye travay, rekreyasyon oubyen lòt randevou pou selebre anivèsè nesans madanm li.
 - b. Yon madanm kapab priye chak jou pou siksè mari li nan aktivite l yo.
 - c. Yo yonn kapab koute lòt, menmsi nan moman an li pa apwopriye.
 - d. Yo kapab pale avèk lanmou ak respè youn konsènan lòt nan konvèsasyon avèk manm fanmi ak zanmi yo.

Konklizyon.

Mete aksan sou Senyè a ak pwofèt yo ki te kòmande mari ak madanm yo rete ini nan lanmou ak travay ansanm kòm asosye egal. Mari ak madanm kapab montre lwayote youn pou lòt chak jou atravè panse, pawòl ak aksyon yo.

Dapre pouse lespri a, temwaye sou verite yo ki diskite pandan leson an.

Ale nan paj 8–11 nan *Gid Etid pou Patisipan Maryaj ak Relasyon Familyal*. Ankouraje patisipan yo repase doktrin ak prensip nan leson an nan (1) suiv omwen youn nan sigjesyon yo nan “Lide pou Aplikasyon” epi (2) li atik “Pou nou ka Vin Youn,” pa Eldè Henry B. Eyring. Fè remake ke koup marye yo kapab resevwa gwo benefis apati lekti ak diskisyon sou atik nan gid etid yo a ansanm.

Raple patisipan yo pou pote gid etid yo nan klas pou pwochen leson an.

KILTIVE LANMOU AK AMITYE NAN MARYAJ

LESON 3

Bi Pou ede patisipan yo pi byen konprann prensip lanmou an epi ankouraje sila yo ki marye yo kiltive lanmou nan maryaj yo.

Preparasyon

1. Anvizaje fason ou kapab aplike prensip yo nan “Responsablite ou kòm Enstriktè” (paj ix–xi nan manyèl sa).
2. Medite sou doktrin ak prensip ki ekspoze nan tit ki fonsè yo nan leson an. Pandan semèn nan, reflechi sou fason pou anseye doktrin ak prensip sa yo. Chèche gidans Lespri a nan deside sou kisa w ta dwe ensiste sou li pou satisfè bezwen patisipan yo.
3. Si atik sa yo disponib, prepare pou itilize yo kòm pati nan leson an:
 - a. Youn oubyen plizyè foto maryaj. Pa egzanp, ou ta ka ekspoze foto yon jèn koup k ap ale nan tanp la (62559; Pake Imaj Levanjil yo 609) oubyen ou ta ka pote foto maryaj ou epi mande patisipan yo pote pwòp foto maryaj pa yo.
 - b. Yon flè oubyen foto yon flè.

**Sigjesyon pou
Devlòpman
Leson an**

Mari ak madanm bezwen kiltive lanmou yo youn pou lòt.

Ekspoze youn oubyen plizyè foto maryaj (gade “Preparasyon,” atik 3a). Fè kòmantè sou lanmou mari ak madanm yo santi youn pou lòt lè yo te fèk marye.

Ekspoze yon flè oubyen yon foto flè (gade “Preparasyon,” atik 3b). Apresa, fè yon patisipan li deklarasyon sa a pa prezidan Spencer W. Kimball, 12zyèm prezidan legliz la (paj 14 nan Gid Etid pou Patisipan Maryaj ak Relasyon Familyal):

“Lanmou se tankou yon flè, epi, tankou kò a, li bezwen nouriti tout tan. Kò mòtèl la t ap vin deperi epi mouri si li pa t nouriti tanzantan. Bèl flè yo t ap seche epi mouri san dlo ak nouriti. Epi menmjan tou, lanmou pa ka atann pou li dire pou tout tan sof si li kontinyèlman nouriti avèk ti moso lanmou, manifestasyon estim ak admirasyon, ekspresyon rekonesans, ak konsiderasyon san egoyis” (“Inite nan Maryaj,” *Ensign*, Mas 1977, 5).

Eksplike ke leson sa a pale sou fason pou mari ak madanm yo kapab nouriti lanmou yo youn pou lòt pou li ka kontinye grandi.

Demonstrasyon afeksyon ak jantiyès kenbe lanmou ak amitye vivan nan maryaj.

Mande patisipan ki marye yo pou yo reflechi sou epòk lè yo te jèn marye. Envite yo pale konsènan kèk bagay yo te fè pou konjwen yo nan moman sa a nan lavi yo.

- Poukisa kalite aksyon konsa nesesè nan tout maryaj la?

Eksplike ke yon mari ak yon madanm dwe kontinye koutize youn lòt epi nourri amitye yo nan tout lavi yo. Lè yo fè sa, y ap wè lanmou yo youn pou lòt grandi vin pi fò.

Eldè Marlin K. Jensen nan Swasanndis yo te remake: “Amitye se . . . yon pati vital ak mèveye nan koutize ak nan maryaj. Yon asosyasyon ant yon gason ak yon fi ka kòmanse avèk amitye epi apresya devlope tounen womans epi finalman maryaj ap tounen yon amitye dirab, etènèl. Nan mond lan jodia kote maryaj fonn fasilman, anyen pa pi enspiran pase yon mari ak yon madanm ki jantiman ap pran plezi epi rejwi nan amitye youn pou lòt ane apre ane pandan y ap fè eksperyans benediksyon ak eprèy yo nan mòtalite a ansanm” (nan Conference Report, Avril 1999, 81; oubyen *Ensign*, Me 1999, 64).

Pandan l t ap sèvi nan Swasanndis yo, Eldè James E. Faust te di ke yonn nan rezon divòs ki mwen evidan men pi enpòtan se “absans amelyorasyon san rete nan maryaj la, . . . absans yon ti bagay anplis ki fè li presye, espesyal, ak mèveye, menm lè li rèd, difisil, ak monotòn.” Li te konseye: “Nan amelyore yon maryaj bagay pi enpòtan yo se sa ki parèt tou piti yo. Se apresyasyon san rete yonn pou lòt ak demonstrasyon sansib rekonesans. Se ankouraje ak ede yonn lòt pou grandi. Maryaj se yon efò ansanm pou sa ki bon, bèl, epi diven” (nan Conference Report, Oktòb 1977, 13–14; oubyen *Ensign*, Novanm 1977, 10–11).

- Site kèk “ti bagay piti” ki kapab kenbe lanmou ak amitye vivan nan maryaj? (Anvizaje ekri repons patisipan yo sou tablo a.) Ki eksperyans oubyen egzanzp ou kapab pataje ki montre enpòtans pou pèmèt lanmou kontinye grandi nan fason sa yo?

Yon fi, ki marye pandan plis pase 35 ane, te di: “Mwen renmen lè mari m toujou pote ti sipriz pou mwen apre li te absan pou yon apremidi oubyen yon wikenn. Li pa t bezwen yon gwo bagay, jis yon ti bonbon oubyen yon flè li te pote soti nan reyinyon an. Mwen espesyalman renmen lè li rele m nan travay nan mitan jounen an jis pou mande kijan jounen an ye oubyen pou pataje kèk moso nou- vèl enteresan. Ti bagay piti sa yo ede mwen santi li renmen m epi ban m valè.”

Fè remake ke mari ak madanm yo bezwen planifye tan pou yo ansanm pou kont yo. Fè patisipan yo li konsèy sa a pa Eldè Joe J. Christensen nan Swasanndis yo (paj 19 nan *Gid Etid pou Patrisipan nan Maryaj ak relasyon familyal yo*):

“Kontinye koutize youn lòt san rete. Planifye moman pou nou fè aktivite ansanm—jis nou de a. Menmjan li enpòtan pou nou avèk timoun yo kòm yon fanmi, nou bezwen tan regilyèman chak semèn pou kont nou ansanm. Aranjman sa a pral pèmèt timoun yo konnenn ke nou santi maryaj nou tèlman enpòtan ke nou dwe nourri li. Sa mande angajman, planifikasyon, ak aranjman” (nan Conference Report, Avril 1995, 86; oubyen *Ensign*, Me 1995, 65).

- Kisa ki kapab vin rive mari ak madanm ki pran tan pou yo fè aktivite ansanm? Kijan koup marye yo kapab jwenn tan pou kontinye koutize youn lòt san rete?

Bonjan entimite se yon demonstrasyon lanmou.

Eksplike ke Senyè a apwouve bonjan demonstrasyon entimite fizik nan maryaj. Sa pote gwo benediksyon pou yon koup marye, nan ede yo ini nanm yo epi fòti- fyè lanmou youn pou lòt. Anvizaje pataje kèk oubyen tout deklarasyon sa yo:

Eldè Richard G. Scott nan Kowòm Douz Apot yo te eksplike rezondèt entimite fizik nan maryaj: “Andedan alyans maryaj etènèl la, Senyè a pèmèt mari ak madanm itilize pouvwa sakre pou fè pitit la avèk tout atirans ak bote l yo nan limit li te tabli yo. Youn nan rezondèt eksperyans prive, sakre, entim sa a se pou founi kò fizik pou espri yo. Papa nou ki nan syèl la vle vin fè eksperyans mòtalite a. Yon lòt rezon pou bèl sansasyon pisan lanmou sa yo se pou lye mari ak madanm ansanm nan lwayote, nan fidelite, nan konsiderasyon youn pou lòt, ak nan menm bi” (nan Conference Report, Oktòb 1994, 50; oubyen *Ensign*, Novanm 1994, 38).

Eldè Dallin H. Oaks nan Kowòm Douz Apot yo te anseye: “Pouvwa pou kreye lavi nan mòtalite a se pi gwo pouvwa Bondye te bay pitit li yo. Nan premye kòmandman [Adan ak Ev te resevwa] yo te jwenn lòd pou itilize li, men te gen yon lòt kòmandman ki te bay pou anpeche itilize yo mal. Ensistans nou mete sou lwa chastete a eksplike pa konpreyansyon sou rezondèt pouvwa pou fè pitit nou nan akonplisman plan Bondye a. Bondye pran plezi lè nou itilize pouvwa n pou fè pitit, men li te kòmande nou pou nou limite l andedan relasyon maryaj la sèlman” (nan Conference Report, Oktòb 1993, 99; oubyen *Ensign*, Novanm 1993, 74).

Prezidan Spencer W. Kimball te anseye: “Nan kontèks maryaj legal, relasyon seksyèl entim yo kòrèk epi divinman apwouve. Pa gen anyen ki enpi oubyen degradan konsènan seksyalite an limenm, paske pa mwayen sa yo gason ak fi yo ini nan yon pwosesis kreyasyon epi nan yon manifestayon lanmou” (*The Teachings of Spencer W. Kimball*, edite pa Edward L. Kimball [1982], 311).

Eldè Jeffrey R. Holland nan Kowòm Douz Apot yo te anseye: “Entimite kay lòm rezève pou yon koup marye paske li se pi gwo senbòl inyon total, yon totalite ak yon inyon Bondye òdone epi defini. Depi apati Jaden Edèn nan, maryaj te planifye pou vle di fizyon konplè yon gason ak yon fi—kè yo, espwa, lavi, lanmou, lavni, tout bagay. Adan te di ke Ev sete zo ak vyann kò pa li epi yo te dwe vin yon sèl chè’ nan tout lavi yo ansanm [gade Jenèz 2:23–24]. Se yon inyon tèlman konplè ke nou itilize mo *sele* pou tradui pwomès etènèl li. Pwofèt Joseph Smith yon fwa te di nou petèt ta ka antre nan yon lyen sakre anpil si nou ‘soude’ youn ak lòt [gade D&A 128:18]” (nan Conference Report, Oktòb 1998, 100; oubyen *Ensign*, Novanm 1998, 76).

Prezidan Howard W. Hunter, 14zyèm prezidan legliz la, te konseye ke menm andedan relasyon maryaj, nou ta dwe evite mal itilize pouvwa pou fè pitit la: “Jantiyès ak respè—egoyis jamè—dwe prensip pou gide nan relasyon entim ant mari ak madanm. Chak asosye dwe gen konsiderasyon epi sansib pou bezwen ak dezi lòt la. Nenpòt konpòtman, dominasyon, endesan, oubyen san kontwòl nan relasyon entim ant mari ak madanm anba kondansyon Senyè a” (nan Conference Report, Oktòb 1994, 68; oubyen *Ensign*, Novanm 1994, 51).

Li Egzòd 20:14, 17 avèk patisipan yo. Apresa pataje deklarasyon sa a pa prezidan Gordon B. Hinckley, 15zyèm prezidan legliz la:

“Nou kwè nan chastete anvan maryaj ak fidelite total apre maryaj. Youn ajoute sou lòt. Sa a se wout pou bonè nan lavi. Sa a se wout pou satisfaksyon. Li pote lapè nan kè ak lapè nan fwaye” (nan Conference Report, Oktòb 1996, 68; oubyen *Ensign*, Novanm 1996, 49).

Metè aksan sou nesesite pou mari ak madanm pa fè anyen ki menm sanble enfidelite. Pa egzanp, yo dwe toujou kenbe limit fizik ak emosyonèl apwopriye ant yo menm avèk kòlèg travay sèks opoze yo.

- Poukisa fidelite konplè nan relasyon maryaj vital anpil?
- Kijan gade bagay lèd oubyen pòno se yon trayizon pou konfyans nan maryaj? Nan ki fason pachat avèk yon moun sèks opoze atake yon maryaj?

Pataje youn oubyen toulede deklarasyon sa a yo:

Prezidan Howard W. Hunter te bay yon avi: “Rete fidèl nan alyans maryaj nou yo nan panse, pawòl, epi aksyon. Pòno, pachat, ak vye foli detwi moun moralman epi kwape fondasyon yon maryaj ki gen bonè. Se konsa inite ak konfyans nan yon maryaj detwi” (nan Conference Report, Oktòb 1994, 67; oubyen *Ensign*, Novanm 1994, 50).

Prezidan Ezra Taft Benson, 13zyèm prezidan legliz la, te konseye: “*Si w marye, evite tout kalite pachat. . . . Sa ki ka sanble ti pwovokasyon san danje oubyen sèlman yon ti amizman avèk yon moun sèks opoze kapab fasilman mennen nan koneksyon ki pi serye epi finalman enfidelite. Yon bon kesyon pou poze tèt ou se: Eske konjwen m t ap kontan si li ta konnen m ap fè sa? Eske madanm mwen t ap kontan pou konnen ke mari li al manje avèk sekretè li? Eske yon mari t ap kontan si li ta wè madanm li ap nan pachat oubyen kole ak yon lòt gason? Frè ak sè byenneme mwen yo, se sa Pòl te vle di lè li te di: ‘Kanke lwen tout aparans mal’ (1 Tesalonisyen 5:22)” (“The Law of Chastity,” nan *Brigham Young University 1987–88 Devotional and Fireside Speeches* [1988], 52).*

Koup marye yo ta dwe fè efò pou genyen charite, bonjan lanmou Kris la.

- Li Jan 13:34–35 ak efezyen 5:25 avèk patisipan yo. Kisa pasaj sa yo anseye konsènan fason mari ak madanm yo ta dwe trete youn lòt?

Ensiste ke malgre relasyon fizik enpòtan nan yon koup marye, se pa sa ki pi enpòtan aspè nan lanmou yo. Pataje deklarasyon sa a pa prezidan Spencer W. Kimball:

“[Lanmou nan marayaj] pwofon, konplè, total. Se pa tankou asosyasyon sa a nan mond lan ke yo bay pote non lanmou, men ki se jeneralman atirans fizik. Lè maryaj la baze sou sa sèlman, de pati yo fatige byen vit youn ak lòt. . . . Lanmou Senyè a pale a, se pa sèlman atirans fizik, men atirans espiritiyèl tou. Se lafwa ak konfyans, epi konpreyansyon, youn pou lòt. Se yon relasyon patnè total. Se yon asosyasyon avèk menm ideyal ak prensip. Li san egoyis epi se sakrifis youn pou lòt. Se panse ak aksyon pwòp epi lafwa nan bondye ak pwogram li. Li se vin paran nan mòtalite a pou avanse fèm nan direksyon divinite ak pouvwa kreyasyon, ak vin paran espri. Li laj anpil, entegre tout bagay, epi san limit. Kalte lanmou sa a pa janm fatige ni diminye. Li kontinye atravè maladi ak tristès, atravè pwosperite ak mankman, atravè siksè ak desepsyon, atravè tan ak letènite” (*Faith Precedes the Miracle* [1972], 130–31).

Eksplike ke lanmou prezidan Kimball te pale a se charite, ki se vrè lanmou Kris la. Li Mowoni 7:45–48 avèk patisipan yo. Mande patisipan yo pou idantifye karakteristik sou charite pandan y ap li a. ekri karakteristik sa yo sou tablo a jan li montre pi ba a:

Charite

Soufri ak pasyans.
 Li janti.
 Pa gen anvi.
 Pa anfle (ògèy).
 Pa chèche pou limenm.
 Pa pran nan pwovokasyon fasil.
 Pa panse okenn mal.
 Pa rejwi nan inikite men rejwi nan verite.
 Sipòte tout bagay.
 Kwè tout bagay.
 Espere tout bagay.
 Andire tout bagay.
 Pa janm peri.
 Pi gran pase tout bagay.
 Se vrè lanmou Kris la.
 Andire pou tout tan.

Fè remake ke, apa angajman pou renmen Papa nou ki nan syèl la ak Jezikri epi vin jwenn yo, angajman maryaj la—espesyalman maryaj etènèl—se angajman ki pi enpòtan nou ka janm pran. Mari ak madanm yo dwe kontinye devlope charite youn pou lòt.

Pou ede patisipan yo aplike prensip sa a, dirije atansyon yo sou sa ou te ekri sou tablo a ki karakterize charite. Envite yo diskite fason kote karakteristik espesifik charite yo tankou “pa chèche pou tèt pa li” oubyen “pa janm fayi,” ka ekspri nan yon relasyon maryaj. Mande yo pataje egzanp yo te wè sou kèk nan karakteristik sa yo.

Konklizyon

Ensiste sou devwa mari ak madanm yo pou kiltive lanmou ak amitye yo. Yo bezwen kenbe lanmou yo vivan nan fè ti bagay senp ki montre afeksyon ak janti-yès. Yo ta dwe sansib pou bezwen espiyèl, fizik, ak emosyonèl youn lòt pandan y ap pataje lajwa ak fason lavi a ansanm. Yo dwe pran rezolisyon pou pa janm fè anyen pou detwi lanmou ki esansyèl nan yon relasyon maryaj. Epi yo ta dwe “priye Papa a avèk tout enèji kè yo, pou yo ka ranpli avèk [charite]” (Mowoni 7:48). Lè yo asosye yo nan yon maryaj, kontinye genyen yon angajman total youn pou lòt, lanmou yo youn pou lòt pral grandi ane aprè ane. Yo pral reyalize ke y ap devlope lanmou ki reyèlman tankou pa Kris la.

Ale nan paj 12–15 nan *Gid etid pou patisipan Maryaj ak relasyon famiyal la*. Ankouraje patisipan yo repase doktrin ak prensip nan lesan an, nan (1) suiv omwen youn nan sigjesyon yo nan “Lide pou Aplikasyon” epi (2) li atik “Inite nan Maryaj,” pa prezidan Spencer W. Kimball. Fè remake ke koup marye yo kapab resevwa gwo benefis apati lekti ak diskisyon sou atik nan gid etid yo a ansanm.

Bi Pou ede patisipan yo aprann ke mari ak madanm yo dwe travay ansanm pou fè fas avèk pwoblèm yo epi yo kapab chwazi pou reponn avèk pasyans ak lanmou nan plas fristrasyon oubyen kòlè.

Preparasyon

1. Repase prensip yo sou “Responsablite w yo kòm Enstriktè” (paj ix–xi nan manyèl sa a). Chèche fason pou aplike prensip sa yo nan preparasyon ou pou anseye.
2. Li tit nan leson an ki fonsè yo, ki dekri doktrin ak prensip yo nan leson an. Kòm pati nan preparasyon ou, medite sou doktrin ak prensip yo pandan semèn nan, chèche gidans lespri a pou deside sou kisa w ta dwe ensiste pou satisfè bezwen patisipan yo.
3. Etidye pasaj ekriti yo nan paj 19 konsa nou pral pare pou dirije yon diskisyon konsènan yo.
4. Si Liv Resous *Sware Familyal* (31106) disponib, etidye “Rezoud Konfli yo nan Maryaj” nan paj 240–41. Anvizaje ale nan atik sa a pandan leson an.

**Sigjesyon pou
Devlòpman
Leson an**

Tout koup marye ap rankontre difikilte

Pataje istwa sa a Eldè Elder Bruce C. Hafen nan Swasanndis yo te rakonte:

“[Yon] lamarye te pouse yon gwo soupi soulajman nan jou maryaj li, ‘Manmi, mwen rive nan bout tout pwoblèm mwen yo!’ Manman li te reponn, ‘Wi, Men nan ki bout?’ (nan Conference Report, Oktòb 1996, 34; oubyen *Ensign*, Novanm 1996, 26).

- Site kèk pwoblèm oubyen difikilte ki kapab vin jwenn yon koup marye? (Anvizaje ekri repons patisipan yo sou tablo a. Repons yo ka enkli sila yo ki ekri pi ba a.)

- | | |
|--|---|
| <ul style="list-style-type: none"> a. Dezakò b. Egoyis c. Move santiman d. Pwoblèm sante e. Absans pitit f. Vyeyès g. Manm fanmi avèk andikap | <ul style="list-style-type: none"> h. Eseye akonpli kèk bagay lè tout timoun yo fin kite kay la. i. Lanmò moun nou renmen j. Pwoblèm finansye k. Timoun dezobeyisan l. Katastwòf natirèl |
|--|---|

Fè remake ke kèk difikilte vini kòm rezilta difikilte nan relasyon maryaj la. Gen lòt ki vini kòm yon pati natirèl nan lavi a.

Mari ak madanm kapab travèse nenpòt difikilte si yo wè maryaj la kòm yon relasyon alyans.

Eksplike ke koup marye yo pral reponn ak difikilte yo nan fason diferan tou selon kijan yo konsidere relasyon maryaj yo. Ekri sou tablo a mo *kontra* ak *alyans*.

Eksplike ke yon kontra se yon akò ekri ant de moun oubyen gwoup moun. Lwa nan peyi a ka ranfòse li. Yon alyans sanble ak yon kontra men li pi pwofon. Mo alyans la pafwa fè referans ak yon akò ant de moun, men nan kontèks levanjil la, li fè referans ak yon akò ant nou menm ak Senyè a. Nan yon alyans, Senyè a tabli kondisyon yo epi nou pwomèt pou nou kenbe yo. Lè nou kenbe pwomès nou yo, Senyè a angaje pou akonpli pwomès li yo (gade D&A 82:10).

Fè remake ke anpil moun nan sosyete jodia wè maryaj kòm yon bagay ki pa anyen anyen plis pase yon kontra. Mande patisipan yo pou reflechi konsènan kesyon sa yo san bay repons fò:

- Lè pwoblèm yo vini nan yon maryaj, kisa mari ak madanm nan ta ka fè si yo konsidere asosyasyon yo a kòm yon kontra? Kisa yo pral fè si yo konsidere asosyasyon yo a kòm yon alyans?

Eldè Bruce C. Hafen nan Swasann-dis yo te remake: “Lè pwoblèm yo vini, pati konsène yo nan yon maryaj *pa kontra* a chèche bonè nan separasyon. Yo marye pou yo jwenn avantaj epi y ap rete sèlman toutotan y ap resevwa sa yo te negosye pou li a. Men lè pwoblèm yo vini nan yon maryaj *pa alyans*, mari ak madanm travèse yo. . . . Konpayon sou *kontra* yo chak bay 50 pousan; konpayon anba alyans yo bay 100 pousan yo chak. Maryaj pa nati se yon alyans, se pa yon senp kontra prive yon moun ka anile jan l vle” (nan Conference Report, Oktòb 1996, 34; oubyen *Ensign*, Novanm 1996, 26).

Lè difikilte yo parèt, nou kapab reponn avèk pasyans ak lanmou nan plas fristrasyon oubyen kòlè.

Fè remake ke malgre mari ak madanm yo pa kapab evite kèk difikilte, yo kapab chwazi kijan pou yo reponn ak difikilte yo. Eldè Lynn G. Robbins nan Swasann-dis yo te eksplike: “Okenn moun pa fè nou fache. Lòt moun pa fè nou fè kòlè. Pa gen okenn fòs ki enplike. Vin an kòlè se yon chwa konsyan, yon desizyon; se poutèt sa, nou kapab chwazi pa vin an kòlè. *Nou chwazi!*” (nan Conference Report, Avril 1998, 105; oubyen *Ensign*, Me 1998, 80).

Ensiste ke Papa nou ki nan syèl la te ba nou libabit—pouvwa pou chwazi epi aji pou nou menm. Nou kapab egzès libabit nou nan chwazi rete pasyan ak chaman lè difikilte yo vini.

Fè patisipan yo, youn apre lòt, li ekriti sa yo fò. Pandan y ap li, ankouraje yo diskite fason ekriti sa yo kapab aplike pou mari ak madanm yo, lè yo reponn ak difikilte yo, nan maryaj ak lavi a chak jou.

Mozya 18:21

1 Jan 4:18

1 Pyè 4:8 (gade tradiksyon Joseph Smith nan nòt anba paj 8a)

Jan 13:34–35

Jan 16:33

2 Nefi 31:20

Doktrin ak Alyans 24:8

Alma 38:12

3 Nefi 11:29–30

Jak 1:19–20

Mozya 3:19

- Lè nou santi n ap vin fristre oubyen an kòlè, kisa nou kapab fè pou simonte santiman sa yo? (Repons yo ka enkli sila yo ki site pi ba a.)
 - a. Retire tèt nou nan sitiwayon an jistan nou kalme.
 - b. Priye pou èd ak gidans.
 - c. Nan yon dezakò, pran tan pou anvizaje rezon ak santiman lòt moun nan.
 - d. Chèche èd kote dirijan lokal legliz la, si nesèsè, konseye pwofesyonèl ki gen vizyon ak pratik ki an akò avèk ansèyman legliz la.

Pou demontre ke mari ak madanm yo kapab chwazi kijan yo reponn ak defi yo, li istwa sa a. Eksplike ke se yon egzanp sou ti defi chak jou yo ki kapab rive nan yon maryaj.

“Sete nan youn nan jou sa yo. Kèlkeswa vitès li ta ka mete nan jounen an, Della pa t kapab fè anyen devan egzijans fanmi li. Vwazen li, avèk plis timoun pase l, te sanble tèlman joyyal ke Della te kòmanse doute sou kapasite li kòm yon fi, yon madanm, ak yon manman.

“Ben te santi li pi grangou pase dabitid sou wout pou lakay li. Yon lòt 129 kilomèt pou delivre ekipman pou jaden te nesèsè, men kounyeya li te fatige. Rive lakay li sete pi bon bagay la tout tan. Lapè. Manje. Repo.

“Della te tande bri vwati Ben nan sou wout la epi li te gade revèy la. O non! Prèske 7:00 diswa, deja.? Epi apre? Li te vle dine a te gentan pare, men . . .

“Li te tande pòt la ouvè epi an vitès li te mete dènnye pen an sou papye pou ale nan fou a.

“Ben te travèse pòt la, panche nan kwen an, epi souri bay Della. Li te sou tansyon, epi li (Ben) te remake tab la vid. Li (Ben)te poze epi rale yon gwo souf.”

Poze patisipan yo kesyon sa yo:

- Si Ben fè sousi pou tèt li sèlman, kisa ki ta ka rive?
- Si Ben fè sousi pou madanm li, kijan li ta ka reponn?

Aprè diskisyon sou kesyon yo, kontinye avèk istwa a:

“Ben te pouse yon ouf, souri bay Della, epi di, ‘sanble mwen rive jis nan moman pou ede.’ Tansyon li an te disparèt. Soulaje, li (Della) te anbrase l epi di, ‘lè w lakay la, sa anfòm, Ben. Ou sot pase yon jounen long, epi mwen te vle pou dine a pare pou ou!’ Li te fè jès nan direksyon tab vid la.

“ Li te di, pandan li antoure l ak bra li, ‘nou pral fini l ansanm. Apresa yo te kòmanse pataje diferan pwoblèm yo chak te rankontre. Pandan Ben t ap prepare tab la, Della te mete pen yo nan fou a epi di li kijan li te santi li bouskile—menm depase—tout jounen an. Ben te bliye jan li te grangou epi li te reflechi sou fason pou rann jou yo pi fasil pou li” (*Liv Resous pou Sware Familyal* [1983], 241; chanjman paragraf).

Konklizyon

Ale nan paj 16–17 nan *Gid Etid pou Patisipan nan Maryaj ak relasyon familyal yo*. Ankouraje patisipan yo repase doktrin ak prensip yo nan leson sa a nan (1) suiv omwen youn nan sigjesyon nan “Lide pou Aplikasyon” epi (2) li atik “Libabit ak Kòlè” pa Eldè Lynn G. Robbins. Fè remake ke koup marye yo kapab resevwa gwo benefis apati lekti ak diskisyon sou atik nan gid etid yo a ansanm.

Materyèl resous anplis

Move tretman konjwen, yon ofans pou Bondye.

Eksplike ke lè mari ak madanm an kòlè oubyen fristre, kèkfwa yo kite konpòtman yo abize epi detwi lòt la. Konjwen yo pa ta dwe janm youn maltrete lòt nan okenn fason. Move tretman vyole kòmandman Bondye yo ak deklarasyon fèm dirijan legliz la. Prezidan George Albert Smith, 8tyèm prezidan legliz la, te deklare: “Pèsonn pa janm maltrete yon lòt lè li gen lespri Senyè a. Sa toujou rive lè nou gen kèk lòt lespri” (nan Conference Report, Oktòb 1950, 8).

Rapid rapid pataje enfòmasyon sa a:

Move tretman konjwen kapab emosyonèl, fizik, oubyen seksyèl.

Move tretman emosyonèl enkli (gen la dan l) aksyon tankou: rele, joure, fè vye remak ensiltan, aji tankou yon diktatè, imilye yon konjwen devan timoun yo oubyen lòt moun, pa bay sipò oubyen afeksyon kòm pinisyon, epi inyore oubyen minimize santiman konjwen an.

Move tretman fizik enkli: pouse, limite, souke, frape, souflete, entimide, epi konfiske resous yo.

Move tretman seksyèl ka fizik oubyen emosyonèl. Li enkli pèsèkasyon seksyèl, enflije doulè, itilize fòs oubyen entimidasyon, epi, pandan moman entim yo, pèsiste nan fè sa ki dezagreyab oubyen chokan pou lòt la.

Eksplike ke si patisipan yo gen plis kesyon konsènan sa ki konstitye move tretman, yo ta dwe pran konsèy nan men evèk yo.

Pataje deklarasyon sa a pa Prezidan Gordon B. Hinckley, 15zyèm prezidan legliz la. Fè remake ke malgre prezidan Hinckley te bay avètisman pou gason ki abize madanm yo, li aplikab pou fi yo tou. Mande patisipan yo evalye an silans pwòp konpòtman yo pandan y ap koute konsèy sa a :

“Gen gason ki montre yon bon figi devan mond lan pandan jounen an, epi lè l vini lakay la aswè, li depoze kontwòl tèt li, epi pou pi piti pwovokasyon an, li gaye ak eksplozyon kòlè.

“Okenn gason ki enplike nan kalite konpòtman mekan ak endesan konsa pa diy pou prètriz Bondye a. Okenn gason ki kondi tèt li konsa pa diy pou privilèj yo nan kay Senyè a. Mwen regrèt ke gen kèk gason ki pa merite lanmou madanm yo ak pitit yo. Gen pitit ki pè papa yo, gen madanm ki pè mari yo. Si genyen nenpòt gason konsa k ap tandè la a, antanke yon sèvitè Senyè a, mwen reprimande w epi mande ou pou w repanti. Kontwole tèt nou. Metrize kòlè nou. Pifò nan bagay ki fè nou an kòlè pa reyèlman gen gwo konsekans. Epi nou gen pou peye yon gwo pri anpil pou kòlè nou. Mande Senyè a pou padone nou. Mande madanm nou pou padone. Prezante pitit nou eskiz” (nan Conference Report, Oktòb 1996, 91-92; oubyen *Ensign*, Novanm 1996, 68).

Eksplike ke kèk moun devlope aspè konpòtman vyolan sa a san yo pa rann yo kont. Kèk lòt rann yo kont ke konpòtman yo dwe chanje, men yo pa santi yo kapab chanje sa san èd.

Sila yo ki vle èd pou konprann epi chanje konpòtman vyolan yo a, kapab chanje lè yo enbleman chèche èd ak gidans Senyè a. Yo ka ale kote evèk yo, ki pral

kapab ba yo konsèy. Li ka rekòmande yo tou konseye nan Sèvis pou Fanmi SDJ oubyen resous kominote a ki founi èd ki annakò avèk prensip legliz la.

- Nan ki fason move tretman konjwen an kapab afekte timoun yo nan koup la?

Anplis, mande patisipan yo repons yo, fè remake ke move tretman konjwen sa a tabli yon egzanp dirab pou eseye rezoud pwoblèm yo nan fason ka p detwi. Moun ki temwen kalte move tretman sa yo kòm timoun souvan maltrete lòt moun epi kontinye model sa a lè yo marye.

- Kijan timoun yo enfliyanse lè yo wè paran yo rezoud pwoblèm yo avèk jantiyès ak pasyans?

Eksplike ke manman ak papa yo ki gen lanmou ak matirite lè yo devan defi pou anseye pitit yo bon abitud ki kapab dire tout lavi yo. Pandan l t ap sèvi kòm evèk prezidan, evèk Robert D. Hales te di: “Sa ede timoun yo wè ke bon paran kapab gen opinyon diferan epi ke diferans sa yo kapab rezoud san frape, rele, ni voye bagay. Yo bezwen wè epi santi kominikasyon poze avèk respè youn pou pwendvi lòt konsa yo menm yo pral konnen kijan pou travay sou diferans yo nan lavi yo” (nan Conference Report, Oktòb 1993, 10; oubyen *Ensign*, Novanm 1993, 9).

REPONS POU PWOBLÈM YO ATRAVÈ KOMINIKASYON POZITIF

LESON
5

Bi Pou anseye patisipan yo kijan pou prevni ak rezoud pwoblèm nan maryaj atravè kominikasyon janti.

Preparasyon

1. Lè w ap prepare tèt ou pou anseye, chèche fason pou suiv prensip yo nan “Responsablite w yo kòm Enstriktè” (pages ix–xi nan manyèl sa a).
2. Li tit ki fonse yo nan leson an. Tit sa yo bay yon rezime sou doktrin ak prensip nan leson an. Kòm pati nan preparasyon ou, medite sou fason pou ede patisipan yo aplike doktrin ak prensip sa yo. Chèche gidans lespri a nan deside sou kisa w ta dwe ensiste sou li pou satisfè bezwen patisipan yo.

**Sigjesyon pou
Devlòpman
Leson an**

Tout koup marye ap gen kèk diferans nan opinyon yo.

Fè patisipan yo li deklarasyon sa a pa Eldè Joe J. Christensen nan Swasanndis yo (paj 20 nan *Gid Etid pou Patisipan nan Maryaj ak relasyon famiyal yo*):

“Kèkfwa nou tande yon bagay tankou, ‘poukisa, nou te marye depi senkant an, epi nou pa t janm gen yon diferans nan opinyon.’ Si se anfèt sitiyasyon an, konnen youn nan patnè yo sibi dominasyon lòt la nèt oubyen, jan yon moun te di, pa konnen verite. Nenpòt moun entèlijans ap gen diferans nan opinyon. Defi a se pou nou asire n ke nou konnen kijan pou rezoud yo. Sa se youn pati nan pwosesis pou fè yon bon maryaj vin pi bon” (nan Conference Report, Avril 1995, 86; oubyen *Ensign*, Me 1995, 65).

Eksplike ke leson sa a diskite prensip espesifik ki kapab ede mari ak madanm prevni epi rezoud pwoblèm yo nan asosyasyon yo a.

Mari ak madanm ta dwe chèche kalite louwab yonn kay lòt.

Fè remake ke lè mari ak madanm yo chèche kalite admirab youn nan lòt, yo gen plis kapasite pou prevni pwoblèm yo. Yo gen kapasite tou pou travay ansanm pou rezoud pwoblèm yo lè yo parèt. Pataje istwa sa a:

Yon fi tanzantan te ale kote evèk li pou eksprime akizasyon kont mari li. Finalman evèk la te mande li, “Poukisa w te marye ak nonm sa a w konsidere tèlman ensansib ak entolerab la?” Fi a te reflechi yon moman epi li te di, “Wè, mwen te kwè li te gen kèk kalite, men mwen pa kapab sonje youn. Petèt li chanje.” Evèk la te mande li ale lakay li epi priye pou kè li ta vin adousi, konsa li ta kòmanse sonje kalite li te konn admire nan mari l yo. Li te reyalize ke, pandan tan t ap pase, li te kapab rekonèt epi foki sou kalite admirab mari l yo. Anvan sa, li te tèlman obsede nan gade erè li yo ke li pa t kapab wè bon kalite l yo.

- Nan ki fason nou te wè enpòtans pou chèche kalite admirab nan lòt moun? Kijan chèche kalite admirab youn nan lòt kapab ede mari ak madanm fòtifye maryaj yo?

Raple patisipan yo ke malgre chak moun apa, nou tout se pitit Bondye. Envite yon patisipan li deklasyon sa a nan “Fanmi, yon pwoklamasyon pou mond lan” (page viii nan manyèl sa a ak paj iv nan *Gid Etid pou Patisipan nan Maryaj ak relasyon familyal yo*):

“Tout kretyen vivan—gason ak fi—te kreye dapre imaj Bondye. Yo chak se yon pitit lespri gason oubyen fi ki soti nan paran selès, epi konsa, yo chak gen yon nati ak yon destine diven.”

- Kijan sonje verite sa a kapab ede mari ak madanm yo nan efò yo pou youn konprann lòt?

Eksplike ke lè mari ak madanm yo chèche wè tout sa ki bèl ak diven youn nan lòt, yo jwenn plis lajwa nan asyosasyon yo youn ak lòt epi gen plis kapasite pou ede akonpli potansyèl diven yo.

Pandan l t ap sèvi nan Kowòm Douz Apot yo, Eldè Gordon B. Hinckley te pale sou “kalite admirasyon ki konsidere asosye a kòm zanmi pi presye sou tè a.” Li te di: “Asosyasyon nan maryaj gen tandans pou tounen yon bagay òdinè epi menm san enterè. Mwen pa konnen okenn lòt mwayen pi sèten pou kenbe li nan yon nivo elve ak enspiran pase pou yon gason pa moman reflechi pou rann li kont ke asosye ki kanpe bò kote li a se yon pitit fi Bondye, ki angaje avèk [Bondye] nan gwo pwosesis kreyasyon pou reyalize objektif etènèl li yo. Mwen pa konnen okenn lòt mwayen pi efikas pou kenbe lanmou l pou mari li reyonan pase pou li chèche epi ensiste sou kalite diven yo ki se yon pati nan chak pitit gason papa a epi ki kapab toujou fè sifas lè genyen respè, ak admirasyon ak ankourajman. Bonjan pratik kalite aksyon sa yo ap devlope yon apresyasyon enteresan san rete youn pou lòt” (nan Conference Report, Avril 1971, 81–82; oubyen *Ensign*, Jen 1971, 71–72).

Kominikasyon pozitif ede prevni pwoblèm yo epi rezoud yo

Eksplike ke anplis rekonèt kalite admirab youn nan lòt, mari ak madanm yo ta dwe lite pou byen kominike youn ak lòt. Kominikasyon esansyèl nan bati lanmou ak inite epi nan rezoud pwoblèm ki ka parèt.

Ekri prensip sa yo sou tablo a:

<p>Youn koute lòt.</p> <p>Diskite pwoblèm yo ouvètman epi kèkal.</p> <p>Kominike nan fason pozitif epi janti.</p>

Eksplike ke prensip sa yo kapab ede koup marye yo amelyore kominikasyon yo. Itilize matyè sa yo pou dirije yon diskisyon konsènan chak nan prensip yo:

Youn koute lòt.

Pataje konsèy sa a pa Eldè Russell M. Nelson nan Kowòm Douz Apot yo:

“Mari ak madanm, aprann koute, epi koute pou aprann youn nan men lòt. . . . Pran tan pou pale esansyèl pou kenbe liy kominikasyon yo entak. Si maryaj se yon asosyasyon enpòtan anpil nan lavi, li merite tan! Pafwa nou bay randevou ki mwens enpòtan yo priyorite, pandan ke nou kite sèlman kèk ti rès tan pou koute asosye presye nou yo” (nan Conference Report, Avril 1991, 28; oubyen *Ensign*, Me 1991, 23).

- Ki benefis ki kapab vini pou yon mari ak madanm lè yo youn koute lòt avèk atansyon epi lanmou? (Repons yo ka enkli repons yo site pi ba yo.)
 - a. Yo aprann plis konsènan santiman ak motivasyon youn lòt.
 - b. Yo chèche pou konprann anvan yo pote jijman oubyen bay avi (pwendvi).
 - c. Chak moun vin pi fasil pou santi apresyasyon ak lanmou.
 - d. Chak moun vin mwens fasil pou kanpe sou defans epi pi fasil pou kominike ouvèteman.
- Kisa ki ka anpeche koup yo pou youn reyèlman koute lòt? (Repons yo ka enkli orè chaje, echèk nan pran tan pou koute, epi mank enterè youn nan responsablite lòt.)
- Kisa asosye yo nan maryaj la kapab fè pou vin pi bon moun k ap koute? (Anplis mande patisipan yo lide yo, anvizaje pataje sa yo site pi ba yo.)
 - a. Pran tan pou pale ansanm. Elimine distraksyon, youn bay lòt tout atansyon.
 - b. Koute pou konprann. Pa entèwonp moun k ap pale a. Si nesèsè, poze kesyon tankou “Eske ou kapab pale m plis konsènan?” oubyen “Kijan ou te santi w lè sa te rive” oubyen “mwens pa sèten mwens konprann. Eske ou vle di ke . . . ?”
 - c. Evite fè kòlè oubyen fache. Sonje nan anpil ka, kapab gen plis pase yon opinyon ki kòrèk.

Diskite pwoblèm yo ouvèteman epi kèkal.

- Poukisa li enpòtan pou konjwen yo pale ouvèteman youn ak lòt konsènan pwoblèm y ap rankontre nan maryaj yo?

Fè remake ke diksisyon konsènan pwoblèm yo ta dwe dirije nan yon fason plen respè, san pale fò oubyen chirepit. Pandan l t ap sèvi nan Kowòm Douz Apot yo, Eldè Gordon B. Hinckley te anseye:

Nou raman tonbe nan traka lè nou pale dousman. Se sèlman lè nou leve vwa nou ke dife pran epi ti bit tè vin tounen gwo montay chirepit. . . . Vwa nan syèl la se yon ti vwa dous; konsa tou, vwa nan lapè anndan kay se yon vwa poze” (nan Conference Report, Avril 1971, 82; oubyen *Ensign*, Jen 1971, 72).

Prezidan David O. McKay te di, “Mari ak madanm yo pa ta dwe janmm pale fò yonn ak lòt, sof si kay la ap pran dife” (*Stepping Stones to an Abundant Life*, rasanble pa Llewelyn R. McKay [1971], 294).

Kominike nan fason pozitif ak janti.

- Nan ki fason demonstrasyon apresyasyon, sipò, ak afeksyon enfliyanse yon maryaj? Kijan komunikasyon negatif—tankou kritik, annage, ak chèche erè—afekte yon maryaj?

Fè patisipan yo li konsèy sa a pa Eldè Joe J. Christensen (paj 19 nan *Gid Etid pou Patisipan nan Maryaj ak relasyon famiyal yo*):

“Evite ‘tizonnen san rete.’ Pa twò kritike erè youn lòt. Rekonèt ke youn nan nou pa pafè. Nou tout gen anpil wout pou nou fè pou n vin tankou Kris la jan dirijan nou yo rekòmande pou n vin ye a.

Jan Prezidan Spencer W. Kimball rele sa a, “Tizonnen san rete kapab preske deranje nenpòt maryaj. . . . An jeneral nou chak sansib anpil pou pwen fèb nou, epi nou pa bezwen yo fè n sonje yo souvan. Pa gen anpil moun ki te reyèlman chanje vin pi bon kòm konsekans kritik san rete oubyen tizonnen. Si nou pa fè atansyon, kèk nan sa nou ofri kòm kritik pou *konstwi* ka reyèlman detwi” (gade Conference Report, Avril 1995, 85; oubyen *Ensign*, Me 1995, 64–65; gade tou Spencer W. Kimball, “Marriage and Divorce,” *1976 Devotional Speeches of the Year* [1977], 148).

- Kisa ki kapab konsekans plenyen oubyen kritik san rete?
- Yon fòm kritik se abitud konpare pwen fèb moun nan ak pwen fò lòt moun. Kijan pratik sa a kapab afekte yon maryaj?
- Ki eksperyans nou te fè ki montre enpòtans pou fè konpliman ak ankouraje lòt moun olye nou kritike yo san rete? Nan ki fason demonstrasyon pozitif yo kapab fòtifye maryaj yo?

Yon fi te eksplike ke mari li souvan fè l konpliman pou talan li kòm madanm ak menajè nan kay la, non sèlman lè yo lakay la, men lè yo avèk zanmi yo tou. Li pa janm mansyone pwen fèb li yo. Okontrè, li chwazi fòkis sou pwen fò li yo. Li te di ke kòmantè li yo te ba li espwa ak motivasyon pou amelyore.

Konklizyon

Pataje konsèy sa a pa Eldè Marvin J. Ashton nan Kowòm Douz Apot yo:

Nan diskisyon famiyal yo, nou pa ta dwe inyore diferans yo, men nou ta dwe peze yo epi evalye yo kèkal. Pozisyon oubyen opinyon yon moun dabitid pa gen menm enpòtans ak yon bonjan asosyasyon k ap kontinye. Koutwazi ak respè nan koute ak reponn pandan diskisyon fondamantal nan yon dyalòg kòrèk. . . . Ala li enpòtan pou n konnen kijan pou n pa dakò avèk pozisyon yon lòt moun san n pa ofanse l” (nan Conference Report, Avril 1976, 79; oubyen *Ensign*, Me 1976, 52).

Rapid rapid repase prensip nou te diskite yo. Ankouraje patisipan yo aplike prensip sa yo nan lavi yo. Rann temawayaj ou jan Lespri a pouse w.

Ale nan paj 12–15 nan *Gid etid pou patisipan Maryaj ak relasyon famiyal la*. Ankouraje patisipan yo repase doktrin ak prensip nan leson an nan (1) suiv omwen youn nan sigjesyon yo nan “Lide pou Aplikasyon” epi (2) li atik “Maryaj ak Gran Plan Bonè a,” pa Eldè Joe J. Christensen. Fè remake ke koup marye yo kapab resevwa gwo benefis apati lekti ak diskisyon sou atik nan gid etid yo a ansanm.

FÒTIFYE MARAYAJ YO ATRAVÈ LAFWA AK LAPRIYÈ

LESON
6

Bi Pou ede patisipan yo konprann epi travay pou resevwa benediksyon ki vini lè koup marye yo egzèsè lafwa nan Jezikri epi priye ansanm.

Preparasyon

1. Repase prensip yo sou “Responsablite w kòm enstriktè” (paj ix–xi nan manyèl sa a). Chèche fason pou aplike prensip sa yo nan preparasyon ou pou anseye.
2. Li tit ki fonsè yo nan leson an, ki dekri doktrin ak prensip yo nan leson an. Kòm pati nan preparasyon ou, medite sou doktrin ak prensip yo pandan semèn nan, chèche gidans Lespri a pou deside sou kisa ou ta dwe ensiste pou satisfè bezwen patisipan yo.

**Sigjesyon pou
Devlopman
Leson an**

Mari ak madanm ta dwe travay ansanm pou ogmante lafwa yo nan Jezikri.

Pataje istwa sa a ki te relate pa prezidan James E. Faust nan Premye Prezidans la:

“Eldè Orin Voorheis . . . se yon gwo jènan bèl, ekstraòdinè, ki te sèvi nan Misyon Sid Bwenzè ann Ajantin. Yon jou swa, apeprè 11 mwa nan misyon li, kèk vòlè ak zam te atake Eldè Voorheis ak konpayon li. Nan yon aksyon vyolans ensanse, youn nan yo te tire Eldè Voorheis nan tèt. . . .

“Eldè Voorheis toujou preske paralyze konplètman epi li pa ka pale, men li gen yon espri ekstraòdinè epi li kapab reponn kesyon nan bouje men li. Li toujou pote plak misyonè li. Paran li pat mande, ‘Poukisa sa te rive bonjan pitit gason nou an, ki t ap sèvi nan apèl Senyè a?’ Pa gen moun ki gen yon repons sèten, sof petèt nan sikonstans kote gen pi gwo ideyal ki sèvi. Nou dwe mache pa lafwa” (nan Conference Report, Oktòb 1999, 73; oubyen *Ensign*, Novanm 1999, 59–60).

Li Ebre 11:1 ak Alma 32:21 avèk patisipan yo. Fè remake ke tradiksyon Joseph Smith pou Ebre 11:1, di ke “lafwa se *asirans* nan bagay nou espere.”

- Dapre vèsè sa yo, kisa ki definisyon lafwa?
- Site kèk sitiyasyon ki mande ke koup marye yo “mache pa lafwa”, jan prezidan Faust te di?

Anvizaje mande patisipan yo pou pataje egzanp apati lavi pa yo. Repons yo ka enkli pwoblèm sante, absans pitit, vyeyès, timoun andikape. Fè remake ke defi yo kapab vini nan lavi nou menm lè n ap lite pou viv jis.

Li Mowoni 7:32–33 avèk patisipan yo. Mete aksan sou lafwa nou ki dwe santre sou Jezikri. Eldè Richard G. Scott nan Kowòm Douz Apot yo te eksplike ke lè nou egzèsè lafwa nou nan Jezikri, nou jwenn fòs pou fè fas ak defi yo:

“Senyè a ap pote sekou avèk pouvwa diven li lè ou chèche delivrans nan imilite ak *lafwa nan Jezikri*. . . . Pèsonn moun pa kapab ede w san lafwa ak efò bò kote pa ou. Pwogresyon pa w mande sa. Pa chèche yon lavi ki pa gen pwoblèm,

doulè, presyon, defi, oubyen angwas, paske sa yo se zouti yon Papa cheri itilize pou eksite pwogresyon pèsònèl ak konpreyansyon nou. Jan ekriti yo afime san rete, ou pral jwenn èd lè w egzèsè *lafwa nan Jezikri*. Lafwa sa a ki demontre nan volonte pou gen konfyans nan pwomès li te bay atravè pwofèt li ak ekriti li yo” (nan Conference Report, Avril 1994, 8; oubyen *Ensign*, Me 1994, 8).

Fè remake ke mari ak madanm yo dwe travay ansanm pou santre lavi yo sou Sovè a. Eldè Jeffrey R. Holland nan Kowòm Douz Apot yo te di:

“Nou bezwen kapasite pou gen lanmou sensè Kris la, pwoteksyon, ak sekirite . . . nan lavi maryaj ak letènite? Rete yon vrè disip Jezi. Rete yon Sen Dènnye Jou otantik, angaje, nan pawòl ak nan aksyon. Kwè ke lafwa ou gen *tout bagay* pou wè avèk womans nou, paske se vre. . . . Jezikri, Limyè Mond lan, se sèl lanp ki kapab pèmèt nou wè chemen lanmou ak bonè pou nou ak pou cheri nou an” (“*How Do I Love Thee?*” [Brigham Young University diskou nan devosyonèl, 15 Fevrye 2000], 6).

- Kijan ogmante lafwa nan Sovè a kapab ede koup marye yo fòtifye relasyon yo youn ak lòt? (Repons yo ka enkli (gen ladan l) sa ki ekri pi ba a.
 - a. Yo vin plis tankou Kris la nan fason yo trete youn lòt. Yo vin plis renmen, plis itil, janti, pasyan, epi gen dezi pou koute youn lòt.
 - b. Yo vin pi enb ak deside pou repant epi suiv ansèyman Senyè a. Plis chak konjwen yo gen dezi pou yo repanti epi vin tankou Sovè a, se pi plis maryaj la pral gen amoni.
- Nan ki fason koup marye yo kapab travay ansanm pou ogmante lafwa yo nan Sovè a? (Envite patisipan yo pataje eksperyans ki te fòtifye lafwa yo nan Sovè a. Anplis, mande patisipan yo repons yo, anvizaje pataje prensip yo ki site pi ba a.)
 - a. Obeyi lwa ak òdonans yo nan levanjil la. (Pataje deklarasyon sa a pa Evèk Robert D. Hales pandan li te sèvi kòm Evèk Prezidan: “Obeyisans pou lwa ak òdonans yo nan levanjil la esansyèl pou vin gen lafwa nan Seyè Jezikri” [nan Conference Report, Avril 1990, 52; oubyen *Ensign*, Me 1990, 39].)
 - b. Etidye ekriti yo ansanm. (Li Elaman 15:7–8 avèk patisipan yo.)
 - c. Fè Senyè a konfyans. (Li Pwovèb 3:5–6 avèk patisipan. Fè remake ke koup yo fè fas ak defi, yo kapab detèmine pou chèche èd Senyè a avèk plis zèl, nan fè lafwa yo vin yon pati entegral nan lavi yo chak jou.)

Mari ak madanm beni lè yo priye ansanm.

- Ki benediksyon ki kapab vini lè yon mari ak madanm regilyèman ajenou nan priyè? (ankouraje patisipan yo pataje eksperyans ki apwopriye ki gen pou wè ak kesyon sa a. Anplis, li sitasyon sa a epi youn oubyen toulede egzanp sa yo.)

Pandan li t ap sèvi nan Kowòm Douz Apot yo, Eldè Gordon B. Hinckley te konseye:

“Mwen pa konnen menm yon grenn abitud ki ap gen konsekans pi benefik nan lavi nou pase abitud ajenou ansanm lè nou kòmanse epi fini chak jou. Antouka ti loraj ki sanble bay pwoblèm nan chak maryaj yo disparèt lè, ajenou devan Senyè a, nou remèsye li youn pou lòt, nan prezans youn lòt, epi apresa, ansanm envoke benediksyon sou lavi nou, sou fwaye nou, sou moun nou renmen yo, ak rèv nou yo.

“Lè sa a Bondye ap vin asosye nou, epi konvèsasyon nou yo chak jou avèk li ap pote lapè nan kè nou ak lajwa nan lavi nou ki pa kapab soti nan okenn lòt sous. Asosyasyon nou an ap vin pi dous pandan ane yo ap pase; lanmou nou ap ranfòse. Apresyasyon nou youn pou lòt ap ogmante” (nan Conference Report, Avril 1971, 83; oubyen *Ensign*, Jen 1971, 72).

Yon mari te di ke priyè madanm li yo ede li enspire pou l vin yon pi bon mari ak papa. Lè li ajenou akote madanm li nan priyè, men nan men li, li tande l ap plede avèk Papa nou ki nan syèl la konsènan sousi li gen nan kè li. Lanmou l pou li ogmante paske li konnen kè li sensè epi motivasyon li yo otantik. Li konnen ke lè li pale avèk Papa nou ki nan syèl la, li (madanm li) vrèman pa vle anyen plis pase sèvi li nan jistis.

Nan yon lòt fanmi, mari a te soufri anba yon andikap fizik pandan lontan. Chak swa anvan li ak madanm li te dòmi, yo te remèsye Papa nou ki nan syèl la pou benediksyon yo epi chèche gidans li nan elve kat pitit yo ak yon tikras salè. Kèk ane aprè, lè mari a te ka retounen travay, moun te mande kijan yo te fè pou reziste pandan moman difisil yo. Yo te temwaye ke travay ansanm epi priye ansanm te fè diferans la. Repons pou priyè sensè sete anpil benediksyon, ladan yo espwa yo te resevwa atravè enfliyans rekonfòtan Lespri a.

- Kijan priye ansanm kapab ede mari ak madanm yo rezoud pwoblèm nan asosyasyon yo? (Pandan patisipan yo ap diskite kesyon sa a, fè remake, ke lè mari ak madanm yo santi chirepit nan mitan yo, pafwa yo sispann priye ansanm. Men, priye ansanm se yon zouti pisan pou ede yo simonte kalte defi sa yo.)

Prezidan Thomas S. Monson nan Premye Prezidans la te pale sou jou limenm ak madanm li, Francès, te sele nan tanp Salt Lake la. Benjamin Bowring, mesye ki te fè seremoni an, te ba yo konsèy sa a: “Eske mwenn ka ofri noumenm, nouvo marye yo, yon fòmil ki ap asire ke okenn dezakò nou ka genyen pap dire plis pase yon jou? Chak swa, mete ajenou bò kabann nou. Yon swa, ou menm Frè Monson, w ap fè priyè a, fò, ajenou. Nan lòt swa a, ou menm, sè Monson, ofri priyè a, fò, ajenou. Mwenn kapab asire nou ke nenpòt mezantant ki devlope pandan jounen an ap vole lè nou priye. Nou tou senpleman pa kapab priye ansanm epi kenbe lòt bagay pase bon santiman youn pou lòt” (nan Conference Report, Oktòb 1988, 81; oubyen *Ensign*, Novanm 1988, 70).

Eldè David B. Haight nan Kowòm Douz Apot yo te di: “Si, kòm mari ak madanm, nou gen bonjan mezantant oubyen si nou santi kèk tansyon oubyen domaj ap devlope nan maryaj nou, nou ta dwe enbleman desann sou jenou nou ansanm epi mande Bondye Papa nou, avèk yon kè sensè ak yon entansyon reyèl, pou l retire fènwa ki tonbe sou asosyasyon nou an, pou nou ka resevwa limyè nesèsè a, wè erè nou yo, repanti pou sa ki mal yo, youn padone lòt, epi youn aksepte lòt jan nou te ye nan kòmansman an. Mwenn solanèlman asire nou ke Bondye vivan epi li ap reponn siplikasyon enb nou yo” (nan Conference Report, Avril 1984, 17; oubyen *Ensign*, Me 1984, 14).

Mande patisipan ki marye yo an silans pou evalye efò yo, pou priye avèk konjwen yo. Ensiste ke nan fwaye yo kote gen yon sèl paran, priyè pèsonèl fèvan yo pote benediksyon Bondye nan fwaye a.

Konklizyon

Ensiste ke lè mari ak madanm yo travay ansanm pou egzèse lafwa nan Jezikri epi priye, yo jwenn pi gran bonè, inite, ak kapasite pou fè fas ak defi yo.

Dapre pouse Lespri a, temwaye sou verite yo ki diskite pandan leson an

Ale nan paj 21–24 nan *Gid Etid pou Patisipan nan Maryaj ak relasyon familyal yo*. Ankouraje patisipan yo repase doktrin ak prensip nan leson an nan (1) suiv omwen youn nan sigjesyon yo nan “Lide pou Aplikasyon” epi (2) li atik “Jwenn lajwa nan lavi a,” pa Eldè Richard G. Scott. Fè remake ke koup marye yo kapab resevwa gwo benefis apati lekti ak diskisyon sou atik nan gid etid yo a ansanm.

Raple patisipan yo pou pote gid etid yo nan klas pou pwochen leson an.

Bi Pou ede patisipan yo fè eksperyans lapè ki vini pou sila yo ki youn padone lòt epi ankouraje patisipan yo nourri yon espri padon nan fwaye yo.

- Preparasyon**
1. Repase prensip yo sou “Responsablite ou kòm enstriktè” (paj ix–xi nan manyèl sa). Chèche fason pou aplike prensip sa yo nan preparasyon ou pou anseye.
 2. Li tit ki fonsè yo nan leson an, ki dekri doktrin ak prensip yo nan leson an. Kòm pati nan preparasyon ou, medite sou doktrin ak prensip yo pandan semèn nan, chèche gidans Lespri a pou deside sou kisa w ta dwe ensiste pou satisfè bezwen patisipan yo.
 3. Raple patisipan yo pou pote kopi pa yo nan *Gid Etid pou Patisipan nan Maryaj ak relasyon famiyal yo nan klas la*. Yo pral jwenn avantaj nan ale ladan pandan leson an.

Nòt: Lè w ap anseye leson sa a, rete patikilyèman sansib pou sitiyasyon chak grenn patisipan. Si patisipan yo poze kesyon konsènan chèche oubyen akòde padon nan pwoblèm famiyal grav tankou move tretman oubyen enfidelite, jantiman ankouraje yo pale separeman avèk evèk la.

**Sigjesyon pou
Devlopman
Leson an**

Yon espri padon ant mari ak madanm ede pote lapè ak yon santiman konfyans ak sekirite.

Li istwa sa a ki relate pa Eldè Hugh W. Pinnock nan Swasanndis yo:

“Yon koup . . . te marye nan lavi a; madanm nan te marye anvan sa, pou mari a sete premye maryaj li. Apre plizyè mwa ekstaz marital, yon mezantant grav te eklate ki te tèlman blese mari a nan emosyon li ke li pa t kapab fonksyone nan aktivite chak jou li yo.

“Pandan li te ankonbre anba konsekans dezagreman sa a, li te kanpe pou analize pwoblèm nan epi rann li kont ke yon pati nan pwoblèm lan omwen sete limenm. Li te ale jwenn madanm li epi tou anbarase, pandan plizyè fwa, li te di toupiti ‘mwen regrèt, cheri’. Madanm nan te komanse kriye, li te konfese ke pi fò nan pwoblèm lan sete limenm, epi li te mande padon. Pandan youn te kenbe lòt, li te konfese ke nan eksperyans pa li mo ekskiz sa yo pa t ko janm itilize anvan sa, epi kounyeya li te konnen ke tout lòt pwoblèm yo t ap vin genyen t ap kapab rezoud. Li te santi sekirite paske li te konnen yo toulède te ka di, ‘mwen regrèt’; ‘mwen padone’” (“Making a Marriage Work,” *Ensign*, Septanm 1981, 36–37).

Konpare istwa sa a avèk deskripsyon prezidan Gordon B. Hinckley pou yon entèvyou li te fè avèk yon mari ak madanm ki te gen pwoblèm nan maryaj yo (paj 26 nan *Gid Etid pou Patisipan nan Maryaj ak relasyon famiyal yo*).

“Mwen sonje m pase anpil tan ap koute yon koup ki te chita anfas mwen nan biwo mwen. Te gen amètim nan mitan yo. Mwen konnen te gen yon epòk lanmou yo te pwofon epi vrè. Men yo te devlope abitud youn pale sou erè lòt. Nan refize padone kalite erè nou tout nou fè, epi refize bliye yo epi viv pou depase yo avèk pasyans, yo te jwenn erè youn lakay lòt jistan lanmou yo te genyen yon fwa a te vin konsonmen. Li te tounen sann avèk dekrè yon swadizan divòs ‘san fot’. Kounyeya sa ki te rete sete solitud ak repwòch. Mwen sèten ke si te gen menm yon tikras nivo repantans ak padon, yo t ap toujou ansanm, ap jwi asosyasyon ki te tèlman beni yo ane anvan sa a” (“Of You It Is Required to Forgive,” *Ensign*, Jen 1991, 4).

- Kisa nou kapab aprann apati de egzanp sa yo?

Eksplike ke lesan sa a pale konsènan nesite pou chèche padon ak enpòtan pou youn padone lòt. Ensiste ke yon koup marye kapab simonte anpil difikilte nan asosyasyon yo si yo lite pou gen yon espri padon nan maryaj yo. Lè yo fè sa, yo ap aprann verite nan pwomès prezidan Gordon B. Hinckley pou sila yo ki youn padone lòt yo: “Yon lapè ke nou pa t ap ka atenn otreman ap vin antre nan kè nou” (*Ensign*, Jen 1991, 5).

Mari ak madanm yo ta dwe chèche padon youn nan men lòt pou feblès yo epi fè efò sensè pou amelyore.

- Poukisa li enpòtan pou mari ak madanm yo di “mwen regrèt” epi youn mande lòt padon pou feblès yo?
- Poukisa kèkfwa li difisil pou mande padon? (Repons yo ka enkli ke egoyis ak ògèy mete pye oubyen ke pafwa nou repwoche lòt moun pou pwoblèm pa nou.)
- Kijan nou kapab jwenn fòs pou chèche padon lòt moun?

Ensiste ke lè n ap chèche padon, li enpòtan pou nou fè efò sensè pou chanje epi, si nesè, repanti pou peche nou yo. Sa pa ase pou senpleman ekspri regrè pou aksyon nou yo; nou dwe travay pou nou vin diy pou jwenn padon lòt moun ak padon Senyè a tou.

- Kisa ki genyen kòm danje nan chèche padon san fè efò pou amelyore?

Pandan w ap konkli seksyon sa a nan lesan an, anvizaje pataje youn oubyen toulede istwa vrè sa yo:

Aprè li te pase yon sware deyò avèk madanm ni ak kèk zanmi, yon mesye te remake ke madanm ni te kal anpil anpil. Li te mande l si l te gen yon pwoblèm, epi li te eksplike ke li te santi l anbarase epi blese plizyè fwa pandan sware a paske li te rakonte istwa ki te dirije sou li. Toudabò, li te kòmanse defann tèt li, nan di ke sete senpleman plezantri, ke li te sèlman vle tout moun pase yon bon moman, epi ke madanm ni te reyaji depase. Men, pandan yo t ap pale, li te rann li kont ke li te reyèlman blese santiman l. Li te santi anpil regrè lè li te rann ni kont ke konpòtman frivòl li a te anbarase madanm ni anpil fwa. Li te mande eskiz epi pwomèt pou pa anbarase l ankò. Apati moman sa a, li toujou jwenn fason pou fè l konpliman sensèman an prezans lòt moun.

Yon mari epi papa ki te tonbe nan pòno lè l te adolesan pa t sispann abitud sa a. Li te dekouraje paske li pa t konnen kijan li te ka chanje. Finalman, li te priye avèk dilijans pou èd, imilye tèt li, epi kòmanse etidye lavi ak ansèyman Sovè a.

Lè li te konprann plis konsènan benediksyon ke ekspyasyon Sovè a te ofri yo, li te rann ni kont ke li te posib pou l chanje konpòtman li. Li te wè ke depandans sa a t ap detwi li menm ak maryaj li ak fanmi li. Nouvo konpreyansyon li sou misyon Jezikri a te pèmèt li fè chanjman nesèsè a epi sove maryaj li.

Pataje deklarasyon sa a, Eldè Spencer W. Kimball te fè pandan li t ap sèvi nan Kowòm Douz Apot yo:

Pou tout padon gen yon kondisyon. Bandaj la dwe menm lajè avèk maleng nan. Jèn nan, priyè yo, imilite a dwe egal oubyen pi gran pase peche a. Dwe gen yon kè brize ak yon espri kontri. Dwe genyen 'sak ak sann'. Dwe genyen kriye ak chanjman reyèl nan kè. Dwe gen konviksyon sou peche a, abandon mal la, konfesyon pou erè a devan otorite konstitye Senyè a ki apwopriye. Dwe genyen restitasyon epi yon chanjman vitès, direksyon, ak destinasyon konfime epi detèmine. Kondisyon yo dwe sou kontwòl epi moun n ap frekante dwe chanje oubyen korije. Dwe gen yon lavaj pou rad yo vin blan epi dwe gen yon konsekasyon tou nèt ak desizyon fèm pou viv lwa Bondye yo. An rezime, dwe gen yon depasman tèt, depasman peche, ak depasman mond la" (*The Miracle of Forgiveness* [1969], 353).

Mari ak madanm yo youn dwe chèche padone lòt.

Fè remake ke anplis chèche padon pou peche nou yo ak pou erè nou te fè yo, nou bezwen aprann padone. Kèkfwa nou kapab ofanse pa ti bagay moun fè, men Senyè a kòmande nou pou nou youn padone lòt. Li Doktrin ak Alyans 64:8–10 epi Matye 6:14–15 avèk patisipan yo.

- Nan ki fason maryaj yo fòtifye lè mari ak madanm yo gen volonte pou youn padone lòt?

Prezidan Gordon B. Hinckley te konseye: "Si gen moun k ap nourri nan kè yo sous pwazonnen ostilite pou yon lòt, mwen sipliye nou mande Senyè a fòs pou n padone. Ekspresyon dezi sa a ap tounen vrè esans pou repantans la. Li ka pa fasil, epi li ka pa vini vit. Men si nou chèche l avèk senterite epi kiltive li, li ap vini. . . . Yon lapè nou pa t ap ka atenn otreman ap vin antre nan kè nou" (*Ensign*, Jen 1991, 5; gade tou paj 26 nan *Gid Etid pou Patisipan nan Maryaj ak relasyon famiyal yo*).

- Poukisa kèkfwa li difisil pou padone? (Repons yo ka enkli ke moun chèche pwoteje tèt yo pou yo pa viktim pi devan, yo panse padone se tankou fèmen je sou aksyon mechan yo, oubyen yo trouve li difisil pou padone yon moun ki ap tann padon san fè efò pou simonte move konpòtman an.)
- Ki danje ki genyen lè mari ak madanm refize padone?
- Nan ki fason padon beni moun ki resevwa padon yo? Kijan padon nan men lòt moun kapab ede yon moun chanje konpòtman endezirab?
- Nan ki fason yon espri padon kapab beni moun ki padone?

Sigjere ke lè nou santi ke lòt moun te fwase nou, nou ta dwe mande tèt nou kijan Sovè a ta vle nou reponn. Jan prezidan Howard W. Hunter, 14zyèm prezidan legliz la, te konseye: "Nou dwe gen panse ki pi sen epi aji plis jan Sovè ap atann disip li aji. Nou ta dwe nan chak opòtinite mande tèt nou, 'Kisa Jezi t ap fè?' epi ajiak anpil kouraj nan sans repons la" (nan Conference Report, Oktòb 1994, 118; oubyen *Ensign*, Novanm 1994, 87).

Li konsèy sa a pa prezidan Joseph F. Smith, sizyèm prezidan legliz la:

Nou tou gen feblès ak pwèn fèb. Kèkfwa mari a wè yon pwèn fèb nan madanm li, epi li fawouche l pou sa. Kèkfwa madanm nan santi ke mari a pa t reyèlman fè bon bagay la, epi li fawouche l pou sa. Ki byen sa pwodui? Eske padon pa pi bon? Eske charite pa pi bon? Eske lanmou pa pi bon? Eske li pa ta pi bon pou pa pale sou erè yo, pou pa anplifye feblès yo nan repete ak repete yo? Eske sa pa pi bon? Epi èske inyon ki te simante ant nou menm ak nesan timoun yo epi nan lyen nouvo alyans etènèl la pa pi an sekirite lè youn bliye mansyone feblès ak erè yo yon devan lòt? Eske li pa pi bon pou jete yo epi pa di anyen konsènan yo—antere yo epi pale sèlman sou byen nou konnen epi santi, youn pou lòt, epi konsa antere erè youn lòt epi pa anplifye yo; èske sa pa pi bon?” (“Sermon on Home Government,” *Millennial Star*, 25 Janvye 1912, 49–50).

Konklizyon

Pataje deklarasyon sa a pa Eldè Spencer W. Kimball:

“Ala soulajman! Ala konsolasyon! Ala lajwa! Moun ki chaje anba transgresyon ak tristès ak peche ka jwenn padon epi vin netwaye epi pirifye si yo tounen vè Senyè a, aprann nan men li, epi kenbe kòmandman l yo. Epi nou tout gen nesesite pou repanti pou jou foli nou yo ak feblès nou yo, nou kapab menmjan an patisipe nan mirak sa a” (*The Miracle of Forgiveness*, 368).

Dapre pouse Lespri a, temwaye ke lè koup marye yo padone yon lòt feblès yo, yo fè eksperyans lapè. Yo vin pi ini epi gen plis kapasite pou fè fas ak defi yo nan maryaj la epi kòm paran. Envite patisipan yo nourri yon espri padon nan fwaye yo.

Ale nan paj 25–27 *Gid Etid pou Patrisipan nan Maryaj ak relasyon familyal yo*. Ankouraje patrisipan yo repase doktrin ak prensip nan leson an nan (1) suiv omwen youn nan sigjesyon yo nan “Lide pou Aplikasyon” epi (2) li atik “Pou nou li egzib pou padone” pa prezidan Gordon B. Hinckley. Fè remake ke koup marye yo kapab resevwa gwo benefis apati lekti ak diskisyon sou atik nan gid etid yo a ansanm.

Raple patrisipan yo pou pote gid etid yo nan klas pou pwochen leson an.

Bi Pou ede patisipan yo pratike prensip solid sou jesyon finans nan fwaye yo.

- Preparasyon**
1. Anvizaje fason ou kapab aplike prensip yo nan “Responsablite w yo kòm Enstriktè” (paj ix–xi nan manyèl sa).
 2. Li tit nan leson an ki fonse yo. Tit sa yo bay yon rezime sou doktrin ak prensip nan leson an. Anplis, etidye avèk atansyon atik “Konstans nan mitan chanjman,” pa prezidan N. Eldon Tanner, nan paj 28–31 nan *Gid Etid pou Patisipan nan Maryaj ak relasyon familyal yo*. Leson an fokis sitou sou prensip yo nan atik sa a. Kòm yon pati nan preparasyon ou, medite sou prensip sa yo pandan semèn nan. Chèche gidans Lespri a nan deside sou kisa w ta dwe ensiste sou li pou satisfè bezwen patisipan yo.
 3. Raple patisipan yo pou pote kopi pa yo nan *Gid Etid pou Patisipan nan Maryaj ak relasyon familyal yo*. Yo ap bezwen ale ladan pou atik prezidan Tanner a pandan leson an.
 4. Si ti liv: *Yon sèl devan lajan: Gid pou finans familyal* (33293) la disponib, repase li. Anvizaje itilize l kòm yon pati nan leson an.
 5. Si w ap itilize materyèl resous anplis ki nan paj paj 39–40, pote yon fèy papyè ak yon plin oubyen kreyon pou chak patisipan.
-

**Sigjesyon pou
Devlòpman
Leson an**

Bonjan jesyon finansye esansyèl pou bonè nan maryaj.

Envite yon koup marye pase devan klas la (rete sansib konsènan kiyès w ap envite). Eksplike ke ou pral montre kijan yon ti bagay kapab oubyen fòtifye yon maryaj oubyen lakòz pwoblèm grav nan maryaj. Apresa montre yon pyès lajan.

Bay moun ou te rele pase devan klas la pyès lajan an.

- Kijan yon relasyon maryaj afekte lè se sèlman mari a oubyen madanm nan ki kontwole finans familyal yo?

Aprè patisipan yo fin diskite kesyon sa a, reprann pyès lajan an.

- Kijan yon relasyon maryaj afekte lè pèsonn pa kontwole finans familyal yo oubyen lè dèt ak gwo enterè yo kontwole finans yo?

Aprè diskisyon sou kesyon sa a, remèt pyès lajan an. Fè mari a kenbe li nan men li, epi mande madanm nan mete men l sou men li. Eksplike ke jere lajan se youn nan kle ki pi enpòtan pou yon relasyon maryaj chaman. Men, lè yon mari ak madanm travay ansanm pou jere finans yo, yo vin ini nan yon efò enpòtan pou mete fwaye yo nan lòd. Yo prevni pwoblèm move yo tou. Kèk nan pwoblèm ki pi grav yo nan maryaj parèt lè resous finansye yo pa jere avèk swen epi nan pi bon enterè fanmi an.

- Nan ki fason yon maryaj fòtifye lè mari ak madanm travay ansanm pou jere finans yo?

Mari ak madanm yo ta dwe travay ansanm pou suiv prensip debaz sou jesyon lajan.

Mande patisipan yo ale nan paj 28–31 nan *Gid Etid pou Patisipan nan Maryaj ak relasyon familyal yo*. Fè yo li tit atik la rapid “Konstans nan mitan chanjman” epi chèche “senk prensip konstans ekonomik” prezidan N. Eldon Tanner. Lè patisipan yo jwenn prensip yo, drese lis la sou tablo a:

<p>Peye yon dim onèt.</p> <p>Viv nan limit mwayen nou.</p> <p>Aprann fè diferans ant nesosite ak dezi.</p> <p>Prepare epi viv nan limit yon bidjè.</p> <p>Rete onèt nan tout zafè finans.</p>

Lè w fin drese lis tout senk prensip yo sou tablo a, itilize matyè sa a pou dirije yon diskisyon konsènan yo:

Peye yon dim onèt.

Envite yon patisipan li deklarasyon sa a pa prezidan Tanner (paj 29) nan *Gid Etid pou Patisipan nan Maryaj ak relasyon familyal yo*:

“Peye yon dim konplè se yon kòmandman, yon kòmandman avèk yon pwomès. Si nou obeyi kòmandman sa a, nou gen pwomès ke n ap ‘pwospere nan peyi a.’ Pwospèrite sa a vle di plis pase byen materyèl—li ka enkli(gen ladan l) jwi yon bon sante ak fòs nan lespri. Li enkli solidarite familyal ak kwasans esprityèl. Mwen espere sila yo pami nou ki p ap peye yon dim konplè pral chèche lafwa ak fòs pou fè sa. Lè w dechaje w anba obligasyon sa a devan Kreyatè w, w ap jwenn anpil, anpil bonè, ke sèlman moun ki fidèl nan kòmandman sa a kapab konnen” (nan Conference Report, Oktòb 1979, 119; oubyen *Ensign*, Novanm 1979, 81).

- Kijan peye dim te pote benediksyon pou fanmi w oubyen pou lòt moun ou konnen?

Viv nan limit sa nou touche.

Mande yon patisipan li deklarasyon sa a pa prezidan Tanner (paj 29) nan *Gid Etid pou Patisipan nan Maryaj ak relasyon familyal yo*:

Mwen te dekouvri ke pa gen okenn mwayen pou ou kapab janm depanse *plis* pase sa ou touche. Mwen konvenki ke se pa kantite lajan yon moun touche ki pote lapè nan lespri men se pito gen kontwòl lajan li. Lajan kapab yon bon sèvitè men yon move kontwòlè. Moun ki planifye nivo lavi ki pèmèt yo jwenn yon kras anplis, gen sityasyon yo sou kontwòl. Moun ki depanse yon tikras plis

pase sa yo touche yo lage bay sitiyasyon yo pou kontwole yo. Yo anba kòd. Prezidan Heber J. Grant te di yon fwa: ‘Si gen yon grenn bagay ki ap pote lapè ak kontantman nan kè lòm, epi andedan fanmi an, se pou viv nan limit mwayen nou. Epi si gen yon grenn bagay ki ekrazan, dekourajan, ak demoralizan, se gen dèt ak obligasyon ke moun nan pa kapab peye’ (*Gospel Standards*, Atik seleksyone pa G. Homer Durham [1941], 111).

“Kle pou depanse mwens pase sa nou touche a senp—li rele disiplin. Menmsi se bonè oubyen ta nan lavi a, nou tout dwe finalman aprann disiplin tèt nou, apeti nou yo, ak dezi ekonomik nou yo. Ala li beni yon moun ki aprann depanse mwens pase sa li touche epi mete yon bagay akote pou move jou yo” (gade Conference Report, Oktòb 1979, 119; oubyen *Ensign*, Novanm 1979, 81).

Panse pataje deklarasyon sa a pa prezidan Gordon B. Hinckley, 15zyèm prezidan legliz la:

“Moman an rive pou mete lòd nan kay nou.

“Tèlman genyen nan pèp nou an k ap viv nan limit salè yo. Anfèt, kèk ap viv nan prete. . . .

“Mwen twouble pa pakèt peman dèt pou bagay yo achte ki pandye sou tèt moun nan peyi a, ladan yo pèp nou an. . . .

“Mwen ensiste. . . pou nou gade eta finans nou yo. Mwen ensiste pou nou rete modès nan depans nou yo; disiplin tèt nou nan acha nou yo pou evite dèt pi plis nou kapab. Peye tout dèt yo pi vit nou kapab, epi libere tèt nou anba esklavaj” (nan Conference Report, Oktòb 1998; 70, 72; oubyen *Ensign*, Novanm 1998, 53–54).

- Nan ki fason dèt se yon esklavaj?
- Ki pratik ki te ede nou soti nan dèt oubyen ede evite tonbe nan dèt? Kisa nou te fè ki te pèmèt nou sere yon ti kras nan salè nou?

Aprann fè diferans ant nesosite ak dezi.

Fè yon patisipan li deklarasyon sa a pa prezidan Tanner (paj 30) nan *Gid Etid pou Patisipan nan Maryaj ak relasyon familyal yo*:

“Eksè ak move jesyon lajan mete yon gwo presyon sou relasyon maryaj yo. Plis pwoblèm nan maryaj yo, sanble, soti apati sous ekonomik—oubyen twò piti salè pou soutni fanmi an oubyen move jesyon salè ki rantre a” (nan Conference Report, Oktòb 1979, 119–20; oubyen *Ensign*, Novanm 1979, 81).

- Kisa nou ka fè pou wè diferans ant nesosite ak dezi? Poukisa li esansyèl pou mari ak madanm yo fè sa ansanm?

Devlope epi viv nan limit yon bidjè.

Eksplike ke kèlkeswa sa resous nou ye, chak koup marye ta dwe travay ansanm pou devlope yon bidjè familyal. Yon bidjè se yon chema sou salè planifye a ak depans pou yon kantite tan. Li ede fanmi yo asire ke depans yo pa depase salè yo. Koup marye yo ta dwe diskite bidjè pandan y ap detèmine bezwen yo, dezi yo, ak objektif finansye yo. Paegzanp, apre estimasyon salè yo pou de mwa k ap vini yo, yon koup marye kapab detèmine ki kantite lajan yo pral itilize nan diferan kategori, tankou dim ak lòt kontribisyon nan legliz la, epay, manje, ak ipotèk

Envite yon patisipan li deklarasyon sa a pa prezidan Tanner (paj 31 *Gid Etid pou Patisipan nan Maryaj ak relasyon famiyal yo*:

“Mwen te obsève nan entèvyou avèk anpil moun pandan anpil ane ke twòp moun pa gen yon bidjè reyalis epi pa disipline tèt yo pou suiv sa ki ladan. Anpil moun panse yon bidjè retire libète yo. Okontrè, moun ki reyisi yo te aprann ke yon bidjè rann yon vrè libète ekonomik posib” (nan Conference Report, Oktòb 1979, 121; oubyen *Ensign*, Novanm 1979, 82).

Rete onèt nan tout zafè finans.

Mande yon patisipan li deklarasyon sa a pa prezidan Tanner (paj 31 nan *Gid Etid pou Patisipan nan Maryaj ak relasyon famiyal yo*:

“Ideyal entegrite pap janm pase mòd. Li aplike nan tout sa n ap fè. Kòm dirijan ak manm nan legliz la, nou ta dwe pèsionifye entegrite” (nan Conference Report, Oktòb 1979, 121; oubyen *Ensign*, Novanm 1979, 82).

- Poukisa onètete se yon pati esansyèl nan tout tranzaksyon finansye yo? Poukisa onètete ant konjwen yo esansyèl nan finans famiyal?

Konklizyon

Ensiste ke mari ak madanm yo dwe travay ansanm pou jere finans yo. Mande patisipan yo anvizaje kijan y ap suiv prensip yo ki te diskite pandan leson an. Envite yo fè plan pou amelyore fason yo jere lajan.

Dapre pouse Lespri a, temwaye sou verite yo ki te diskite pandan leson an.

Ale nan paj 8–11 nan *Gid Etid pou Patisipan Maryaj ak Relasyon Famiyal*. Ankouraje patisipan yo repase doktrin ak prensip nan leson an nan (1) suiv omwen yonn nan sigjesyon yo nan “Lide pou Aplikasyon” epi (2) li atik “Konstans nan mitan chanjman, “ pa prezidan N. Eldon Tanner. Fè remake ke koup marye yo kapab resevwa gwo benefis apati lèkti ak diskisyon sou atik nan gid etid a ansanm.

Materyèl resous anplis

Revizyon sou leson yo nan pati A nan kou sou maryaj ak relasyon famiyal la.

Leson sa a konkli pati A nan kou sou maryaj ak relasyon famiyal. Si w ap anseye tout klas la nèt, anvizaje itilize egzèsis sa a:

Bay chak patisipan yon fèy papye ak yon plim oubyen kreyon. Mande patisipan yo pran twa minit pou drese lis doktrin ak prensip yo sonje nan yuit premye leson nan kou sa a. Fè yo souliye doktrin oubyen prensip ki te pi enpòtan pou yo. Ankouraje yo prepare pou pale konsènan kèk nan atik yo souliye yo. Si yo bezwen èd, itilize tab matyè yo nan paj v–vii nan manyèl sa a oubyen ide jeneral sou kou a nan paj vii–viii nan *Gid Etid pou Patisipan nan Maryaj ak relasyon famiyal yo*.

Aprè twa minit yo, mande chak patisipan pou li yonn nan atik nan lis li a epi eksplike poukisa li patikilyèman enpòtan. Rezime apwòch patisipan yo sou tablo a, epi rekonèt enpòtans chak kòmantè. Apresa pataje apwòch pa w. Si tan pèmèt sa, repete egzèsis sa a.

Remèsye moun w ap anseye yo pou patisipasyon yo nan premye pati kou sa a. Eksplike ke dezyèm pati klas la pral genyen yuit leson konsènan kijan paran yo kapab fòtifye fanmi yo epi jwenn lajwa nan responsablite yo. Mande tout patisipan yo pou yo kontinye asiste klas la.

PATI B
RESPONSABLITE PARAN
YO POU FÒTIFYE FANMI YO



“TIMOUN SE YON ERITAJ SENYÈ A”

LESON 9

Bi Pou raple patisipan yo ke lè paran terès yo akeyi timoun Papa nou ki nan syèl la nan fwaye yo, yo asime responsablite pou renmen yo, cheri yo, epi dirije yo nan lavi etènèl.

Preparasyon

1. Lè w ap prepare tèt ou pou anseye, chèche fason pou suiv prensip yo nan “Responsablite ou yo kòm Enstriktè” (pages ix–xi nan manyèl sa a).
2. Li tit ki fonsè yo nan leson an. Tit sa yo bay yon rezime sou doktrin ak prensip nan leson an. Kòm pati nan preparasyon ou, medite sou fason pou ede patisipan yo aplike doktrin ak prensip sa yo. Chèche gidans Lespri a nan deside sou kisa ou ta dwe ensiste sou li pou satisfè bezwen patisipan yo.
3. Alavans, mande kèk timoun nan primè pou vini nan klas la nan kòmansman leson an epi chante “Je suis enfant de Dieu” “ Mwen se pitit Bondye ”(*Children’s Songbook, 2–3; Hymns, no. 301*). Oubyen pare w pou chante chan an avèk patisipan yo.
4. Alavans, envite youn oubyen de patisipan prepare pou pale rapid rapid konsènan lajwa pitit yo te pote nan lavi yo. Sigjere ke yo pataje eksperyans pèsònèl yo kòm yon pati nan prezantasyon yo a. Chèche gidans Lespri a lè w ap deside kiyès pou akonpli tach sa a.

Sigjesyon pou Devlopman Leson an

Papa nou ki nan syèl la konfyè espri li yo bay paran terès yo.

Mande timoun nan Primè ou te chwazi yo pou chante “Je suis enfant de Dieu” “M se pitit Bondye” (gade “Preparasyon,” atik 3). Kite timoun yo retounen nan klas yo lamenm apre chante a. Si w pa te mande timoun nan primè pou vini nan klas la, envite patisipan yo chante chan an avèk ou.

- Ki verite ki anseye nan chan sa a?
- Kisa nou kapab aprann nan chan sa a konsènan responsablite paran yo? (Anvizaje ale nan pawòl yo nan refren an: “Conduis moi et marche avec moi/ Sur le bon chemin/Apprends moi comment agir/ Pour le connaitre enfin”.)

Prezidan Gordon B. Hinckley, 15zyèm prezidan legliz la, te konseye: “Pa janm bliye timoun piti yo se pitit gason ak pitit fi Bondye epi nou gen responsablite pou elve yo, ke Li te paran anvan nou te paran epi li pa t abandone dwa parental li oubyen enterè nan timoun piti sa yo. Kounyeya, renmen yo, pran swen yo. Papa yo, kontwole kòlè nou, kounyeya epi nan tout ane k ap vini yo. Manman yo, kontwole vwa nou; kenbe l ba. Elve timoun yo nan lanmou, nan atansyon ak avètisman Senyè a. Pran swen timoun piti yo. Akeyi yo nan fwaye nou yo, epi nourri yo epi renmen avèk tout kè nou” (“Excerpts from Recent Addresses of President Gordon B. Hinckley,” *Ensign*, Jiyè 1997, 73).

Eldè M. Russell Ballard nan Kowòm Douz Apot yo te anseye: “Chak èt imen se yon pitit espri Bondye epi li te viv avèk Papa nou ki nan syèl la anvan yo vini sou tè a. Li konfye paran terès yo piti espri li yo, ki akòde yo yon kò mòtèl atravè mirak nesans fizik la, epi bay paran yo opòtinite ak responsablite sakre pou renmen, pwoteje, anseye, epi grandi yo nan limyè ak verite pou yo ka yon jou, atravè eksperyasyon ak rezireksyon Jezikri, retounen nan prezans Papa nou” (nan Conference Report, Avril 1991, 104; oubyen *Ensign*, Me 1991, 78).

- Kijan konesans ak konpreyansyon sa a ta dwe enfliyanse fason paran yo trete pitit yo?

Li konsèy sa a, Evèk Robert D. Hales te bay pandan li t ap sèvi kòm Evèk prezidan: “Nan anpil fason paran terès yo reprezante Papa nou ki nan syèl la nan pwosesis pou nourri, renmen, pran swen, ak anseye timoun yo. Timoun yo nati-rèlman gade sou paran yo pou yo aprann karakteristik Papa nou ki nan syèl la. Lè yo vin renmen, repekte, epi genyen konfyans nan paran terès yo, yo souvan, san yo pa konnen, devlope menm santiman yo pou Papa nou ki nan syèl la” (nan Conference Report, Oktòb 1993, 10; oubyen *Ensign*, Novanm 1993, 9).

Envite patisipan yo medite sou kijan atitud ak aksyon paran yo kapab enfliyanse santiman timoun yo pou Papa nou ki nan syèl la.

Paran yo ta dwe chèche satisfè bezwen endividyèl chak timoun.

Eksplike ke chak timoun genyen pwòp dezi, talan, ak bezwen pa li. Li enpòtan pou paran yo lite pou konprann kapasite endividyèl ak bezwen chak timoun.

Anpil timoun yon jan diferan ak paran yo. Tanperaman yo ka diferan, epi yo ka genyen pwen fò ak pwen fèb ki diferan. Diferans sa yo kapab fristran pou paran yo, ki ka twouve li difisil pou gide ak ede timoun yo atravè eksperyans yo pa te janm fè avèk yo. Men paran yo ta dwe sonje ke Papa nou ki nan syèl te fè yo konfyans ak timoun patikilye sa yo epi ke Li ap ede yo konnen kijan pou gide chak timoun nan akonplisman potansyèl diven yo. Sè Michaelene P. Grassli, ansyen prezidan Primè, te di:

“Nou bezwen dekouvri kiyès pitit nou yo reyèlman ye. Nou bezwen konnen kisa ki enterese yo, kisa ki ba yo pwoblèm, epi kisa yo ta renmen fè si yo te ka reyalize pi gwo rèv yo. Rèv yo ki pi pwofon preske toujou ekstraòdinè. Nou kapab kite timoun yo rete yomenm epi pa atann ke yo se repwodiksyon paran yo. Ba yo divès eksperyans konsa yo kapab *dekouvri* kisa ki enterese yo, epi lèsa ankouraje enterè ak talan sa yo—menmsi yo pa menm ak pa nou yo” (“Teaching Our Children,” *Ensign*, Avril 1994, 62).

- Poukisa li enpòtan ke paran yo konprann karakteristik endividyèl ak bezwen chak nan pitit yo?
- Ki domaj ki kapab vini lè paran yo fòse timoun yo nan aktivite oubyen eksperyans ki pa kadre avèk talan ak enterè endividyèl timoun yo?
- Kisa paran yo kapab fè pou kiltive talan ak kapasite chak nan pitit yo?

Pou ede patisipan yo aplike prensip sa, mande yo drese lis kèk fason timoun yo nan menm fanmi an ka diferan youn ak lòt epi ak paran yo ak lòt fanmi yo. Ekri lide yo sou tablo a. Apresa diskite sou talan espesifik oubyen karakteristik yo nan poze kesyon tankou sa yo:

- Kisa paran yo ta ka fè pou ankouraje yon timoun kontinye devlope talan sa a?
- Si yon timoun genyen karakteristik sa a, kisa paran yo ta ka fè pou anseye li pou li rete chaman ak janti?
- Nan ki fason yon timoun avèk talan sa a ta ka kontribye nan sware famiyal?

Fè remake ke paran yo ki konprann kapasite ak karakteristik chak timoun plis kapab disipline timoun yo. Envite yon patisipan li konsèy sa a Eldè James E. Faust te bay pandan li t ap sèvi nan Kowòm Douz Apot yo (paj 49 nan *Gid Etid pou Patisipan nan Maryaj ak relasyon famiyal yo*:

"Youn nan pi gwo defi paran yo se disipline timoun yo kòrekteman. Elve yon timoun se yon bagay ki tèlman patikilye. Chak timoun diferan epi inik. Sa ki mache pou youn ka pa mache pou yon lòt. Mwen pa konnen kiyès ki saj ase pou di ki règ ki twò difisil oubyen kisa ki twò lese ale sinon paran timoun yo yomenm, ki se moun ki renmen yo plis. Se yon zafè ki mande pou paran yo priye pou disènen l. Asireman prensip ki pi red ak mwen lejè a se ke disipline timoun yo dwe chita plis sou lanmou pase pinisyon" (nan Conference Report, Oktòb 1990, 41; oubyen *Ensign*, Novanm 1990, 34).

- Ki eksperyans ki te ede nou konprann ke disiplin dwe bay an fonksyon bezwen ak sityasyon chak timoun?

Timoun yo gen dwa ak relasyon lanmou avèk paran yo.

Fè remake ke yonn nan bagay ki pi enpòtan paran yo kapab fè se founi yon atmosfè lanmou, amitye, ak bonè nan fwaye yo. Pataje deklarasyon sa a yo:

Pandan li t ap sèvi nan Kowòm Douz Apot yo, Eldè Gordon B. Hinckley te di: "Ala li privilejye, ala li beni yon timoun ki santi afeksyon paran li. Chalè sa a, lanmou sa a ap pote fwi dous nan ane k ap vini apre yo" (nan Conference Report, Oktòb 1978, 25; oubyen *Ensign*, Novanm 1978, 18).

Eldè Marlin K. Jensen nan Swasanndis yo te di: "Tankou tout bagay ki reyèlman gen anpil enpòtans nan lavi a, bezwen pou amitye pi byen satisfè nan fwaye a. Si pitit nou santi amitye andedan fanmi an, yonn avèk lòt, epi avèk paran yo, yo pa pral fè foli pou moun deyò fanmi an aksepte yo" (nan Conference Report, Avril 1999, 81; oubyen *Ensign*, Me 1999, 64).

- Kisa nou sonje nan anfans nou ki te ede nou santi lanmou? Nan ki fason santiman lanmou sa yo te enfliyanse nou nan tout lavi nou?
- Kisa paran yo kapab fè nan fwaye yo pou ede pitit yo konnen ke yo renmen yo?

Fè remake ke pandan paran lite pou genyen yon relasyon lanmou avèk pitit yo, bon komunikasyon rete vital. Eldè M. Russell Ballard te konseye: "Anyen pa pi enpòtan nan relasyon ant manm fanmi yo pase komunikasyon ouvè, onèt. Sa patikilyèman vrè pou paran k ap eseye anseye pitit yo prensip yo ak valè moral yo nan levanjil la. Kapasite pou pale avèk jèn nou yo,—epi petèt pi enpòtan an, pou reyèlman tande enkyetid yo—se fondasyon pou bati asosyasyon ki gen siksè. Souvan sa nou wè nan je ak sa nou santi nan kè ap pi byen kominike pase sa nou tande oubyen di" (nan Conference Report, Avril 1999, 114; oubyen *Ensign*, Me 1999, 86–87).

- Kisa paran yo kapab fè pou byen kominike avèk pitit yo? (Repons yo ka enkli sa ki nan lis sa a.)

- a. Rete yon ekoutè enfatigab. Si nesèsè, repete sa ou konprann apati sa timoun yo di. Sa ap montre yo ke w ap koute reyèlman epi ap ede yo sèten ke ou konprann.
- b. Pase tan ap pale epi koute timoun yo menm lè yo tou piti—menm anvan yo kapab pale.
- c. Montre enterè pou lide pa yo.
- d. Ouvri konvèsasyon padan n ap manje.
- e. Pase tan ap pale avèk yo yonn pa youn.

Pou ensiste ke paran yo ta dwe pase tan pou kont yo avèk chak nan pitit yo, pataje konsèy sa a pa Eldè Robert D. Hales nan Kowòm Douz Apot yo: “Pase tan apa avèk pitit [nou], kite yo chwazi aktivite ak sijè konvèsasyon an. PA kite anyen entèwonp nou” (nan Conference Report, Avril 1999, 41; oubyen *Ensign*, Me 1999, 33).

Pou plis ide sou prensip bon kominikasyon, gade paj 24–26 nan leson 5.

Maltrete timoun se yon ofans devan Bondye.

Li Matye 18:6 avèk patisipan yo. Eksplike ke paran yo pa ta dwe janm maltrete timoun yo nan okenn fason.

- Ki kèk fason moun ka maltrete timoun? (Anvizaje drese li repons patisipan yo sou tablo a. Repons yo ka enkli sa ki nan lis sa a.)
 - a. Kòlè vyolan
 - b. Rele
 - c. Menas
 - d. Agresyon fizik
 - e. Nenpòt kontak seksyèl oubyen vye jès.
 - f. Pase kòmantè yo nan betiz
 - g. Pa montre afeksyon
 - h. Kontak avèk vye fim, plezantri, langaj, revi, oubyen materyèl entènèt.
 - i. Montre pati entim yo
 - j. Neglije, tankou mank swen medikal oubyen mank kontwòl oubyen disiplin.
- Nan ki fason aksyon sa yo blese timoun yo?

Aprè diskisyon sou kesyon sa a, eksplike ke kèkfwa granmoun ki te maltrete pandan anfans yo trete pitit yo nan menm fason negatif yo, san rann yo kont kijan konpòtman sa a blesan. Kèkfwa yo ka santi yo enkapab pou chanje konpòtman yo pou yomenm. Ensiste ke moun ki te maltrete yo kapab chanje konpòtman yo lè yo nan imilite chèche èd ak gidans Senyè a.

Moun ki vle èd pou konprann epi chanje abitud maltrete yo ka ale kote evèk yo. L ap kapab konseye yo. Li ka rekòmande yo resous nan kominote a ki founi èd ki an akò avèk prensip legliz la tou.

Li Doktrin ak Alyans 121:41–44 avèk patisipan yo.

- Nan ki fason pasaj sa gen pou wè avèk jan paran yo disipline pitit yo?

Pandan li t ap sèvi kòm Premye Konseye nan Premye Prezidan la, prezidan Gordon B. Hinckley te anseye:

"Timoun yo pa bezwen baton. Yo bezwen lanmou ak ankourajman. Yo bezwen papa yo kapab gade avèk respè olye laperèz. Plis pase tout bagay, yo bezwen egzanp. . . .

"Siplikasyon mwen . . . se pou sove timoun yo. Twòp nan yo ap mache avèk doulè, laperèz, nan solitud ak dezespwa. Timoun yo bezwen solèy. Yo bezwen bonè. Yo bezwen lanmou ak atansyon. Yo bezwen jantiyès ak remontan ak afeksyon. Chak fwaye, kelkeswa konbyen kay la koute, kapab founi yon anviwònman lanmou ki ap tounen yon anviwònman pou Sali" (nan Conference Report, Oktòb 1994, 74–75; oubyen *Ensign*, Novanm 1994, 54).

Prezidan Brigham Young, 2zyèm Prezidan Legliz la, te anseye:

"Elve timoun yo nan lanmou ak lakrent pou Senyè a, etidye tandans ak tanperaman yo, epi fonksyone ak yo dapre sa, san pa janm kite nou korije yo nan chalè pasyon; anseye yo pou renmen olye yo pè nou" (*Discourses of Brigham Young*, seleksyon pa John A. Widtsoe [1954], 207).

Timoun yo pote lajwa nan lavi paran yo.

Fè remake ke li enpòtan pou paran yo sonje responsablite sakre ak solanèl yo, men li enpòtan tou pou yo reflechi sou lajwa timoun yo pote nan lavi yo. Pandan li t ap sèvi nan Kowòm Douz Apot yo, Eldè James E. Faust te obsève ke "pandan pa gen anpil defi pou lòm ki pi gran pase rete bon paran, pa genyen anpil okazyon ki ofri pi gran posiblite lajwa tou" (nan Conference Report, Oktòb 1990, 40; oubyen *Ensign*, Novanm 1990, 32; gade tou paj 48 nan *Gid Etid pou Patisipan nan Maryaj ak relasyon famiyal yo*).

Envite patisipan ou te chwazi yo pou pale rapid rapid konsènan lajwa pitit yo te pote nan lavi yo (gade "Preparasyon," atik 4). Si genyen tan, anvizaje pataje santiman ou konsènan lajwa pitit ou te pote nan lavi ou.

Konklizyon

Ensiste ke timoun se kado Papa nou ki nan syèl la pou nou. Jan otè Sòm yo te di, "Pitit se eritaj Senyè a" (Sòm 127:3). Lè paran terès yo akeyi pitit Papa nou ki nan syèl lanan fwaye yo, yo asime responsablite pou renmen yo, cheri yo, anseye yo, epi mennen yo nan lavi etènèl.

Ale nan paj 35–38 nan *Gid Etid pou Patisipan nan Maryaj ak relasyon famiyal yo*. Ankouraje patisipan yo repase doktrin ak prensip nan lesan an nan (1) suiv omwen yonn nan sigjesyon yo nan "Lide pou Aplikasyon" epi (2) li atik nan "Piti presye yo, yon kado Bondye," pa prezidan Thomas S. Monson. Fè remake ke koup marye yo kapab resevwa gwo benefis apati lèkti ak diskisyon sou atik nan gid etid la ansanm.

Ankouraje patisipan yo pote kopi pa yo nan gid etid la nan klas la pou pwochen lesan an.

Materyèl resous anplis

Deklarasyon pou fè fas ak bezwen sila yo ki pa nan sitiyasyon famiyal tradisyonèl yo.

Pou fè fas ak sikonstans patisipan ki pa nan yon sitiyasyon famiyal tradisyonèl, li youn oubyen plis nan deklarasyon sa yo:

Eldè Boyd K. Packer nan Kowòm Douz Apot yo te eksplike: “Okenn nanm ki natirèlman oubyen dapre sitiyasyon pa resevwa benediksyon maryaj ak elve timoun, oubyen ki inosaman oblije aji pou kò li nan elve timoun epi travay pou sipòte yo, p ap pèdi okenn benediksyon nan letènite yo— depi yo kenbe kòmandman yo. Jan prezidan Lorenzo Snow [5yèm prezidan legliz la] te pwo-mèt, ‘Sa sèten epi ankourajan’”(nan Conference Report, Oktòb 1993, 30; oubyen *Ensign*, Novanm 1993, 23).

Prezidan Harold B. Lee, 11zyèm prezidan legliz la, te di: “[Fi] ki pa t jwenn benediksyon pou yo madanm oubyen manman nan lavi sa a —ki di nan kè yo, si mwen te kapab fè, mwen ta fè, si mwen te fè, mwen ta bay si mwen te genyen, men mwen pa kapab paske mwen pa genyen—Senyè a pral beni yo tankou si yo te fè, epi mond ki gen pou vini an pral rekonpanse moun ki nan kè yo gen dezi pou bagay jis yo pa t kapab fè san se pa t fòt pa yo” (“Maintain Your Place As a Woman,” *Ensign*, Fevriye 1972, 56).

Eldè Gene R. Cook nan Swasanndis yo te eksplike : “Kèkfwa yon fanmi jis genyen yon paran akoz lanmò oubyen divòs. Kèkfwa se sèlman yon paran ki se manm legliz la. Kèkfwa genyen youn ki mwens aktif pase lòt la. Egzakteman menmjan an, yon paran ki motive espiyèlman kapab reyisi grandi yon fanmi nan Senyè a. Kèk nan pi bon gason ak fi mwen te konnen te soti nan kalite fanmi konsa. Se pou Seyè a beni bon manman ak papa sa yo ki ka panse yo oblije fè li ‘pou kont yo’ men an reyalyte y ap grandi pitit yo anba direksyon Senyè a” (*Raising Up a Family to the Lord* [1993], xv).

WÒL SAKRE PAPA AK MANMAN YO

LESON
10

(Pati 1: Wòl papa yo)

Bi Pou ede patisipan yo konprann kijan papa yo akonpli wòl sakre yo ak kijan papa ak manman yo kapab youn ede lòt antanke patnè egal ego.

Preparasyon

1. Anvizaje fason ou kapab aplike prensip yo nan “Responsablite w yo kòm Enstriktè” (paj ix–xi nan manyèl sa a).
2. Medite sou doktrin ak prensip ki ekspoze nan tit ki fonsè yo nan leson an. Pandan semèn nan, reflechi sou fason pou anseye doktrin ak prensip sa yo. Chèche gidans lespri a nan deside sou kisa w ta dwe ensiste sou li pou satisfè bezwen patisipan yo.
3. Raple patisipan yo pou pote kopi pa yo nan *Gid Etid pou Patisipan nan Maryaj ak relasyon familyal yo* nan klas la.

Sigjesyon pou Devlòpman Leson an

Papa ak manman yo ta dwe travay ansanm pou founi chak nan timoun pa yo yon boukliye lafwa.

Ekri *Boukliye lafwa* sou tablo a. Li Doktrin ak Alyans 27:15, 17 avèk patisipan yo.

- Nan ki fason lafwa se yon boukliye?

Li deklarasyon sa a pa prezidan Boyd K. Packer, prezidan sipleyan Koòm Douz Apot yo. Mande patisipan yo koute avèk atansyon pou wè poukisa timoun yo bezwen resevwa “boukliye lafwa a” nan fwaye a.

“Plan Papa a, menm jan ak jenerasyon lavi sa a limenm, egzije ke boukliye lafwa a prepare epi byen chita nan fanmi an. Pa gen de ki sanble egzakteman. Chak dwe monte alamen dapre kritè endividyèl yo.

“Plan Papa a te trase a anvizaje ke gason ak fi a, mari ak madanm, nan travay ansanm, taye yon boukliye lafwa ki fèt pou boukle li byen fèm ase ke li pa ka ni dekole sou li ni flèch toulimen yo pa ka travèse pou chak timoun separe.

“Sa mande fòs solid yon papa pou bat metal la epi men janti yon manman pou poli l ak fè l byen chita. Kèkfwa yon paran pou kont li oblije fè li. Sa difisil, men li kapab fèt.

“Nan legliz la nou kapab anseye konsènan materyo pou fè boukliye lafwa a: reverans, kouraj, chastete, repantans, padon, konpasyon. Nan legliz la nou kapab aprann monte epi fè yo chita ansanm. Men byen monte ak fè boukliye a byen chita se bagay ki rive nan milye familyal la. Si sepasa li ka vin lache epi vin tounen yon kalamite” (nan Conference Report, Avril 1995, 8; oubyen *Ensign*, Me1995, 8).

- Kisa deklarasyon sa anseye konsènan wòl papa ak manman yo?

Mande patisipan yo ale nan “Fanmi an : yon pwoklamasyon pou mond la” nan paj iv nan *Gid Etid pou Patisipan nan Maryaj ak relasyon famiyal yo* (gade tou paj viii nan manyèl sa). Li avèk yo prensip ki nan senkyèm paragaf yo nan pwoklamasyon an:

“Dapre plan diven an, papa yo dwe dirije fanmi yo avèk lanmou ak jistis epi yo responsab pou yo bay fanmi yo tout sa yo bezwen nan lavi a ak pwoteksyon. Manman yo responsab prensipalman pou nouriti pitit yo. Nan responsablite sakre sa yo, manman ak papa gen obligasyon pou youn ede lòt kòm asosye egal. Enfi-mite, lamò, oubyen lòt sikonstans kapab egzije adaptasyon endividyèl. Lòt kòd fanmi yo ta dwe bay sipò yo lè l nesèsè.”

Eksplike ke lesou sa a ak lesou 11 la pale sou wòl sakre papa ak manman yo. Malgre yon lesou fokal sou wòl papa yo epi yon lòt fokal sou wòl manman yo, toulede lesou yo aplike alafwa pou papa ak manman yo ki oblije travay pou ede youn lòt tankou patnè egal.” Lesou yo la tou pou ede paran selibatè yo ki fè tout sa yo kapab, avèk èd Senyè a, pou ranpli toulede wòl yo.

Papa yo dwe prezide nan lanmou ak jistis.

Fè patisipan yo ale nan deklarasyon sa a nan pwoklamasyon sou fanmi an: “Dapre plan diven an, papa yo dwe dirije fanmi yo avèk lanmou ak jistis.” Eksplike ke mo *prezide* a vle di dirije gide epi pran responsablite pou byennèt fanmi an.

Ensiste ke lè yon gason ranpli responsablite li pou prezide nan fwaye a, li travay an patnè avèk madanm li. Prezidan Howard W. Hunter, 14zyèm prezidan legliz la, te konseye: “Yon gason ki detni prèttriz la aksepte madanm li kòm patnè egal li nan dirije nan fwaye a ak fanmi an avèk tout konesans ak patisipasyon nan tout desizyon ki gen pou wè ak yo. . . . Dapre apèl diven, responsablite pou prezide sou fwaye a repoze sou detantè prèttriz la (gade Moyiz 4:22). Senyè a te vle ke madanm nan rete lòt mwaye a pou gason an—ki se, yon konpayon egal epi nesèsè nan yon asosyasyon patnè total. Prezide nan jistis mande pataj responsablite yo ant mari ak madanm ; ansanm nou aji nan konesans ak patisipasyon nan tout zafè fanmi an. Pou yon gason k ap opere pou kont li oubyen sann respekte santiman ak konsèy madanm li nan gouvènè fanmi an se egzèsè yon dominasyon enjis” (nan Conference Report, Oktòb 1994, 68; oubyen *Ensign*, Novanm 1994, 50–51).

Prezidan Spencer W. Kimball, 12zyèm prezidan legliz la, te anseye ke papa yo “dwe prezide tankou Jezikri prezide sou legliz la—nan lanmou, nan sèvis, nan tandrès, ak nan egzanp” (nan Conference Report, Avril 1976, 68; oubyen *Ensign*, Me 1976, 45).

- Poukisa li enpòtan pou papa yo prezide nan lanmou ak jistis?

Pandan l t ap sèvi kòm premye konseye nan Premye Prezidans la, prezidan Gordon B. Hinckley te declare pou papa yo: “Se responsablite debaz ak inevitab nou pou kanpe kòm tèt fanmi an. Sa pa mache avèk okenn enplikasyon nan aksyon diktatè oubyen dominasyon enjis. Li mache avèk yon obligasyon pou papa yo pote sa fanmi yo gen bezwen. Bezwen sa yo plis pase manje, rad, ak refij. Bezwen sa yo enkli direksyon jis ak ansèyman, avèk egzanp tankou pa presèp, sou prensip debaz tankou onètete, entegrite, sèvis, respè pou dwa lòt moun, ak yon konpreyansyon ke nou gen pou rann kont pou sa nou fè nan lavi sa a, non sèlman yonn bay lòt, men tou bay Bondye nan syèl la, ki se

Papa etènèl nou” (nan Conference Report, Oktòb 1993, 78–79; oubyen *Ensign*, Novanm 1993, 60).

Prezidan Howard W. Hunter te di” “Nou ankouraje nou, frè yo, pou sonje ke prèttriz la se yon otorite jis tou senpleman. Akeri respè ak konfyans pitit nou yo atravè relasyon lanmou nou avèk yo” (nan Conference Report, Oktòb 1994, 69; oubyen *Ensign*, Novanm 1994, 51).

Pou ede patisipan yo konprann kisa papa yo ta dwe fè pou bay pitit yo lidèchip espirityèl, fè yo ale nan paj 41–42 nan *Gid Etid pou Patisipan nan Maryaj ak relasyon famiyal* yo. Avèk patisipan yo, li epi diskite deklarasyon sa pa prezidan Ezra Taft Benson, 13yèm prezidan legliz la:

“Avèk lanmou nan kè nou pou papa nan Izrayèl yo, pèmèt mwen sigiere dis fason espesifik ke papa kapab bay pitit yo lidèchip espirityèl:

“1. Bay chak pitit nou benediksyon patènèl. Batize epi konfime pitit nou yo. Òdone pitit gason ou nan Prèttriz la. Sa yo ap tounen siyal espirityèl nan lavi pitit nou yo.

“2. Dirije priyè famiyal pèsònèlman, etid ekriti yo chak jou, ak sware famiyal chak semèn. Enplikasyon pèsònèl nou ap montre oitit nou yo kijan aktivite sa yo reyèlman enpòtan.

“3. Kote sa posib, ale nan reyinyon legliz yo ansanm kòm fanmi. Adorasyon famiyal anba lidèchip nou vital pou byennèt espirityèl pitit nou yo.

“4. Ale nan sòti yo fè pou papa ak pitit fi yo ak aktivite pou papa ak pitit gason yo avèk pitit nou. An fanmi, ale nan kan ak piknik, nan bal ak resital, nan aktivite nan lekòl yo, elatriye. Lè papa la, sa fè yon diferans.

“5. Bati tradisyon vakans ak vwayaj ak sòti famiyal. Souvni sa yo timoun yo pa p janm bliye yo.

“6. Pale avèk chak nan pitit nou yo regilyèman. Kite yo pale konsènan sa yo ta renmen. Anseye yo prensip levanjil la. Anseye yo vrè valè yo. Di yo nou renmen yo. Moman an prive avèk pitit nou yo di yo ki kote Papi mete priyorite li yo.

“7. Anseye pitit nou yo pou travay, epi montre yo nesosite pou travay pou yon bonjan bi. Tabli fon pou misyon ak edikasyon pou pitit nou yo montre yo kisa Papi konsidere kòm enpòtan.

“8. Ankouraje bon mizik ak art ak literati nan fwaye nou yo. Fwaye ki gen yon espri elegans ak bote ap beni lavi timoun yo pou toutan.

“9. Si distans yo pèmèt, regilyèman ale nan tanp avèk madanm nou. Piti nou yo ap pi byen konprann enpòtans maryaj nan tanp la ak alyans tanp yo ak inite famiyal etènèl la.

“10. Fè timoun yo wè lajwa ak satisfaksyon nou pou sèvi nan legliz la. Sa ka vin kontajye pou yo, konsa, yo menm tou, y ap anvi sèvi nan legliz la epi y ap renmen wayòm nan” (nan Conference Report, Oktòb 1987, 62–63; oubyen *Ensign*, Novanm 1987, 50–51).

Papa yo dwe founi fanmi yo sa ki nesèsè pou lavi a ak pwoteksyon.

Raple patisipan yo ke pwoklamasyon sou fanmi an deklare ke papa yo “responsab pou bay fanmi yo ... sa yo bezwen nan lavi a.”

- Site kèk bezwen tanporèl nan lavi a? (Repons yo ka enkli manje, lajan, rad, ak pwoteksyon.) Nan ki fason papa yo founi bezwen sa yo?

Prezidan Howard W. Hunter te di: “Nou menm ki detni Prètriz la nou gen responsablite, sof andikap, pou nou founi sipò tanporèl pou madanm nou ak pitit nou yo. Okenn gason pa kapab lage responsablite l sou yon lòt moun, menm pa madanm li. Senyè a te kòmande ke madanm ak timoun yo repoze sou mari ak papa yo pou antretyen yo (gade D&A 83; 1 Timote 5:8). . . . Nou rekòmande pou nou fè tout sa nou kapab pou madanm nou rete nan fwaye a , pou pran swen timoun yo pandan n ap apwovizyone fanmi an pi byen nou kapab” (nan Conference Report, Oktòb 1994, 69; oubyen *Ensign*, Novanm 1994, 51).

- Site kèk bezwen espartyèl nan lavi a? (Repons yo ka enkli temwayaj, lanmou, priyè chak jou ak etid ekriti , ansèyman levanjil la, ak òdonans prètriz la.) Kisa papa yo kapab fè pou founi bezwen sa yo?
- Kijan yon madanm ak timoun yo kapab sipòte efò mari ak papa yo nan apwovizyone yo?

Fè patisipan yo gade konsèy sa nan pwoklamasyon sou fanmi an: “Papa yo responsab pou founi . . . pwoteksyon pou fanmi yo.”

- Pou ki bagay fanmi yo bezwen pwoteksyon?
- Nan ki fason mari ak papa yo kapab founi pwoteksyon pou fanmi yo?

Prezidan Howard W. Hunter te di:

“Yon papa jis pwoteje pitit li avèk tan ak prezans li nan aktivite ak responsablite sosyal, eskolè, ak espartyèl yo. . . .

“Yon gason ki detantè Prètriz la dirije fanmi li nan patisipasyon nan legliz la pou yo ka vin konnen levanjil la epi jwenn pwoteksyon nan alyans ak òdonans yo. Si nou dwe jwi benediksyon Senyè a, nou dwe mete pwòp fwaye nou nan lòd. Ansanm avèk madanm, nou detèmine anbyans espartyèl nan fwaye nou. Premye obligasyon nou se pou mete lòd nan pwòp lavi pa nou atravè etid regilye ekriti yo ak priyè chak jou. Pwoteje epi onore prètriz nou ak alyans tanp yo; ankouraje fanmi nou fè menm jan” (nan Conference Report, Oktòb 1994, 69; oubyen *Ensign*, Novanm 1994, 51).

- Site kèk egzanp nou te wè sou papa ki akonpli responsablite sakre sa yo?

Nòt: Si w ap anseye leson sa a apa epi w pa planifye pou anseye leson 11 la, anvizaje diskite deklarasyon sa a apati pwoklamasyon sou fanmi an: “Nan responsablite sakre sa yo, manman ak papa gen obligasyon pou youn ede lòt kòm asosye egal.” Leson 11 la gen ladan èd pou diskite verite sa (gade paj 56–57).

Konklizyon

Dapre pouse lespri a, temwaye sou verite yo ki diskite pandan leson an.

Ale nan paj 39–42 nan *Gid Etid pou Patisipan Maryaj ak Relasyon Familyal*. Ankouraje patisipan yo repase doktrin ak prensip nan leson an nan (1) suiv omwen youn nan sigjesyon yo nan “Lide pou Aplikasyon” epi (2) li atik “Pou papa nan Izrayèl yo”, pa prezidan Ezra Taft Benson. Fè remake ke koup marye yo kapab resevwa gwo benefis apati lekti ak diskisyon sou atik nan gid etid yo a ansanm.

Raple patisipan yo pou pote gid etid yo nan klas pou pwochen leson an.

WÒL SAKRE PAPA AK MANMAN YO

LESON
11

Pati 2: Wòl manman yo

Bi Pou ede patisipan yo konprann kijan manman yi akonpli wòl sakre yo ak kijan pap yo kapab ede kòm asosye egal.

Preparasyon

1. Repase prensip yo sou “Responsablite ou yo kòm enstriktè” (paj ix–xi nan manyèl sa). Chèche fason pou aplike prensip sa yo nan preparasyon ou pou anseye.
 2. Li tit nan leson an ki fonsè yo, ki dekri doktrin ak prensip yo nan leson an. Kòm pati nan preparasyon ou, medite sou doktrin ak prensip yo pandan semèn nan, chèche gidans Lespri a pou deside sou kisa ou ta dwe ensiste pou satisfè bezwen patisipan yo.
 3. Raple patisipan yo pou pote kopi pa yo nan *Gid Etid pou Patisipan nan Maryaj ak relasyon familyal yo nan klas la*.
-

Sigjesyon pou Devlopman Leson an

Manman yo patisipe nan travay Bondye a.

Kòm entwodiksyon pou leson sa a, li avèk patisipan yo, ekstrè sa a apati yon diskou Eldè Jeffrey R. Holland nan Kowòm Douz Apot yo (paj 44 = *Gid Etid pou Patisipan nan Maryaj ak relasyon familyal yo*:

“Sa pa gen lontan yon jèn manman te ekri mwen ke enkyetid li te gen tandans soti nan twa direksyon. Yonn sete chak fwa li te tande diskou sou yon manman SDJ, li gen pwoblèm paske li santi li pa alawotè oubyen antouka li pa t ap ka rive akonpli tach sa a. Dezyèmman, li te santi tankou mond lan ap tann ke li anseye pitit li yo li, ekri, dekorasyon enteryè, Laten, matematik, ak entènèt—tout sa anvan menm bebe a ta gazouye premye pawòl li ‘gou gou.’ Twazyèmman, li te souvan santi moun gade l kèkfwa kòm tou piti, preske toutan san se pa entansyon yo, paske konsèy li jwenn oubyen menm konpliman li resevwa pa sanble reflete anyen nan envestisman mantal, ak gwo efò espirityèl ak emosyonèl, nwit byen long, jounen byen long, egzijans depase limit ki kèkfwa nesèsè nan eseye rete epi vin manman Bondye ap tann li ye a.

“Men, li te di, yon bagay pouse m pou kontinye avanse: “Atravè monte desann nan sa, epi atravè kriye tanzantan nan tout sa, *mwen konnen andedan fon kè m se travay Bondye m ap fè*. Mwen konnen ke nan wòl manman mwen an mwen se yon asosye etènèl pou Li. Mwen pwofondeman sansib ke Bondye sa ki pi gwo bi li epi gen plis enpòtans pou li se ke li se paran, menm si kèk nan pitit Li yo fè li kriye.

“ ‘Li di’ ”Se konpreyansyon sa a ki kenbe m nan jou difisil san mank yo kote tout bagay sanble tèrib. Petèt se preziman enkapasite ak enkyetid nou ki pouse nou avanse kote Li epi ogmante kapasite Li pou vin pi pre nou tou. Li te di ‘petèt nan fon kè li atann ke nou *pral* anksye’ epi *pral* enplòre èd Li. Apresa,

mwen kwè, Li kapab anseye timoun sa yo direkteman, atravè nou, si nou pa fè okenn rezistans. Li te konkli, ‘mwen renmen ide sa a. ‘Sa ban mwen espwa. Si mwen kapab rete kòrèk devan Papa nou ki nan syèl la, petèt gidans Li pou pitit nou yo kapab pa jwenn blokaj. Petèt lè sa a se kapab travay Li ak glwa Li nan sans vrèman literal la’’ (nan Conference Report, Avril 1997, 47; oubyen *Ensign*, Me 1997, 36).

Envite sila yo w ap anseye yo pou pataje santiman yo konsènan kijan manman yo patisipe nan travay Bondye a.

Manman yo dabò responsab pou nouriti pitit yo.

Fè patisipan yo ale nan paj iv *Gid Etid pou Patisipan nan Maryaj ak relasyon famiyal yo*. Fè yo ale nan deklarasyon sa a ki nan setyèm paragraph nan pwoklamasyon sou fanmi an: “Manman yo responsab prensipalman pou nouriti pitit yo.”

- Nan ki fason manman yo nouriti pitit yo? (Envite patisipan yo pataje eksperyans ki montre bonjan enfliyans manman yo. Apresa pataje deklarasyon sa yo.)

Eldè Richard G. Scott nan Kowòm Douz Apot yo te di: “Kòm yon manman ki gide pa lespri a, ou enplante materyo pou karaktè timoun yo apati prensip verite yo atravè enstriksyon atantif ak egzanp diy. Ou anseye valè tankou onètete, lafwa nan Bondye, devwa, respè pou lòt moun, jantiyès, konfyans nan tèt yo, ak dezi pou kontribye, aprann, epi pou investi nan lespri ak nan kè pitit inosan nou yo. Okenn lekòl matènèl pa kapab fè sa. Se dwa ak privilèj sakre nou” (nan Conference Report, Oktòb 1996, 102; oubyen *Ensign*, Novanm 1996, 74).

Prezidan Boyd K. Packer, prezidan sipleyan nan Kowòm Douz Apot yo, te obsève, “Okenn ansèyman pa egale, pa bay plis rekonpans espirityèl, ni pi louwab pase sa yon manman anseye pitit li yo” (“Teach the Children,” *Ensign*, Fevriye 2000, 16).

Pou pataje plis ide konsènan kijan manman yo kapab nouriti pitit yo, fè patisipan yo ale nan paj 45–47 nan *Gid Etid pou Patisipan nan Maryaj ak relasyon famiyal yo*. Mande yo chèche 10 sigjesyon prezidan Ezra Taft Benson sou sa manman yo kapab fè pou pase moman efikas avèk pitit yo. Pandan patisipan yo ak chèche sigjesyon yo, drese lis yo sou tablo a jan li montre pi ba a. Diskite benefis yo nan suiv chak sigjesyon.

- | | |
|---------------------------------|----------------------------------|
| 1. Kanpe nan kafou yo. | 6. Chita ansanm pou manje. |
| 2. Rete yon bon zanmi. | 7. Li ekriti yo chak jou. |
| 3. Li pou pitit nou yo. | 8. Fè aktivite an fanmi . |
| 4. Priye avèk pitit nou yo. | 9. Anseye pitit nou yo. |
| 5. Fè sware famiyal chak semèn. | 10. Renmen pitit nou yo toutbon. |

Fè remake ke pewofèt dènye-jou yo te ensiste sou enpòtans pou manman yo rete nan fwaye a avèk pitit yo, olye yo ale travay. Pataje deklarasyon sa a pa prezidan Gordon B. Hinckley, 15zyèm prezidan legliz la:

“Gen kèk fi (anfèt, vin gen anpil anpil) ki oblije ale travay pou bezwen fanmi yo. Pou nou mwen di, fè pi byen nou kapab. Mwen espere ke si nou anplwaye aplentan n ap fè li pou asire ke bezwen debaz yo satisfè epi se pa senpleman pou pase anvi pou yon pi bèl kay, vwati denye modèl, ak lòt foli. Pi gwo djòb ke nenpòt manman ap janm fè se pral nan nouri, anseye, kore, ankouraje, ak elve pitit li yo nan jistis ak verite. Pèsonn pa kapab pran plas li efikasman” (nan Conference Report, Oktòb 1996, 93; oubyen *Ensign*, Novanm 1996, 69).

- Ki sakrifis fanmi yo ka bezwen fè pou suiv konsèy sa?

Lè w ap konkli seksyon sa nan lesan an, pataje yonn oubyen toulede deklarasyon sa yo:

Pandan li t ap sèvi kòm premye Konseye nan Premye Prezidans la, prezidan Gordon B. Hinckley te di: “Mwen raple manman yo tout kote ke apèl yo a sakre. Pèsonn pa kapab pran plas li efikasman. Okenn responsablite pa pi gran, okenn obligasyon pa pi angajan pase pou nou elve nan lanmou ak lapè ak entegrite sila yo nou te pote nan mond lan” (nan Conference Report, Oktòb 1993, 79; oubyen *Ensign*, Novanm 1993, 60).

Se nan pale ak manman yo, Eldè Jeffrey R. Holland te di: “Pou nou, gwo tradisyon Èv la, manman tout fanmi imèn nan, sila ki te konprann ke li ak Adan *te dwe* tonbe pou ke ‘lezòm [ak fi yo] ka egziste’ [2 Nefi 2:25] epi yo te dwe gen lajwa. Pou nou, tradisyon Sarah ak Rebeka ak Rachèl, ki san yo pa t ap genyen bèl pwomès patriyakal pou Abraram, Izaak, ak Jakòb ki beni nou tout. Pou nou, gwo tradisyon Loyis ak Enis [gade 2 Timote1:5] ak manman 2,000 gèrye vanyan yo. Pou nou, gwo tradisyon Mari, ki te chwazi ak preòdone depi anvan mond sa a te egziste, pou ansent, pote epi akouche pitit gason Bondye a Limenm. Nou remèsye nou tout, enkli pwòp manman nou, epi di nou pa gen anyen ki pi enpòtan nan mond sa pase patisipe dirèkdirèk konsa nan travay ak glwa Bondye, pou pitit gason ak pitit fi li yo ka travèse mòtalite a ak lavi terès la, pou yo kapab rantre nan imòtalite ak lavi etènèl nan teritwa selès an wo yo” (nan Conference Report, Avril 1997, 48; oubyen *Ensign*, Me 1997, 36; gade tou paj 44–45 nan *Gid Etid pou Patipisan nan Maryaj ak relasyon familyal yo*).

Papa ak manman yo dwe yonn ede lòt tankou asosye egal ego.

Nòt: Si w ap anseye lesan sa a apa epi w pa t anseye lesan 10 la, anvizaje kòmanse seksyon sa a nan lesan an avèk deklarasyon prezidan prezidan Boyd K. Packer nan paj 49 nan manyèl sa a.

Fè patipisan yo ale nan deklarasyon sa a nan pwoklamasyon sou fanmi an: “Nan responsablite sakre sa yo, manman ak papa gen obligasyon pou youn ede lòt kòm asosye egal.”

- Kisa sa vle di pou mari ak madanm yo asosye egal nan responsablite yo?

Fè remake ke mari ak madanm yo ki travay ansanm kòm asosye egal yo ini nan efò yo. Yo pral sipòte yonn lòt epi atire yonn sou lòt fòs ak talan. Tout koup marye kapab resevwa gidans Senyè a nan deside kijan yonn dwe sipòte

lòt nan responsablite yo. Yo kapab pran desizyon ki baze sou prensip ki divinan revele ak sou pwèn fò ak kapasite ki pwòp ak chak asosye yo.

- Kisa yon mari kapab fè pou sipòte madanm li nan responsablite pou nourit timoun yo?
- Kisa yon madanm kapab fè pou sipòte mari li nan responsablite l pou prezide ak bay sa yo bezwen?
- Ki egzanp nou te wè kote mari ak madanm yo te sipòte yonn lòt efikasman nan akipe ak enseye pitit yo?

Konklizyon

Li Doktrin ak Alyans 64:33–34 avèk patisipan yo.

- Kijan ekriti sa a gen rapò ak responsablite nou kòm papa ak manman?

Ensiste ke manman ak papa yo ap reyèlman “poze fondasyon yon gwo travay. Devwa chak jou nan elve timoun yo ka kèkfwà parèt tou piti ak san sans, men se “nan ti bagay piti ke gwo sòti.” Lè papa ak manman yo travay ansanm pou akonpli responsablite sakre yo, fanmi yo pral resevwa gwo benediksyon nan men Senyè a.

Dapre pouse Lespri a, pataje konviksyon ou sou verite yo ki te diskite nan leson an.

Ale nan paj 43–47 nan *Gid Etid pou Patisipan nan Maryaj ak relasyon familyal yo*. Ankouraje patisipan yo repase doktrin ak prensip yo nan leson sa a nan (1) omwen suiv youn nan sigjesyon yo nan “Lide pou Aplikasyon” epi (2) li atik “Poutèt li se yon manman,” pa Eldpa Eldè Jeffrey R. Holland, ak “Pou manman nan Siyon yo,” pa prezidan Ezra Taft Benson. Fè remake ke koup marye yo kapab resevwa gwo benefis apati lekti ak diskisyon sou atik nan gid etid yo a ansanm.

ANSEYE TIMOUN YO ATRAVÈ EGZANP AK ENSTRIKSYON

LESON
12

Bi Pou ede patisipan yo konprann ke paran yo responsab pou anseye pitit yo atravè egzanp ak enstriksyon epi pou chèche enspirasyon divin nan tout efò yo pou anseye.

Preparasyon

1. Lè w ap prepare tèt ou pou anseye, chèche fason pou suiv prensip yo nan “Responsablite w yo kòm Enstriktè”(paj ix–xi nan manyèl sa a.
2. Li tit ki fonsè yo nan leson an. Tit sa yo bay yon rezime sou doktrin ak prensip nan leson an. Kòm pati nan preparasyon ou, medite sou fason pou ede patisipan yo aplike doktrin ak prensip sa yo. Chèche gidans lespri a nan deside sou kisa ou ta dwe ensiste sou li pou satisfè bezwen patisipan yo.
3. Si *liv Resous pou Sware Familyal* la (31106) disponib, etidye “Anseye pa legzanp,” nan paj 242–44, ak “Rezone avèk timoun yo,” nan paj 244–45. Anvizaje ale nan atik sa yo pandan leson an.

**Sigjesyon pou
Devlòpman
Leson an**

Paran responsab pou anseye pitit yo.

Pataje istwa sa a prezidan Gordon B. Hinckley, 15zyèm prezidan legliz la, te rakonte:

“Pa lontan apre nou te marye, nou te bati premye kay nou. Nou te gen ti kras lajan. Mwen te fè pifò nan travay la mwen menm. . . . Jaden an te totalman sou responsablite m. Premye nan anpil pyebwa ke m te plante yo sete yon bwadchèn san pikan. . . . Sete sèlman yon ti pyebwa flengen, petèt twa-ka pous kòm dyamèt. Li te tèlman elastik ke mwen te ka pliye l nan tout direksyon alèz. Mwen pa t okipe l pandan ane yo t ap pase.

“Après yon jou livè, lè pyebwa yo pèdi fèy, mwen te gen chans gade li nan fenèt la. Mwen te remake li te panche nan sans lwès, defòm epi dezekilibre. Mwen pa t ka kwè sa. Mwen te soti deyò a epi m t al anbrase l tankou pou m ta pouse l kanpe dwat. Men li te gen prèske dimansyon yon pye kòm dyamèt. Fòs mwen pa t reprezante anyen pou li. . . .

“Lè m te plante l la, yon bout kòd te kenbe l anplas kont fòs van yo. Mwen te ka e m te dwe deplase kòd sa a avèk yon ti kras efò. Men mwen pa t fè sa, epi li te panche avèk fòs ki te vini nan sans kontrè yo” (*Teachings of Gordon B. Hinckley* [1997], 419–20).

- Kijan eksperyans prezidan Hinckley sa a aplike avèk responsablite paran yo pou anseye pitit yo? (Pandan patisipan yo diskite kesyon sa, li pwovèb 22:6 avèk yo.)

An referans avèk eksperyans ak pyebwa a, prezidan Hinckley te di: “Mwen te wè yon bagay menmjan, anpil fwa, nan timoun mwen te obsève lavi yo. Paran ki mennen yo nan mond lan sanble preske te bay responsablite yo vag. Rezilta yo te trajik. Kèk sipò senp t ap ka ba yo enèji pou reziste anba fòs ki te frape lavi yo” (*Teachings of Gordon B. Hinckley*, 420).

Eksplike ke Senyè a te bay paran yon devwa sakre pou anseye pitit yo. Repsonablite sa a pa dwe pran alalejè oubyen lage bay lòt moun. Eldè M. Russell Ballard nan Kowòm Douz Apot yo te ensiste:

“*Nou pa kapab epi nou pa ta dwe kite lekòl, kominote a, televizyon, oubyen menm òganizasyon nan legliz la tabli prensip pou pitit nou yo. Senyè a te plase responsablite sa a sou manman ak papa yo. Se youn nou pa kapab evite epi yonn nou pa ka delege. Lòt moun ka ede, men paran yo gen kont pou rann. Sepousa, nou dwe konsève fwaye nou yo sen paske se kote timoun yo devlope prensip pa yo, atitud, ak abitud pou lavi chak jou*” (nan Conference Report, Avril 1991, 106; oubyen *Ensign*, Me 1991, 79–80).

- Poukisa kli esansyèl pou paran yo anseye pitit yo olye yo kite responsablite sa pou lòt moun? Ki risk ki genyen lè paran yo echwe nan akonpli responsablite sa a?
- Nan ki fason lòt manm nan fanmi elaji a, tankou gran paran yo, nmatant ak tonton yo, sipòte efò paran yo nan anseye timoun yo?

Paran yo kapab resevwa enspirasyon nan anseye pitit yo.

Fè patisipan yo ale nan Doktrin ak Alyans 42:14. Eksplike ke vèsè sa genyen yon kle enpòtan pou paran yo lè y ap anseye pitit yo. Apresa li vèsè a avèk patisipan yo.

- Ki kle nou te jwenn nan vèsè sa a? (Nou dwe anseye dapre Lespri a.) Kisa sa vle di pou anseye dapre Lespri a?

Li 2 Nefi 32:5 and 33:1 avèk patisipan yo. Fè remake ke Lespri a, oubyen Sentespri a, kapab ede nou konnen kisa nou dwe di ak fè. Lè paran yo anseye dapre pouse Sentespri a, Sentespri a ap pote mesaj la nan kè timoun yo.

Pataje konsèy sa a pa prezidan Gordon B. Hinckley:

“Noumenm paran, renmen pitit nou yo. Cheri yo. Yo tèlman presye. Yo tèlman enpòtan anpil. Yo se lavni. Nou bezwen plis pase pwòp sajès nou nan elve yo. Nou bezwen èd Senyè a. Priye pou èd sa a epi suiv enspirasyon nou resevwa” (nan Conference Report, Oktòb 1995, 120; oubyen *Ensign*, Novanm 1995, 89).

- Poukisa paran yo bezwen enspirasyon nan efò yo pou anseye pitit yo? Kisa paran yo fè pou envite enfliyans Sentespri a lè y ap anseye pitit nou yo?

Pataje istwa sa a rakonte pa Eldè F. Enzio Busche nan Swasanndis yo:

“Yon jou kote sikonstans yo te pèmèt mwen rive lakay yon moman anvan lè, mwen te temwen, pandan m te nan yon lòt chanm, kijan pitit gason onz ane nou an, jis apre li soti lekòl, t ap lanse vye pawòl kont ti sè li a. Te gen pawòl ki te ofanse m—pawòl mwen pa t janm panse pitit gason nou an t ap itilize. Premye reyaksyon natirèl mwen an kòlè sete kanpe epi pati dèyè li. Erezman, mwen te gen pou travèse chanm nan epi ouvri yon pòt anvan mwen te ka rive kote li, epi

mwen sonje ke nan kèk segond sa yo mwen te priye Papa nou ki nan syèl la avèk fòs pou ede mwen jere sitiyaasyon an. Lapè te kouvri mwen. Mwen pa t fache ankò.

“Pitit gason nou an, ki te sezi wè mwen te la, te plen krent lè mwen te rive bò kote li. Mwen te etone tandè mwen ki te di, ‘Byenvni lakay, pitit gason !’ epi mwen te lonje men mwen pou salye li. Epi lè sa a nan yon fason fòmèl mwen te envite li chita akote mwen nan salon an pou yon konvèsasyon pèsònèl. Mwen te tandè m k ap eksprime lanmou mwen pou li. Mwen te pale avèk li konsènan konba nou chak gen pou mennen chak jou andedan nou.

“Pandan mwen t ap eksprime konfyans mwen nan li, li te tonbe kriye, konfese endiyite li epi kondane tèt li depase mezi. Kounyeya wòl mwen sete mete transgresyon li a nan bonjan kontèks la epi konsole li. Yon espri mèveye te kouvri nou, epi nou te tonbe kriye ansanm, youn anbrase lòt nan lanmou epi finalman nan lajwa. Sa ki te kapab yon konfli tèrib ant papa ak pitit gason li, avèk èd pouvwa anwo yo, te vin tounen youn nan pi bèl eksperyans nan relasyon nou ke nou pa p janm bliye” (nan Conference Report, Avril 1982, 98–99; oubyen *Ensign*, Me 1982, 70).

- Kisa ki te ka rive si papa sa a te suiv tandans li pou aji ak kòlè?

Mande patisipan yo pou pataje eksperyans kote Sentespri a te dirije yo pou anseye oubyen ede yon timoun nan yon fason kèlkonk—petèt nan yon fason yo pa te planifye pou kòmanse.

- Kisa paran yo kapab fè pou prepare tèt yo pou resevwa gidans Sentespri a? (Mande patisipan yo diskite kesyon sa a, envite yo li kèk oubyen tout pasaj ekriti sa yo: Alma 17:2–3; D&A 11:21; 20:77; 121:45–46; 136:33.)

Paran yo anseye timoun yo atravè egzanp ak enstriksyon.

Eksplike ke paran yo anseye piti yo an jeneral de fason: atravè egzanp yo epi atravè pawòl yo.

- Nan ki fason egzanp paran yo ogmante sans pawòl yo nan anseye pitit yo?

Fè apatisiyan yo li deklarasyon sa a Eldè James E. Faust te fè pandan li t ap sèvi nsn Kowòm Douz Apot yo (paj 49 nan *Gid Etid pou Patisipan nan Maryaj ak relasyon familyal* yo:

“Lè paran yo eseye anseye pitit yo pou evite danje, paran yo pa p jwenn okenn repons si yo dòlote pitit yo, ‘Nou gen eksperyans epi saj nan fason mond lan, epi nou kapab rive pi pre rebò pant la pase nou.’ Ipokrizi paran yo kapab rann timoun yo sinik epi pa kwe sa y ap anseye yo nan fwaye a. Pa egzanp, lè paran gade fim yo entèdi pitit yo gade, kredibilite paran an diminye. Si n ap tann pou timoun yo onèt, paran yo dwe onèt. Si n ap tann pou timoun yo gen vèti, paran yo dwe genyen vèti. Si w atann ke pitit nou yo onorab, nou dwe onorab” (nan Conference Report, Oktòb 1990, 41; oubyen *Ensign*, Novanm 1990, 33–34).

- Kisa paran yo kapab fè pou anseye prensip levanjil la avèk egzanp yo?

Pandan li t ap sèvi kò Evèk prezidan, evèk Robert D. Hales te di, “Lè mwen reflechi konsènan. . . relasyon nou avèk pwòp fanmi nou, mwen pa kapab anpeche m retounen nan egzanp mwen te resevwa apati pwòp paran mwen” (nan Conference Report, Oktòb 1993, 8; oubyen *Ensign*, Novanm 1993, 8). Souvni sa a yo montre kijan evèk Hales te aprann apati paran li yo:

“Papa mwen te anseye m respè pou prètiz la. Pandan sèvis nan prètiz Aawon an, nou te distribye sentsèn nan itilize plato sentsèn an metal ki, kòm konsekans dlo ki gaye, te souvan ranpli avèk tach dlo. Kòm yon detantè prètiz Aawon, mwen te responsab pou ede prepare sentsèn nan. Papa te mande m pote plato yo lakay, epi ansanm nou te netwaye yo avèk paydefè jistan chak plato te klere. Lè mwen t ap distribye sentsèn nan, mwen te konnen nou te patisipe nan rann òdonans sentsèn nan yon ti kras pi sakre” (nan Conference Report, Oktòb 1993, 8; oubyen *Ensign*, Novanm 1993, 8).

“Mwen rekonesan pou yon manman ki te devwe pou mari ak pitit li—yon manman ki te anseye avèk egzans. Mwen rekonesan pou sèvis devwe li nan Sosyete sekou pandan apeprè trant ane. Nan laj sèz ane, apre m resevwa premye lisans pou chofè, mwen te gen privilèj pou li te anseye m pandan li te soti avèk mwen lè li t ap ede evèk la nan okipe pòv ak moun ki nan nesite yo” (nan Conference Report, Avril 1992, 90; oubyen *Ensign*, Me 1992, 65).

- Ki opòtinite paran yo genyen pou anseye pitit yo atravè pawòl yo?

Lè patisipan yo diskite kesyon sa, eksplike ke priyè familyal, etid ekriti yo nan fanmi an, ak sware familyal pral diskite nan leson 16. Anplis opòtinite ki byen tabli sa yo pou anseye, anpil opòtinite pou anseye vini sanzatann nan lavi a chak jou. Opòtinite sa yo kapab okazyon pou ansèyman puisan paske yo mare sere ak eksperyans timoun yo ap fè. Paske opòtinite konsa ka vini epi ale rapid, paran yo bezwen rekonèt yo epi prepare pou anseye prensip ke timoun yo pare pou aprann.

- Site kèk okazyon pou anseye san sanzatann ke paran yo kapab siveye? (Si patisipan yo gen difikilte pou reponn kesyon sa, anvizaje pataje sigjesyon sa a pou pouse diskisyon an)

Paran yo kapab anseye nan moman kote pitit yo poze kesyon epi gen pwoblèm, difikilte pou fonksyone avèk fanmi yo oubyen zanmi yo, opòtinite pou pran desizyon, oubyen sousi konsènan ide ki parèt atravè medya yo. Lòt opòtinite pou anseye vini lè timoun yo bezwen aprann apati erè yo, lè yo ap rann sèvis, lè yo bezwen kontwole kòlè yo, oubyen lè yo bezwen èd pou rekonèt enfliyans Sentespri a.

- Nan ki fason woutin nan fanmi yo tankou lè n ap manje ak pral dòmi founi opòtinite pou anseye?
- Nan ki fason moman tètèt ak timoun yo kapab bay paran yo opòtinite pou anseye? Kisa paran yo kapab fè pou asire ke yo pase tan apa avèk chak nan pitit yo?
- Kisa nou te genyen posiblite anseye pitit nou yo pandan moman pou anseye san prepare yo?

Eksplike ke kat pwochèn leson yo nan klas sa a pral diskite prensip ke paran yo ta dwe anseye pitit yo ak opòtinite paran yo genyen pou anseye.

Konklizyon

Ensiste ke lè paran yo chèche direksyon nan men Senyè a, li ap gide yo nan efò yo pou anseye pitit yo. Paran yo dwe rete dilijan ak konsistan nan efò nou yo pou anseye atravè egzans ak pawòl.

Dapre pouse lespri a, temwaye sou verite yo ki diskite pandan leson an.

Ale nan paj 48–53 nan *Gid Etid pou Patisipan nan Maryaj ak relasyon familyal yo*. Ankouraje patisipan yo repase doktrin ak prensip nan leson an nan (1) suiv omwen youn nan sigjesyon yo nan “Lide pou Aplikasyon” epi (2) li atik “Pi gwo defi nan mond la—Bon paran,” pa Eldè James E. Faust, ak “Yon tab antoure avèk lanmou,” pa Eldè LeGrand R. Curtis. Fè remake ke koup marye yo kapab resevwa gwo benefis apati lekti ak diskisyon sou atik nan gid etid yo a ansanm.

Bi Pou ede patisipan yo ogmante dezi ak kapasite yo pou anseye pitit yo prensip debaz ak òdonans yo nan levanjil la.


Preparasyon

1. Anvizaje fason ou kapab aplike prensip yo nan “Responsablite ou yo kòm Enstriktè” (paj ix–xi nan manyèl sa a)
2. Medite sou doktrin ak prensip ki ekspoze nan tit ki fonse yo nan leson an. Pandan semèn nan, reflechi sou fason pou anseye doktrin ak prensip sa yo. Chèche gidans lespri a nan deside sou kisa w ta dwe ensiste sou li pou satisfè bezwen patisipan yo.

**Sigjesyon pou
Devlòpman
Leson an**

Ansèyman paran yo kapab ede timoun yo rete fèm nan lafwa.

Desinen pòtre sa yo sou tablo a:



- Kisa de pòtre sa yo reprezante? Kisa de pòtre sa yo anseye nou konsènan elve timoun?

Si patisipan yo genyen difikilte pou repons kesyon sa yo, raple yo istwa prezidan Hinckley a konsènan plante yon pyebwa nan leson 12 la. (Si w ap anseye leson sa a apa epi pa te anseye leson 12 la, pataje istwa nan paj 58–59 anvan ou diskite pòtre yo sou tablo a.)

Pyebwa agoch la reprezante yon timoun ki ale lwen levanjil la paske paran li yo pa te anseye epi viv levanjil la nan fwaye a. Pyebwa adwat la reprezante yon timoun ki te aprann levanjil la akòz pawòl ak egzanp paran li yo. Lè gwo van soufle, yon jèn pyebwa ki gide pa yon fil ap kontinye grandi dwat. Manmjan tou, timoun yo pi fasil pou rete fèm nan lafwa lè paran yo te anseye yo prensip senp levanjil la.

Li Doktrin ak Alyans 68:25–28 avèk patisipan.

- Dapre pasaj ekriti sa a, kisa Senyè a mande paran yo anseye pitit yo? (Drese lis repons patisipan yo sou tablo a jan li montre pi ba a.)

Lafwa nan Jezikri
Repantans
Batèm
Resevwa don Sentespri a.
Priyè
Mache dwat devan Senyè a

- Poukisa li enpòtan pou paran yo anseye pitit yo prensip ak òdonans sa yo pandan timoun yo jèn?

Pandan li t ap sèvi kòm Evèk prezidan, evèk Robert D. Hales te eksplike: “Timoun yo anseye pou priye epi ki priye avèk paran yo lè yo jèn pi fasil priye lè yo vin pi gran. Moun yo anseye lè yo jèn pou renmen Bondye epi kwè L ap viv ap pi souvan kontinye devlopman espiritiyèl yo ak ogmante santiman lanmou yo lè yo granmoun” (nan Conference Report, Oktòb 1993, 10; oubyen *Ensign*, Novanm 1993, 10).

Paran yo gen pou anseye pitit yo premye prensip ak òdonans nan levanjil la.

Itilize kesyon sa yo pou diskite fason paran yo kapab ede pitit yo aplike prensip lafwa ak repantans epi prepare pou batize ak resevwa don Sentespri a. Lè w ap dirije diskisyon an, ankouraje patisipan yo pataje egzanp apati pwòp lavi yo.

- Pou egzès lafwa nan Jezikri, nou dwe genyen yon konpreyansyon klè sou karakteristik ak kalite li yo. Kisa paran yo kapab fè pou ede pitit yo konprann karakteristik ak kalite Sovè a?
- Rapid rapid repase istwa Jezi ki geri pitit fi Jayiris la (Mak 5:21–24, 35–43) ak repons Nefi pou kondman pou al chèche plak eren (1 Nefi 3:1–7). Kijan ekriti sa yo kapab ede timoun yo egzès lafwa yo nan Jezikri?
- Kijan pataje eksperyans apati lavi nou kapab ede fòtifye lafwa yon timoun?

Fè remake ke paran yo bezwen chèche opòtinite pou anseye pitit yo, ke lafwa ede nou atravè defi ak difikilte yo nan lavi a. Pa egzanp, si yon timoun genyen difikilte nan lekòl oubyen avèk yon zanmi, paran yo ta ka li yon pasaj ekriti avèk timoun nan, ede li priye pou gidans ak konsolasyon, epi lè sa a ede timoun nan konprann kijan Senyè a founi èd.

- Lè paran yo lite pou anseye pitit yo konsènan repantans, poukisa li enpòtan pou yo siveye moman pou ansèyman yo nan lavi chak jou?

Eksplike ke lè paran yo wè pitit yo pran move desizyon, yo kapab mande timoun yo kijan yo santi yo konsènan desizyon yo epi ki bagay diferan yo te kapab fè. Yo kapab pèmèt timoun yo korije erè yo epi, selon bezwen, eksprime

regrè devan Senyè a epi moun ki te ofanse oubyen blese yo. Paran yo kapab tou ede pitit yo rekonèt bonè ak lapè ki soti nan vrè repantans.

- Rapid rapid repase konvèsyon Alma pi jèn nan (Mozya 27; Alma 36) ak Anti-Nefi-Leyi yo (Alma 23:17). Kijan istwa nan ekriti sa yo kapab ede timoun yo konprann enpòtans benediksyon nan repantans ak padon?
- Repase alyans batèm nan nan li Mozya 18:8–10 ak Doktrin ak Alyans 20:37 avèk patisipan yo. Kijan paran yo kapab ede pitit yo prepare pou fè epi kenbe alyans batèm yo?
- Nan ki fason paran yo kapab ede pitit yo pa ka tann pou yo batize epi resevwa don Sentespri a?

Paran yo ta dwe “anseye pitit yo priye, ak mache dwat devan Senyè a.”

- Poukisa egzanp paran yo se pi gwo enstriktè nan ede timoun yo fè priyè vin yon pati nòminal nan lavi yo?
- Anplis pou tabli yon egzanp pou priye, site kèk prensip konsènan priyè ke paran yo kapab anseye pitit yo? (Pandan patisipan yo ap reponn kesyon sa a, li epi diskite pasaj ekriti sa yo ak sitasyon an. Ankouraje patisipan yo pataje eksperyans yo ki gen relasyon ak ansèyman sa yo.
 - a. Jak 1:5–6 (Bondye ap ba nou sajès si nou mande Li avèk lafwa.)
 - b. 2 Nefi 32:9 (Nou ta dwe toujou priye. Nou priye Papa a nan non Jezikri.)
 - c. Alma 37:37 (Lè nou pran konsilte Seyè a pou tout bagay, Li dirije nou nan byen.)
 - d. 3 Nefi 18:19–21 (Lè nou priye Papa a nan non Jezikri, n ap resevwa sa nou mande a si li jis. Nou ta dwe priye an fanmi.)
 - e. Doktrin ak Alyans 112:10 (Lè nou enb, Senyè a reponn priyè nou yo.)

Eldè Dallin H. Oaks nan Kowòm Douz Apot yo te pale konsènan enpòtans pou itilize “langaj priyè a.” Li te di ke timoun yo kapab aprann langaj sa apati paran yo:

“Nou aprann lang matènèl nou sèlman nan tande moun k ap pale l. Sa vrè tou pou langaj nou itilize pou pale avèk Papa nou ki nan syèl la. Langaj priyè a pi fasil epi pi dous pou aprann pase nenpòt lòt lang. Nou ta dwe ba pitit nou yo privilèj pou aprann langaj sa a nan tande paran yo k ap itilize li nan diferan priyè yo ofri chak jou nan fwaye nou yo” (nan Conference Report, Avril 1993, 20; oubyen *Ensign*, Me 1993, 18).

- Kijan paran yo kapab itilize priyè famiyal kòm yon okazyon pou anseye pitit yo?
- Kisa paran yo kapab fè pou ankouraje pitit yo priye pèsònèlman?
- Senyè a te di ke paran yo dwe anseye pitit yo “mache dwat” devan Li (D&A 68:28). Nan ki fason paran yo kapab itilize anbyans fwaye a ak fanmi an pou ankouraje pitit yo “mache dwat devan Senyè a”? (Repons yo ka enkli ke paran yo kapab anseye pitit yo obeyi lwa ak òdonans yo nan levanjil la epi kanpe kòm yon temwen pou Bondye nan tout tan epi tout kote.)
- Kisa granparan yo ak lòt manm fanmi elaji a kapab fè pou ede paran yo anseye pitit yo prensip yo nan levanjil la? Nan ki fason nou te wè ke bon egzanp manm fanmi elaji a kapab ede timoun yo?

Konklizyon

Ensiste ke Bondye te bay paran yo responsablite pou anseye pitit yo prensip jistis yo. Ankouraje patisipan yo lite pou viv prensip ki anseye nan leson sa a epi detèmine fason yo kapab anseye pitit yo prensip sa yo.

Dapre pouse lespri a, pataje konviksyon ou sou verite yo ki te diskite nan leson an.

Ale nan paj 54–57 nan *Gid Etid pou Patisipan nan Maryaj ak relasyon famiyal yo*. Ankouraje patisipan yo repase doktrin ak prensip yo nan leson sa a nan (1) omwen suiv youn nan sigjesyon yo nan “Lide pou Aplikasyon” epi (2) li atik “Fòtifye fanmi yo: Devwa sakre nou,” pa Eldè Robert D. Hales. Fè remake ke koup marye yo kapab resevwa gwo benefis apati lekti ak diskisyon sou atik nan gid etid yo a ansanm.

Bi Pou ede patisipan yo ogmante dezi yo ak kapasite yo pou anseye pitit yo konpayon ak sèvis, onètete ak respè pou pwopriyete lòt moun, lajwa yon travay onèt, ak pite moral.

Preparasyon

1. Repase prensip yo sou “Responsablite ou kòm enstriktè” (paj ix–xi nan manyèl sa). Chèche fason pou aplike prensip sa yo nan preparasyon ou pou anseye.
2. Li tit nan leson an ki fonsè yo, ki dekri doktrin ak prensip yo nan leson an. Kòm pati nan preparasyon ou, medite sou doktrin ak prensip yo pandan semèn nan, chèche gidans lespri a pou deside sou kisa w ta dwe ensiste pou satisfè bezwen patisipan yo.
3. Si materyèl sa yo disponib, repase yo epi pote yo nan klas la:
 - a. *Pou Fòs Jèn yo* (34285).
 - b. *Yon Gid pou Paran* (31125).
 - c. *Manyèl pou Sware Familyal* (31106). Lè w ap repase resous sa a, fè atansyon espesyalman ak “”Responsablite nan anseye,” nan paj 246–47, ak “”Anseye kòsènan Pwokreyasyon ak Chastete” nan paj 253–60. Anvizaje ale nan atik sa yo pandan leson an.

**Sigjesyon pou
Devlopman
Leson an**

Paran yo dwe montre lanmou pou pitit yo lè y ap anseye yo.

Pataje eksperyans sa a relate pa Eldè Loren C. Dunn nan Swasanndis yo:

“Pandan nou t ap grandi nan yon ti kominote, papa m te wè nesosite pou frè m nan avèk mwen aprann prensip travay. Kòm rezilta, li te mete nou travay nan yon ti fèm nan limit ti vilaj kote nou t ap grandi a. Li te responsab yon jounal lokal, konsa li pa t kapab pase twòp tan avèk nou sof bonè nan maten ak nan apremidi. Sa sete yon responsablite kanmèm pou de jèn timoun, epi kèkfwa nou te fè erè.

“Ti fèm nou an te antoure pa lòt fèm, epi youn nan fèmye yo te ale kote papa m yon jou pou di li yon bagay li te panse m te fè mal. Papa m te koute li avèk atansyon epi apresya di, ‘Jim, ou pa konprann. Ou wè, m ap elve tigason; pa bèf.’ Apre lanmò papa m, Jim te rakonte nou istwa li. Ala mwen rekonesan pou yon papa ki te deside elve tigason, men pa bèf. Malgre erè yo, nou te aprann kijan pou n te travay sou ti fèm sa a, epi mwen devine, malgre yo pa t di sa nan anpil pawòl, nou te toujou konnen pou Papa ak Manman nou te pi enpòtan pase bèf yo oubyen, nan domèn sa a, pase tout bagay” (nan Conference Report, Oktòb 1974, 12; oubyen *Ensign*, Novanm 1974, 11).

- Ki sa ki enpresyone nou konsènan istwa sa a?

Ensiste ke Eldè Dunn ak frè li te toujou konnen ke paran yo te renmen yo. Yon fason paran yo montre lanmou pou pitit yo se pou pran tan pou ede yo epi aplike prensip levanjil la. Leson sa diskite kijan pou anseye timoun yosenk prensip debaz nan viv levanjil la: konpasyon ak sèvis, onètete ak respè pou pwopriete lòt moun, lajwa yon travay onèt, ak pite moral.

Paran yo dwe anseye pitit yo konpasyon ak sèvis.

Eksplike ke atravè ministè Li, Sovè a te anseye enpòtans pou renmen ak sèvi lòt moun. Li te anseye prensip sa a nan pawòl ak egzanp.

- Ki benefis ki vin jwenn timoun ki te aprann apati paran yo pou renmen ak sèvi lòt moun? (Anplis mande repons patisipan yo, pataje egzanp sa a yo.)

Prezidan Boyd K. Packer, Prezidan Sipleyan Kowòm Douz Apot yo, te obsève:

“Pandan ane mwen te gade yon bon sè ki te rann yon kantite sèvis nan tout apèl pou anseye oubyen dirije nan legliz la. Li wè yon bezwen epi li sèvi—non pa ‘Rele m si nou bezwen èd,’ men ‘Men mwen; kijan m ka ede?’ Li fè tèlman anpil ti bagay, tankou kenbe pitit yon moun nan yon reyinyon oubyen menmen yon timoun ki te rate bis lekòl. Li toujou ap chèch nouvo vizaj nan legliz la epi avanse pou akeyi yo. . . .

“Li te aprann espri sèvis sa a nan men manman li. Espri sèvis la anseye pi byen nan fwaye a. Nou dwe anseye pitit nou yo nan egzanp epi di yo ke yon espri san egoyis esansyèl pou bonè” (nan Conference Report, Oktòb 1997, 5; oubyen *Ensign*, Novanm 1997, 6).

Nan yon fanmi, te gen yon timoun ki te gen gwo difikilte. Pou ede li fè fas avèk yo, paran li te ankouraje l akonpli yon aksyon sèvis an sekre pou yon lòt manm fanmi an chak jou. Nan finisman semèn nan, li te gen mwens sousi konsènan pwoblèm pa li yo epi li te kòmanse jwi benediksyon yo ak lapè ki soti nan ede lòt moun.

- Kisa nou kapab aprann nan fwaye a osijè sèvis ke nou pa kapab aprann lòt kote?
- Ki sigjesyon nou kapab pataje ki ta kapab ede paran yo anseye pitit yo sèvi lòt moun?

Anvizaje pou ekri repons patisipan yo sou tablo a. Ankouraje patisipan yo pataje egzanp apati pwòp lavi yo. Mande yo pou yo pataje ide pou aktivite sèvis familyal tou. Pandan w ap dirije diskisyon an, bay ide sa yo:

- a. Paran yo kapab tabli yon egzanp nan sèvi manm fanmi an, akonpli responsablite nan legliz la, epi soti pou ede lòt moun alantou yo.
- b. Yo kapab chèche opòtinite pou pitit yo sèvi manm fanmi an ak lòt moun alantou yo. Menm timoun piti yo kapab santi lajwa nan sèvi.

Paran yo dwe anseye pitit yo onètete ak respè pou pwopriete lòt moun.

Pataje konsèy sa a apati prezidan N. Eldon Tanner, ki te sèvi kòm Premye Konseye nan Premye Prezidans la:

“Aprantisaj sou onètete kòmanse nan fwaye a. Nou chak gen bagay pèsone ki se pou nou sèlman. Nou kapab epi nou ta dwe pataje bagay tankou jwèt ak distraksyon ak sèvis nou youn bay lòt; men nou gen lajan, oubyen bijou, oubyen rad ki se pwopriete pèsone nou chak epi pèsone pa ta dwe pran yo san konsantman

mèt yo. Yon timoun ki gen kalite onètete sa a nan fwaye a, pap gen tandans vyole prensip la andeyò fwaye a. Yon lòt kote, absans aprantisaj sa a ankouraje mank respè pou dwa ak pwopriyete lòt moun” (nan Conference Report, Avril 1978, 64; oubyen *Ensign*, Me 1978, 44).

- Kisa ki kapab rive lè nou pa anseye timoun yo respè pou pwopriyete lòt moun?
- Nan ki fason timoun yo kapab aprann nan fwaye a pou yo onèt epi pou respektè pwopriyete lòt moun? Kilè paran yo ta dwe kòmanse anseye pitit yo prensip sa yo?

Paran yo dwe anseye pitit yo konsènan rekonpans pou travay onèt.

Eksplike ke dirijan legliz la te souvan konseye paran yo sou enpòtans pou anseye timoun yo pou travay. Malgre kèkfwa li difisil pou anseye timoun yo travay, paran yo ta dwe pèsiste nan efò sa a. Eldè L. Tom Perry nan Kowòm Douz Apot yo te konseye, “Anseye timoun yo lajwa yon travay onèt se youn nan pi gwo pami tout kado nou kapab bayo” (nan Conference Report, Oktòb 1986, 78; oubyen *Ensign*, Novanm 1986, 62).

- Ki valè sa genyen pou anseye timoun yo prensip travay lè yo jèn? Kijan paran yo kapab ede pitit yo aprann travay? (Pandan patisipan yo ap diskite kesyon sa a, ankouraje yo pataje egzanp apati lavi yo. Anvizaje pou mansyone ide sa yo pou chofe diskisyon an.)
 - a. Tabli yon egzanp pou timoun yo nan ede nan travay nan kay la ak kè kontan.
 - b. Bay timoun yo responsablite ki kadre avèk kapasite yo.
 - c. Pran tan pou anseye timoun yo kijan pou reyisi nan responsablite yo.
 - d. Eksprime apresyasyon pou èd timoun yo.

Li youn oubyen toulede deklarasyon sa yo:

Prezidan Gordon B. Hinckley, 15zyèm prezidan legliz la, te konseye, “Timoun yo bezwen travay avèk paran yo—nan lave asyèt avèk yo, nan pase mòp avèk yo, nan wouze jaden, nan debranche pyebwa ak ti rak bwa, nan pentire ak repare epi netwaye ak fè santèn lòt bagay kote y ap aprann ke travay se pri pou pwòpte ak pwogrè ak pwosperite. (*Teachings of Gordon B. Hinckley* [1997], 707).

Pandan l t ap sèvi nan Kowòm Douz Apot yo, Eldè James E. Faust te anseye: “Yon pati esansyèl nan anseye timoun yo pou yo disipline epi responsab se fè yo aprann travay. . . . Pi bon enstriktè prensip travay la se paran yo menm. Pou mwen, travay te tounen lajwa lè m te kòmanse travay avèk papa mwen, granpapa m, tonton m, ak frè m yo. Mwen sèten ke mwen te souvan plis yon pwoblèm pase yon èd, men souvni yo enteresan epi lesan m te aprann yo gen valè. Timoun yo bezwen aprann responsablite ak endepandans. Eske paran yo pèsònèlman pran tan pou montre epi demontre epi eksplike konsa timoun yo kapab, jan Leyi te anseye a, ‘aji pou tèt pa yo epi pa . . . pouse yo aji?’ (2 Nefi 2:26)” (nan Conference Report, Oktòb 1990, 42; oubyen *Ensign*, Novanm 1990, 34; gade tou paj 50 nan *Gid Etid pou Patisipan nan Maryaj ak relasyon famiyal yo*).

- Poukisa li enpòtan pou timoun yo travay akote paran yo ak lòt manm fanmi yo? Nan ki fason relasyon yo enfluyans lè manm fanmi yo travay ansanm?
- Site kèk rekonpans pou yon travay onèt? (Repons yo ka enkli sa yo ki nan lis sa a.)

- a. Satisfaksyon ak lajwa yon travay byen fèt.
 - b. Yon santiman siksè
 - c. Aprann abilte pratik esansyèl yo
 - d. Rekonèt valè pèsonèl
 - e. Rekonpans materyèl, tankou resevwa meday ak avantaj finansye
- Nan ki fason travay se yon benediksyon esprityèl ak yon benediksyon tanporèl tou?
 - Kisa paran yo kapab fè pou ede pitit yo touche lajan epi itilize l sajan? Kijan paran yo kapab ede pitit yo ekilibre anplwa avèk lòt kalite travay, tankou travay nan legliz la, devwa nan lekòl, ak obligasyon nan kay la?
 - Site kèk danje pou paran ki pèmèt pitit yo evite responsablite travay?

Eldè Neal A. Maxwell nan Kowòm Douz Apot yo te anseye:

“Prensip travay la se yon pati nan ‘plenitid levanjil la.’ Malgre li bay lajwa, travay misyonè a se travay. Malerezman, se pa anpil nan jèn nou yo travay byen, pifò nan yo eseye sèlman fè tèt yo plezi. . . .

“Fè atansyon . . . lè nou gen gwo dezi pou bagay yo pi bon pou pitit nou pase jan yo te ye pou nou. Pa fè eksprè pou rann bagay yo pi mal, nan retire egzijans pou yon travay rezonab kòm yon pati nan eksperyans yo, epi konsa izole pitit nou yo lwen bagay ki te reyèlman ede fè nou sa nou ye a!” (nan Conference Report, Avril 1998, 50; oubyen *Ensign*, Me 1998, 38).

Paran yo dwe anseye timoun yo pite moral.

Ensiste ke paran yo genyen obligasyon pou anseye pitit yo prensip pite moral Senyè a. Sa ap ede yo reziste anba tantasyon.

- Poukisa paran yo ta dwe pran inisyativ pou diskite pite moral ak seksyalite avèk pitit yo? Ki danje ki genyen lè paran yo pa pran inisyativ sa a?

Fè remake ke nan mond la jodia, timoun yo pa kapab evite tande konsènan seksyalite. Men, pifò nan sa yo tande nan mond lan ankouraje abi pouvwa sakre pwokreyasyon an. Timoun—epi espesyalman adolesan yo—bezwen enfòmasyon egzat ak vrè doktrin konsènan sijè sa yo. Paran yo dwe ede yo jwenn fòs pou kanpe kont manti y ap anseye yo nan mond la. Yo dwe anseye timoun yo plan Senyè a pou itilizasyon pouvwa pwokreyasyon an.

Envite patisipan ki se paran yo pale sou eksperyans siksè yo te fè avèk pitit yo konsènan sijè sa yo. Anplis mande patisipan yo apwòch pa yo, pataje prensip sa yo:

Timoun pi piti yo ta dwe resevwa enfòmasyon klè epi senp konsènan nati sakre kò yo. Konpreyansyon sa a ede yo pwoteje tèt yo kont sila yo ki ka eseye pran avantaj sou yo. Lè timoun yo tou pre laj pibète a, paran yo ta dwe pran tan pou eksplike yo chanjamn ki pral fèt nan kò yo. Yo ta dwe eksplike yo ke kwasans fizik la nòmal epi se yon pati nan plan Bondye.

Paran yo ta dwe ede pitit yo konprann tou ke seksyalite bon lè li itilize nan limit Senyè a te tabli men ke se yon peche grav lè li itilize an vyolasyon kont kòmandman Senyè a. Tinedjè yo bezwen machasuiv klè nan men paran yo konsènan prensip Senyè a.

Montre bwochi *Pou Fòs Jèn yo*. Eksplike ke bwochi sa a founi yon bonjan èd pou jèn yo ak paran yo. Li gen enfòmasyon sou prensip legliz la pou sòti, abiye, langaj, medya, ak mizik ak dans. Ankouraje paran yo li epi diskite sou tiliv sa a pèsònèlman avèk chak nan pitit yo ki nan kòmansman adolesans li. Sa founi yon mwayen fasil pou paran yo abode sijè ki kapab difisil pou diskite. Li bay jèn yo yon opòtinite tou pou poze kesyon espesifik konsènan prensip moral yo. Pataje ekstrè sa a nan paj 4–15 nan bwochi a:

“Papa nou ki nan syèl la te konseye ke entimite seksyèl ta dwe rezève pou pitit li yo andedan lyen maryaj yo. Relasyon fizik ant yon mari ak madanm kapab vin bèl epi sakre. Se Bondye ki te dekrete l pou pwokreyasyon timoun ak pou ekspresyon lanmou andedan yon maryaj: “Se pou sa yon nonm ap kite papa l ak manman l, epi l ap soude ak madanm li: epi y ap tounen yon sèl kò ’ (Jenèz 2:24).

“Paske entimite seksyèl tèlman sakre, Senyè a egzije metrize ak pite anvan maryaj ansanm avèk fidelite total apre maryaj. Nan sòti, trete patnè a avèk respè, epi atann patnè w la montre menm respè a pou ou. Pa janm trete patnè ou tankou yon bagay ou ka itilize pou satisfè dezi imoral ou yo oubyen tèt ou. Kontak fizik endesan kapab lakòz nou pèdi kontwòl tèt nou. Toujou rete gen kontwòl tèt nou ak sansasyon fizik yo.

“Senyè a espesifikman entèdi kèk konpòtman, tankou tout relasyon seksyèl anvan maryaj, pelotaj, pèvèsyon seksyèl (tankou omoseksyalite, vyòl, ak ensès), mastibasyon, oubyen obsesyon pou sèks nan panse, diskou, oubyen aksyon. . . .

“Aktivite omoseksyèl ak lezbyèn se peche ak abominasyon devan Senyè a (gade Women 1:26–27, 31). Atachman kontnati a, tankou pou moun menm sèks, kont plan etènèl Bondye pou pitit li yo. Nou responsab pou fè bon chwa. Kit yo dirije kote moun menm sèks oubyen sèks opoze, sansasyon ak dezi imoral yo ka menmen nan peche pi grav. Tout Sen Dènnye Jou dwe aprann kontwole ak disipline tèt yo.”

Montre Gid pou Paran ak *Manyèl Sware Familyal* la. Eksplike ke resous sa yo ofri èd pou paran k ap lite pou anseye pitit yo konsènan chastete. Yon *Gid pou Paran* konsakre totalman pou sijè sa. *Manyèl Sware Familyal* la trete sijè a nan paj 253–60.

Ensiste ke lè paran yo pale avèk pitit yo konsènan seksyalite, yo kapab temwaye ke pite moral pote lajwa ak lapè.

- Poukisa li esansyèl pou paran yo tabli yon modèl sou pite moral anplis ansèyman yo konsènan sa? Nan ki fason paran yo kapab tabli yon modèl sou pite moral?

Fè remake ke timoun yo kapab aprann vrè prensip sou pite moral yo nan fason paran yo trete youn lòt, nan kalite bagay yo li ak medya paran yo otorize nan fwaye a, epi nan fason paran yo pale konsènan pouvwa sakre pwokreyasyon an.

Konklizyon

Ensiste ke paran yo gen responsablite pou anseye pitit yo prensip jistis yo. Ankouraje patisipan yo lite pou viv prensip ki anseye nan leson sa a epi detèmine nan ki fason yo kapab anseye pitit yo prensip sa yo pi byen.

Dapre pouse lespri a, pataje konviksyon ou sou verite yo ki te diskite nan leson an.

Ale nan paj 58–63 nan *Gid Etid pou Patisipan nan Maryaj ak relasyon familyal yo*. Ankouraje patisipan yo repase doktrin ak prensip yo nan leson sa a nan (1) omwen suiv youn nan sigjesyon yo nan “Lide pou Aplikasyon” epi (2) li atik “Anseye Timoun yo,” pa prezidan Boyd K. Packer. Fè remake ke koup marye yo kapab resevwa gwo benefis apati lekti ak diskisyon sou atik nan gid etid yo a ansanm.

Bi Pou anseye prensip ki ap ede paran yo gide pitit yo nan pran desizyon yo.

- Preparasyon**
1. Lè w ap prepare tèt ou pou anseye, chèche fason pou suiv prensip yo nan “Responsablite ou yo kòm Enstriktè” (paj ix–xi nan manyèl sa a).
 2. Li tit ki fonse yo nan leson an. Tit sa yo bay yon rezime sou doktrin ak prensip nan leson an. Kòm pati nan preparasyon ou, medite sou fason pou ede patisipan yo aplike doktrin ak prensip sa yo. Chèche gidans Lespri a nan deside sou kisa ou ta dwe ensiste sou li pou satisfè bezwen patisipan yo.
 3. Si *Liv Resous pou Sware Familyal* la (31106) disponib, etidye “Libabit”—Kle pou Pwogresyon an,” nan paj 237–38, ak “Rekipere yon Timoun ki Dewoute,” nan paj 252–53. Anvizaje ale nan atik sa yo pandan leson an.
 4. Pote yon ti wòch nan klas la. Ou pral itilize l pandan dènye seksyon nan leson an.
-

**Sigjesyon pou
Devlòpman
Leson an**

Timoun yo bezwen gidans lè y ap pran desizyon.

Li powèm sa a, prezidan Thomas S. Monson, nan Premye Prezidans la, te pataje nan yon diskou Konferans Jeneral:

Li te kanpe nan kafou a pou kont li,
Limyè solèy la sou figi li.
Li pa t gen okenn ide sou mond enkoni a —
Li te pare pou kous lavi a.
Men wout yo te mennen nan lès, epi wout ki te mennen nan lwès,
Epi tigason an pa t konnen pi bon wout la;
Konsa li te chwazi wout ki mennen l anba a,
Epi li te pèdi kous la ak kouwòn viktwa a.
Li te tonbe finalman nan desepsyon anmè
Paske pa t gen pèsonn nan kafou a la
Pou montre l pi bon wout la.

Nan menm pozisyon an, yon lòt jou
Yon tigason te kanpe avèk espwa.
Li te prepare tou pou kous lavi a;
Li t ap chèche bagay ki bon yo, tou;
Men te gen yon moun ki te konnen wout yo,
Epi li te montre l ki wout pou l fè.
Konsa li te refize wout ki t ap mennen l anba a,
Epi li te genyen kous la ak kouwòn viktwa a.
Li mache jodia sou bèl gran wout la

Paske yon moun te kanpe nan kafou a

Pou montre l pi bon wout la.

[site apati *Central Christian Monitor*, nan Conference Report, Oktòb 1993, 66–67; oubyen *Ensign*, Novanm 1993, 48]

Eksplike ke timoun yo ak jèn yo souvan kanpe nan kafou—moman kote yo devan desizyon ki kapab gen konsekans dirab sou lavi yo. Paran yo, ki konnen wout yo, ta dwe la pou ede pitit yo pran desizyon jis. E menm lè paran yo pa kapab la avèk pitit yo nan moman desizyon yo, timoun yo ta dwe resevwa gidans epi konte sou pouse Sentespri a lè yo sonje ansèyman paran yo.

Paran yo kapab ede timoun yo egzèse libabit yo nan jistis.

Eksplike ke libabit se youn nan pi gwo kado Papa nou ki nan syèl la. Libabit se pouvwa pou chwazi ak aji pou tèt pa nou. Se atravè libabit nou chwazi pou suiv Sovè a epi resevwa benediksyon lavi etènèl (gade 2 Nefi 2:25–28).

Li Doktrin ak Alyans 58:27–28 avèk patisipan yo.

- Nan ki fason pasaj sa a aplike pou paran yo lè yo ede pitit yo pran desizyon?
- Site kèk avantaj nan pèmèt timoun yo pran desizyon?

Matyè sa yo ekspozè prensip paran yo kapab suiv pou ede pitit yo egzèse libabit yo kòrèkteman. Diskite prensip sa yo avèk patisipan yo.

Ansey timoun yo gran plan bonè chak pitit Papa nou ki nan syèl la.

Avèk patisipan yo, li ekstrè sa a apati Alma 12:32:

“Se pousa Bondye te bay nou kòmandaman yo, apre li te fin ekspozè nou plan redanmsyon an.”

- Poukisa li enpòtan ke Bondye te bay kòmandman yo apre li fin ekspozè plan Sali a? Nan ki fason prensip sa aplike ak efò paran yo pou ankouraje pitit yo obeyi kòmandman yo?

Eldè Boyd K. Packer nan Kowòm Douz Apot yo te anseye:

“Jèn moun yo mande ‘poukisa’—poukisa nou gen kòmandman pou fè kèk bagay, epi kòmandaman pou pa fè lòt bagay? Yon konesans sou plan bonè a. . . kapab bay jèn yo yon repons . . .

“Nou p pa toujou avèk pitit [nou] nan tantasyon yo. Nan moman danje sa yo yo dwe konte sou pwòp resous yo. Si yo kapab sitiye tèt yo nan chema plan levanjil la, yo ap jwenn anpil anpil fòs.

“Plan an merite pou repete l tout tan san rete. Lè sa a bi lavi a, reyalite Redanmtè a, ak rezondèt kòmandamn yo ap rete avèk yo.

“Etid yo nan levanjil la, eksperyans yo nan lavi a, ap yon temwayaj ka p grandi san rete sou Kris la, ekspyasyon an ak retablisman levanjil la” (*The Great Plan of Happiness* [diskou devan edikatè relijyon yo, 10 Out 1993], 3).

Bay timoun yo regleman klè ki baze sou prensip levanjil yo.

Eksplike ke paran yo ta dwe bay pitit yo regleman klè pou yo suiv nan pran desizyon. Efò sa a enkli anseye levanjil la ak tabli prensip konpòtman nan fwaye a. Eldè Joe J. Christensen nan Swasndis yo te anseye:

*“Pa pè tabli prensip ak regleman moral klè. Asire ke nou di non lè sa nesesè. . . .Kite [piti nou yo] konnen ke gen kèk bagay ke, antanke manm fanmi nou, nou senpleman pa fè. Kèk paran sanble tankou yo malad tèlman yo fè sousi pou pitit yo popilè epi aksepte nan sosyete a epi yo tolere anpil bagay ki reyèlman kontrè avèk pi bon jijman, tankou mòd ki chè, rad ekstravagan, rantre ta, sòti anvan laj sèzan, fim ak move non, elatriye. Pou timoun yo ak paran yo, defann sa ki byen ka kite nou pou kont nou pafwa. Ka gen apremidi nan solitud, fèt nou rate, ak fim ki pase nou pa wè. Sa ka pa toujou enteresan. Men elve timoun se pa yon konpetisyon pou popilarite” (nan Conference Report, Oktòb 1993, 13; oubyen *Ensign*, Novanm 1993, 11).*

- Kisa paran yo kapab fè pou pou tabli regleman moral klè pou fanmi yo? (Lè patisipan yo diskite kesyon sa, ankouraje yo pataje egzanp nan pwòp lavi yo.)

Li Mowoni 7:15–19 avèk patisipan yo.

- Ki konsèy pasaj sa a bay konsènan kijan pou distenge byen ak mal? Nan ki fason paran yo kapab aplike konsèy sa pandan y ap tabli regleman pou pitit yo?
- Nan ki domèn nan lavi a timoun yo ak jèn yo bezwen èd nan jije ant byen ak mal? Nan ki fason paran yo kapab itilize konsèy la nan Mowoni 7:15–19 pou ede pitit yo pran desizyon jis?

Ede timoun yo rekonèt enfliyans Sentespri a nan lavi yo.

Eksplike ke Mowoni 7:15–19 pale konsènan Limyè Kris la, ki ede nou distenge byen ak mal. Anplis suiv Limyè Kris la, nou kapab resevwa gidans nan men Sentespri a, ki “ap montre [nou] tout bagay [nou] dwe fè” (2 Nefi 32:5) epi ap ede nou “konnen verite tout bagay” (Mowoni 10:5). Lè timoun yo aprann rekonèt epi suiv pouse Sentespri a, y ap resevwa plis èd nan pran desizyon yo. Apre timoun yo resevwa don Sentespri a, paran yo kapab ede yo devlope dezi pou rete diy pou lespri a akonpaye yo toutan.

Eldè Robert D. Hales nan Kowòm Douz Apot yo te pale konsènan kijan manman li te ede li rekonèt enfliyans Sentespri a:

“Apre batèm ak konfimasyon mwen, manman m te rele m vin jwenn ni, epi li te mande m: ‘Kisa w santi?’ Mwen te dekri pi byen mwen te kapab bon santi-man lapè, soulajman, ak bonè mwen te genyen an. Manman m te eksplike m ke sa mwen te santi a sete don mwen te apèn resevwa a, don Sentespri a. Li te di mw mwen ke si m te viv diy pou sa, mwen t ap gen don sa a avèk mwen toutan. Sa se te yon moman ansèyman ki te rete avèk mwen tout lavi mwen “ (nan Conference Report, Avril 1999, 42; oubyen *Ensign*, Me 1999, 33).

- Kisa paran yo kapab fè pou ede pitit yo santi epi rekonèt enfliyans Sentespri a? (Repons yo ka enklize paran yo kapab ankouraje pitit yo etidye ekriti yo, koute mizik sakre, kenbe kòmandman yo, epi priye avèk yon entansyon reyèl. Yo kapab pataje eksperyans esprityèl yo avèk pitit yo tou epi eksprime lanmou pou yo.)

Ensiste ke li esansyèl pou paran yo ankouraje konpòtman relijye prive pitit yo, tankou etid pèsonèl ekriti yo, priye, ak jene. Patisipasyon nan aktivite relijye fanmi an enpòtan, men li pa ase.

Bay timoun piti yo opòtinite pou pran desizyon senp.

Fè remake ke paran yo kapab bay timoun piti yo opòtinite pou pran desizyon. Yo kapab kenbe desizyon yo senp, dabitid ofri sèlman de chwa epi asire ke toulede cha yo akseptab. Pa egzanp, yon paran ta ka di, “Eske w ta renmen mete chemiz ble oubeyn wouj ou a jodia ?” oubyen “Eske ou ta prefere tande yon istwa oubyen kontinye jwe jis lè pou dòmi?” Lè paran yo ofri chwa konsa, yo ta dwe aksepte desizyon timoun nan.

- Kijan kalite desizyon senp sa yo ede timoun yo prepare pou pran desizyon ki ale pi lwen epi difisil pita nan lavi yo?

Ede timoun yo konprann ke kèk desizyon gen konsekans etènèl.

Eksplike ke lè timoun yo devan desizyon difisil tankou chwazi aktivite nan Saba a, chwazi zanmi yo, fè plan pou edikasyon, oubyen tabli bi pou yon pwofesyon, li enpòtan pou yo konnen kijan pou pran desizyon ki baze sou verite levanjil la. Li esansyèl pou yo konprann ke desizyon yo kapab genyen konsekans etènèl. Paran yo dwe pran tan bonè nan lavi pitit yo pou pale avèk yo konsènan prensip sa yo.

- Site kèk fason paran yo kapab gide pitit yo lè y ap pale avèk yo? (Repons yo ka enkli ke paran yo kapab pataje pwòp eksperyans yo, raple pitit yo kòmandman Senyè a, epi ede pitit yo anvizaje konsekans etènèl chwa ki diferan.)
- Ki sitiyasyon ki ka mande pou yon paran entèvni lè yon pitit ap pran desizyon ki pa bon?

Mande yon patisipan li konsèy sa pa Eldè M. Russell Ballard nan Kowòm Douz Apot yo (paj 66 nan *Gid Etid pou Patisipan nan Maryaj ak relasyon familyal* yo:

“Se devwa paran yo pou entèvni lè yo wè gen move desizyon k ap pran. Sa pa vle di pou paran retire don presye libabit timoun yo. Paske libabit se yon don Bondye bay, dènye chwa sous yo pral fè, kijan yo pral konpòte yo, epi kisa yo pral kwè ap toujou rete nan men yo. Men kòm paran nou bezwen asire n ke yo konprann atitud ak konsekans nòmal yo si yo pèsiste sou move wout yo a. Sonje, pa gen anyen ki tankou sanksyon enjistifye nan fwaye a. Sinema, rev, televizyon, videyo, Entènèt, ak lòt medya yo la kòm envite epi nou ta dwe akeyi yo lè yo apwopriye pou distraksyon fanmi an. Fè fwaye w tounen yon refij lapè ak jistis. Pa pèmèt move enfluyans kontamine pwòp anbyans espirityèl espesyal nou. Montre jantiyès, tandrès, katansyon, ak konsiderasyon nan sa nou di ak fason nou trete youn lòt. Lè sa a bi familyal yo ki baze sou prensip levanjil la ap rann li pi fasil pou pran bon desizyon” (nan Conference Report, Avril 1999, 114; oubyen *Ensign*, Me 1999, 87).

Paran yo ta dwe pèmèt timoun yo aprann apati konsekans move desizyon yo.

Fè remake ke malgre paran yo ta dwe kèkfwa entèvni pou ede pitit yo pran desizyon jis, yo pa ta dwe entèvni pou enpeche konsekans move desizyon pitit yo.

- Ki konsekans ki kapab rive lè paran yo pwoteje pitit yo kont konsekans desizyon yo? Ki bon bagay ki kapab rive nan pèmèt pitit nou fè eksperyans konsekans natirèl desizyon yo? (Ankouraje patisipan yo pataje egzanp apati pwòp lavi yo. Apresa li deklarasyon sa a yo.)

Eldè Richard G. Scott nan Kowòm Douz Apot yo te di: “Paran yo, pa fè erè pou volontèman entèvni pou adousi oubyen elimine konsekans natirèl desizyon delibere yon timoun te pran pou vyole kòmandman yo. Kalite aksyon sa yo ranfòse fo prensip yo, ouvri pòt pou peche pi grav, epi diminye chans pou repantans” (nan Conference Report, Avril 1993, 43; oubyen *Ensign*, Me 1993, 34).

Eldè Robert D. Hales te anseye: “Sa fè nou pè pou nou kite pitit nou aprann apati erè yo ka fè, men volonte pou chwazi metòd Senyè a ak valè moral fanmi an vin pi gran lè chwa a soti andedan yo pase lè nou eseye enpoze yo valè sa yo. Metòd lanmou ak akseptasyon Senyè pi bon pase metòd pou enpoze ak entimide, espesyalman nan elve tinedjè yo” (nan Conference Report, Avril 1999, 43; oubyen *Ensign*, Me 1999, 34).

Paran yo dwe montre lanmou san rete pou timoun yo ki dewoute yo.

Fè remake ke menm apre pi bon efò paran yo, kèk timoun ka pran desizyon ki lakòz gwo tristès pou yomenm ak lòt moun. Paran yo pa dwe janm sispann renmen timoun ki egare yo. Eldè Richard G. Scott te di:

“Kèk nan nou gen pitit ki pa reponn nou, chwazi wout konplètman diferan. Papa nou ki nan Syèl la souvan fè menm eksperyans la. Pandan kèk nan pitit li yo te itilize don libabit li a pou fè chwa kontrè ak konsèy li. Li kontinye renmen yo. Antouka, mwen sèten, li pa janm kondane tèt pa li pou move chwa yo te fè” (nan Conference Report, Avril 1993, 43; oubyen *Ensign*, Me 1993, 34).

Pandan li t ap sèvi nan Kowòm Douz Apot yo, Eldè Howard W. Hunter te bay konsèy sa a pou paran ki te fè tout sa yo kapab men soufri akòz erè yon pitit:

“Yon paran reyisi se youn ki te renmen, ki te sakrifye, epi ki te fè sousi epi satisfè bezwen yon pitit. Si w te fè tout sa yo epi pitit ou toujou dewoute oubyen difisil oubyen nayif, ou kapab, kanmèm, yon paran ki reyisi. Petèt gen timoun ki te vini nan mond lan ki t ap bay kelkeswa paran an traka nan nenpòt sitiasyon an. Menmjan tou, petèt gen lòt ki t ap beni lavi preske nenpòt papa oubyen manman, epi pote lajwa pou yo” (nan Conference Report, Oktòb 1983, 94; oubyen *Ensign*, Novanm 1983, 65).

Bay yon patisipan ti wòch ou te pote nan klas la (gade “Preparasyon,” atik 4). Mande patisipan yo mete ti wòch la dirèkteman devan je li. Apresa mande moun nan pou li dekri, kisa li kapab wè. Li konparezon sa a, ke Eldè Richard G. Scott te pataje pandan li t ap sèvi nan pami Swasanndis yo:

“Lè mwen pran yon ti wòch epi mete dirèkteman devan je m, li parèt gwo anpil. Se tout sa mwen kapab wè. Li vin tou-konsonmen— tankou pwoblèm yon moun nou renmen ki afekte lavi nou chak fwa nou sonje l. Lè bagay ou pratikman kapab fè pou ede yo fini, kite zafè a nan men Seyè a epi pa bay tèt ou pwoblèm ankò. Pa santi ou koupab paske w pa kapab fè plis. Pa gaspiye enèji ou nan enkyetid initil. Senyè a pral retire ti wòch la ki bloke vizyon ou lan epi mete l nan mitan defi w pral fè fas nan pwogresyon etènèl ou yo. Ou pral wè yo nan yon pèspèktiv etènèl. Yon lè, ou pral santi enpresyon epi konnen kijan pou bay plis èd. Ou pral jwenn plis lapè ak bonè, ou p ap neglije lòt moun ki bezwen ou, epi ou pral kapab bay plis èd akòz pèspèktiv etènèl sa a” (nan Conference Report, Avril 1988, 70; oubyen *Ensign*, Me 1988, 60).

- Nan ki fason paran yo kapab montre lanmou san rete pou yon pitit gason oubyen fi ki te egare? Kijan yo kapab montre lanmou san fèmèn je sou aksyon pitit gason oubyen pitit fi a?

Li Lik 15:11–32 avèk patisipan yo. Eksplike ke yo souvan rele pasaj sa parabol pitit gason banbochè a. Men, yo ta ka rele l tou parabol yon papa chéri.

- Kisa nou kapab aprann apati parabol sa konsènan kijan lanmou paran yo kapab enfluyansè timoun ki dewoute yo?

Pandan li t ap sèvi kòm Premye Konseye nan Premye Prezidans la, prezidan Gordon B. Hinckley te anseye:

“Atravè istwa anpil jenerasyon moun, aksyon timoun rebèl te ranpli avèk tristès ak lapenn, men menm lè te gen rebelyon, kòd solid lavi famiyal yo te deplwaye pou antoure timoun rebèl la.

“Mwen pa konnen okenn istwa ki pi bèl nan tout literati a pase sa Mèt la te rakonte ki anrejistre nan kenzyèm chapit Lik. Se istwa yon pitit gason anbisye ak tèt di ki te egzije eritaj pa li a, ke li te gaspiye jistan pa t rete anyen. Avèk remò, li te retounen kote papa li, epi papa li, ki te wè l ap vini, te kouri rankontre l epi ba li akolad epi vole nan kou li epi anbrase li” (nan Conference Report, Avril 1991, 95; oubyen *Ensign*, Me 1991, 72).

Konklizyon

Mete aksan sou enpòtans pou gide timoun yo lè y ap pran desizyon epi lè sa a kite yo aprann apati konsekans aksyon yo. Raple patisipan yo ke Senyè apral beni paran yo lè yo kontinye renmen epi travay avèk pitit yo. Apresa li deklarasyon sa a Evèk Robert D. Hales te fè pandan li t ap sèvi kòm Evèk Prezidan:

Asireman paran yo pral fè erè nan pwosesis elve timoun nan, men atravè imilite, lafwa, priyè, ak etid, chak moun kapab aprann yon pi bon mwayen epi konsa beni lavi manm fanmi an kounyeya epi anseye tradisyon kòrèk pandan jenerasyon apre yo” (nan Conference Report, Oktòb 1993, 10–11; oubyen *Ensign*, Novanm 1993, 10).

Dapre pouse lespri a, temwaye sou verite yo ki diskite pandan lesan an.

Ale nan paj 64–67 nan *Gid Etid pou Patisipan Maryaj ak Relasyon Famiyal*. Ankou-
raje patisipan yo repase doktrin ak prensip nan lesan an nan (1) suiv omwen youn nan sigjesyon yo nan “Lide pou Aplikasyon” epi (2) li atik “Tankou yon Flàm Terib,” pa Eldè M. Russell Ballard. Fè remake ke koup marye yo kapab resevwa gwo benefis apati lekti ak diskisyon sou atik nan gid etid yo a ansanm.

PRIYÈ FAMILYAL, ETID EKRTI AN FANMI, AK SWARE FAMILYAL

Bi Pou ankouraje fanmi yo fè priyè familyal regilye, etid ekrti an fanmi, ak sware familyal epi anseye levanjil la nan chak kontèks sa yo.

- Preparasyon**
1. Anvizaje fason ou kapab aplike prensip yo nan “Responsablite ou yo kòm Enstriktè” (paj ix–xi nan manyèl sa).
 2. Medite sou doktrin ak prensip ki ekspoze nan tit ki fonse yo nan leson an. Pandan semèn nan, reflechi sou fason pou anseye doktrin ak prensip sa yo. Chèche gidans lespri a nan deside sou kisa ou ta dwe ensiste sou li pou satisfè bezwen patisipan yo.
 3. Si materyèl sa yo disponib, pote kèk oubyen tout nan klas la sa a. Prepapre pou ekspoze yo pandan w ap diskite sou sware familyal.
 - a. Ekrti yo.
 - b. *Manyèl Sware Familyal* (31106).
 - c. *Gid pou Fanmi* (31180).
 - d. *Sipleman Videyo pou Sware Familyal* (53276) ak *Sipleman Videyo 2 pou Sware Familyal*.
 - e. *Prensip Levanjil* (31110).
 - f. Revi Legliz.
 - g. *Eritaj nou : yon brèf Istwa sou Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo* (35448).
 - h. Manyèl Prètriz Melkisedèk ak Sosyete Sekou.
 - i. *Gid Etid pou manm klas pou pwogram Doktrin Levanjil la*.
 - j. *Pou Fòs Jèn yo* (34285).
 - k. *Liv istwa nan ekrti legliz la pwodui tankou Istwa nan Liv Mòmmon an* (35666).
 - l. *Pakè Imaj Levanjil la* (34730).
 4. Si w ap itilize egzèsis pou revizyon nan paj 84, pote yon moso papye ak yon plim oubyen kreyon pou chak patisipan.
-

**Sigjesyon pou
Devlòpman
Leson an**

Priyè familyal ak etid ekrti epi sware familyal dwe tounen gwo priyorite pou chak fanmi sen dènnye jou.

Eksplike ke an fevriye 1999 Premye Prezidans la te voye yon lèt pou manm yo nan legliz la toupatou. Lèt la te enkli enstriksyon sa yo:

“Nou konseye paran ak timoun yo pou bay pi gwo priyorite pou priyè familyal, sware familyal, etidye ak enstwi levanjil la, ak aktivite familyal natirèl. Kapab gen lòt egzijans diy ak apwopriye oubyen aktivite, nou pa dwe pèmèt yo chanje devwa divinman deziye ke paran ak fanmi yo sèlman kapab akonpli kòrektman yo” (Lèt Premye Prezidans la, 11 Fevriye 1999).

- Poukisa konsèy sa a patikilyèman enpòtan jodia?

Eksplike ke leson sa diiskite kisa paran yo kapab fè pou fè priyè familyal chak jou ak etid ekriti epi sware familyal chak semèn.

Fanmi yo resevwa gwo benediksyon lè yo priye ansanm.

Li 3 Nefi 18:21 avèk patisipan yo. Apresa pataje konsèy sa a pa prezidan Gordon B. Hinckley, 15zyèm prezidan legliz la:

Se pou chak fanmi nan legliz sa a fè priyè ansanm. Kounyeya, li enpòtan pou fè priyè pèsònèl, men se yon bagay mèveye pou fè priyè familyal. Priye Papa nou ki nan syèl la nan lafwa. Priye nan non Senyè a Jezikri. Nou pa kapab fè anyen pi bon pou pitit nou yo pase fè yo youn apre lòt fè priyè familyal la, eksprime rekonesans pou benediksyon yo. Si yo fè sa pandan yo jèn, y ap grandi avèk yon espri rekonesans nan kè yo” (“Inspirational Thoughts,” *Ensign*, Out 1997, 5).

- Kisa fanmi yo kapab fè pou etabli abitud priyè familyal chak jou? Ki defi nou te rankontre nan fè priyè familyal chak jou, ak kijan nou te travay pou rezoud yo?
- Kisa fanmi yo kapab fè pou rann priyè familyal la yon moman enpòtan pou yo? (Anplis repons patisipan yo, pataje kèk oubyen tout sigjesyon sa yo.)
 - a. Paran yo kapab pran tan anvan priyè a pou mande si genyen yon bagay espesyal ki ta fè fanmi an remèsye Papa nou ki nan syèl la oubyen si gen nenpòt pwoblèm yo ta renmen sonje nan priyè yo.
 - b. Paran yo kapab asire ke timoun yo jwenn okazyon regilyèman pou fè priyè nan fanmi an.
 - c. Fanmi an kapab sonje priye pou dirijan legliz la, misyonè yo, ak manm fanmi an ki bezwen benediksyon espesyal.
 - d. Paran yo kapab itilize priyè yo kòm yon moman pou anseye. Pa egzanp, ekspresyon rekonesans yo kapab devlope menm santiman nan pitit yo.
 - e. Paran yo kapab site non chak timoun yo nan priyè yo, pou ede timoun yo santi lanmou Papa nou ki nan syèl la ak paran terès yo genyen pou yo.
- Ki benediksyon nou menm ak fanmi nou te resevwa akòz priyè familyal?

Etid ekriti an fanmi ede fanmi yo vin pi pre Bondye.

Ekri fraz sa a yo sou tablo a oubyen li yo fò:

Ogmantasyon reverans

Ogmantasyon respè ak konsiderasyon

Mwens chirepit

Kapasite pou konseye timoun yo avèk plis lanmou ak sajès

Reponn konsèy paran yo pi byen

Ogmantasyon jistis

Anpil lafwa, espwa, ak charite

Lapè, lajwa, ak bonè

Mande patisipan yo pou medite sou kesyon sa a san reponn fò:

- Kisa nou ta ka fè pou pote benediksyon sa yo pi plis nan fwaye nou?

Eksplike ke prezidan Marion G. Romney nan Premye Prezidans la te temwaye ke benediksyon sa yo kapab vini pi plis nan fwaye nou yo lè nou etidye ekriti yo, patikilyèman Liv Mòmmon an:

Mwen gen sètitud ke si, nan fwaye nou yo, paran yo li nan Liv Mòman an nan lapriyè epi regilyèman, alafwa pou tèt pa yo epi avèk pitit yo, lespri gwo liv sa a ap vini pou penetre nan fwaye nou ak nan tout moun ki demere ladan. Lespri reverans la ap ogmante; respè youn pou lòt ak konsiderasyon youn pou lòt ap ogmante. Lespri chirepit ap sispenn. Paran yo ap konseye pitit yo nan pi gwo lanmou ak sajès. Timoun yo ap reponn pi byen avèk plis soumisyon pou konsèy paran yo. Jistis ap ogmante. Lafwa, espwa, ak charite—vrè lanmou Kris la—ap gaye nan fwaye ak lavi nou, pou pote avèk yo lapè, lajwa, ak bonè” (nan Conference Report, Avril 1980, 90; oubyen *Ensign*, Me 1980, 67).

An referans avèk pwomès prezidan Romney yo, prezidan Ezra Taft Benson, 13zyèm prezidan legliz la, te di: “Pwomès sa yo—ogmantasyon lanmou ak amoni nan fwaye a, pi gwo respè ant paran ak pitit, ogmantasyon espirityalite ak jistis—se pa pwomès vag, men egzakteman sa pwofèt Joseph Smith te vle di lè li te di Liv Mòmon an ap ede nou vin pi pre Bondye a” (nan Conference Report, Oktòb 1986, 6; oubyen *Ensign*, Novanm. 1986, 7).

Envite patisipan yo pale konsènan benediksyon ki te vini nan fanmi yo atravè etid ekriti yo an fanmi.

- Kisa nou te fè pou fè etid ekriti yo nan fanmi an reyisi? Ki pwoblèm nou te rankontre, epi kijan nou te travay pou rezoud yo? (Anplis repons patisipan yo, pataje kèk oubyen tout sigjesyon sa yo.)
 - a. Travay ansanm pou tabli yon moman pou etidye ekriti yo kòm yon fanmi chak jou. Se souvan pati ki pi difisil la nan etid ekriti an fanmi an. Men, fanmi yo kapab chèche gidans lespri a lè yo detèmine kisa k ap mache pi byen avèk sitiyasyon pa yo.
 - b. Anvizaje etabli yon kantite tan oubyen yon kantite vèsè espesifik, oubyen chapit, oubyen paj pou li chak jou.
 - c. Si se posib, asire ke chak manm fanmi an gen ekriti yo. Menm timoun ki pa kapab li yo ap benefisye lè yo gen pwòp ekriti pa yo. Paran yo ta ka bay pitit yo ekriti yo pou batèm, anivèsè, oubyen lòt okazyon espesyal. Oubyen timoun yo kapab touche lajan pou achte pwòp ekriti yo.
 - d. Li youn apre lòt, ede jèn timoun yo selon bezwen. Apre lekti yon pasaj, repase sa ki te pale a epi di li nan yon fason ke timoun pi piti yo ap konprann.
 - e. Fè timoun piti yo desinen imaj nan istwa nan ekriti yo. Pa egzanp, yon fanmi ka kreye yon tablo ki dekri vizyon Leyi a sou pyebwa lavi a.
 - f. Memorize vèsè favori yo ansanm.
 - g. Li ekriti ki an rapò avèk okazyon espesyal yo tankou, Pak, Nwèl, yon batèm, yon òdinasyon nan prètriz la, oubyen dedikas yon tanp.
 - h. Chèche yon sijè patikilye nan levanjil la, itilize Gid pa Sijè oubyen Diksyonè bibliik la.
 - i. Kenbe yon kaye nèt familyal pou anrejistre kesyon, bi, oubyen enpresyon ki anrapò avèk lekti ekriti yo.

Fè remake ke si li te vin difisil pou reyini fanmi an ansanm pou etid ekriti, paran yo ta dwe sonje ke efò yo ka gen yon efè pi dirab pase yo imajine. Sè Susan L. Warner, ki te sèvi kòm dezyèm konseye nan prezidans jeneral primè a, te di:

“Nan fanmi nou, nou te eseye fè etid ekriti devanjou. Men nou te souvan fristre lè youn nan pitit gason te refize epi nou te konn oblije sipliyè l pou kite kabann

li. Lè finalman li te vini, li te mete l tèt anba sou tab la.. Ane apre a, pandan sèvis misyon li, li te ekri moun lakay li yon lèt: Mèsi pou ekriti yo nou te anseye m yo. Mwen vle nou konnen ke tout moman sa yo mwen te fè tankou mwen t ap dòmi yo, mwen te reyèlman ap koute avèk je m fèmen” (nan Conference Report, Avril 1996, 109; oubyen *Ensign*, Me 1996, 79).

Sware familyal ede fanmi yo fòtifye tèt yo kont enfliyans mond la.

Eksplike ke an 1915, prezidan Joseph F. Smith ak konseye li yo nan Premye Prezidans la te enstwi paran yo pou kòmanse fè “Sware Familyal” regilye. Sa dwe yon moman pou paran yo anseye fanmi yo prensip levanjil la. Premye Prezidans la te ekri: “Si Sen yo obeyi konsèy sa a, nou pwomèt ke gwo benediksyon ap rive. Lanmou nan fwaye ak obeyisans pou paran yo ap ogmante. Lafwa ap devlope nan kè jèn nan Izrayèl yo, epi y ap jwenn pouvwa pou konbat move enfliyans ak tantasyon ki anvayi yo” (nan James R. Clark, compilasyon, *Messages of the First Presidency of The Church of Jesus Christ of Latter-day Saints*, 6 volim. [1965–75], 4:339

Prezidan Gordon B. Hinckley te pale sou fason paran li yo te suiv konsèy prezidan Smith la:

“An 1915 prezidan Joseph F. Smith te mande moun yo nan legliz la pou fè sware familyal. Papa m te di nou ta dwe fè sa, epi konsa nou ta dwe prepare salon an kote gwo pyano manman m nan te ye a epi fè sa prezidan legliz la te mande a.

“Kòm timoun nou yo pa t bon aktè. Nou te fè tout bagay ansanm nan jwe, men pou youn nan nou te eseye chante yon solo devan lòt yo sete tankou mande yon krèm glase rete di nan fou nan kizin nan. Nan kòmansman, nou te konn ri epi fè bèl kòmantè konsènan pèfòmans youn lòt. Men paran nou te pèsiste. Nou te chante ansanm. Nou te priye ansanm. Nou te koute an silans pandan manman m t ap li istwa nan Bib la ak Liv Mòmmon an. Papa m te rakonte nou istwa sou souvni li yo. . . .

“Apati ti reyinyon senp sa yo, ki te fèt nan salon nan kay ansyen nou an, yon bagay endeskriptib epi mèveye te soti. Lanmou nou pou paran nou te fòtifye. Lanmou nou pou frè ak sè nou yo te ranfòse. Lanmou nou pou Senyè a te ogmante. Admirasyon pou bon bagay tou senp te grandi nan kè nou. Bagay mèveye sa yo te rive paske paran nou te suiv konsèy prezidan legliz la. Mwen te aprann yon bagay reyèlman trè enpòtan nan sa” (*Teachings of Gordon B. Hinckley* [1997], 211–12).

Eksplike ke tout prezidan legliz la depi Prezidan Joseph F. Smith te mete aksan sou enpòtans sware familyal la. Jodia Premye Prezidans la te konseye fanmi yo pou fè sware familyal chak lendi swa.

Fè remake ke sware familyal ta dwe toujou enkli priyè familyal ak yon leson, ki kapab prezante pa yon paran oubyen youn nan timoun yo. Paran yo kapab ede timoun pi piti yo prepare epi prezante leson yo.

Eksplike ke legliz la pwodui materyèl ki kapab ede fanmi yo reyalize sware familyal reyisi. Montre materyèl legliz la pwodui ke w te pote nan klas la (gade “Preparasyon,” atik 3). Mete anpil aksan sou *Manyèl Sware Familyal* la, ki se yon zouti enpòtan pou paran yo. Liv sa a se prensipal resous legliz la pou ede fanmi yo planifye epi reyalize sware familyal yo. Li gen leson ak ide pou aktivite.

- Anplis lapriyè ak yon leson, ki lòt aktivite fanmi yo kapab enkli nan sware familyal yo? (Repons yo kapab enkli jwe, li ekriti yo, chante kantik yo, fè konsèy familyal, epi manje bon pla.)
- Kijan paran yo kapab itilize sware familyal pou ede yo satisfè bezwen fanmi yo? (Anplis pou mande patisipan yo ide yo, pataje egzanp sa a.)

Yon papa te devlope leson sware familyal yo nan pale separeman avèk pitit li yo. Lè li t ap pale avèk pitit li yo li te souvan poze kesyon konsènan domèn espesifik enkyetid yo, tankou, “Kisa tigason yo nan lekòl la di konsènan tifi yo?” oubyen “Eske gen moun ki te pale konsènan dwòg?” Repons timoun yo te bay te ede li rekonèt kisa yo bezwen aprann epi diskite. Limenm ak madanm li lè sa a te chita ansanm epi planifye leson baze sou bezwen sa yo. Timoun yo te kontan pataje ide pa yo epi te prepare pou fè fas ak sitiyasyon reyèl lavi a.

- Kisa paran yo kapab fè pou ankouraje tout manm fanmi an patisipe nan sware familyal?
- Ki benediksyon fanmi ou te resevwa kòm rezilta sware familyal nou fè?

Konklizyon

Ensiste ke priyè familyal ak etid ekriti yo chak jou epi sware familyal chak semèn ap fòtifye relasyon familyal yo, fòtifye temwayaj manm fanmi yo, epi prepare manm fanmi yo pou fè fas avèk pwoblèm yo nan lavi a.

Dapre pouse Lespri a, eksprime lanmou ou pou fanmi ou epi temwaye sou verite yo ki te diskite pandan leson sa ak nan tout klas yo.

Ale nan paj 8–11 nan *Gid Etid pou Patisipan Maryaj ak Relasyon Familyal*. Ankouraje patisipan yo repase doktrin ak prensip nan leson an, nan (1) suiv omwen youn nan sigjesyon yo nan “Lide pou Aplikasyon” epi (2) li atik “Benediksyon nan Priyè familyal,” pa prezidan Gordon B. Hinckley ak “Sepousa yo te Anseye M” pa Eldè L. Tom Perry. Fè remake ke koup marye yo kapab resevwa gwo benefis apati lekti ak diskisyon sou atik nan gid etid yo a ansanm.

Materyèl resous anplis

Patisipe nan aktivite rekreyasyon enteresan an fanmi.

Eksplike ke anplis priyè familyal, etid ekriti yo an fanmi, ak sware familyal, aktivite rekreyasyon natirèl kapab ede fanmi yo devlope lyen lanmou solid ak inite. Paran yo ta dwe planifye tan kote fanmi yo kapab patisipe ansanm nan aktivite sa yo. Prezidan Ezra Taft Benson te konseye: “Bati tradisyon vakans ak vwayaj ak sòti an fanmi. Pitit nou p ap janm pèdi souvni sa yo “ (nan Conference Report, Oktòb 1987, 63; oubyen *Ensign*, Novanm 1987, 51).

- Ki avantaj ki genyen nan patisipe nan aktivite rekreyasyon an fanmi?

Anvizaje pataje sigjesyon sa a yo oubyen kèk pa ou pou chofe diskisyon an:

- a. Manm fanmi yo ki pran plezi nan aktivite ansanm ap devlope pi gwo lanmou ak amoni.
- b. Yo ap amize yo ansanm epi bati relasyon ki ap dire pou tout lavi yo.
- c. Timoun yo ap kontan pou moman yo pase avèk paran yo epi vin gen plis dezi pou tande epi suiv konsèy paran yo.

- Ki souvni nou genyen sou aktivite familyal lè nou te timoun? Nan ki fason aktivite sa yo te enfliyanse lavi nou?

Envite patisipan yo pataje ide pou aktivite familyal, amizan, enteresan, epi inoubliyab ki pa mande gwo depans.

Repase leson yo nan pati B nan klas Maryaj ak Relasyon Familyal.

Leson sa a se konklizyon pati B nan klas Maryaj ak Relasyon Familyal. Si w te anseye tout pwogram nan, anvizaje itilize egzèsis sa a:

Bay chak patisipan yon moso papye ak yon plim oubyen kreyon. Mande patisipan yo pran twa minit pou drese lis doktrin ak prensip yo sonje soti nan leson 9 rive nan 19 nan klas sa. Fè yo souliye doktrin oubyen prensip ki te pi enpòtan pou yo. Ankouraje yo prepare pou pale konsènan kèk nan atik yo te souliye yo. Si yo bezwen èd, itilize tab matyè yo nan paj v–vii nan manyèl sa oubyen rezime klas sa nan paj vii–viii nan *Gid Etid pou Patisipan nan Maryaj ak Relasyon Familyal* yo.

Aprè twa minit, mande chak patisipan yo li yon atik nan lis li a epi eksplike poukisa li patikilyèman enpòtan. Rezime apwòch patisipan yo sou tablo a, epi rekonèt enpòtans chak kòmantè. Apresa pataje apwòch pa ou. Si tan an pèmèt, repete egzèsis sa a.

Eksprime rekonesans ou bay moun ou te anseye yo pou patisipasyon yo nan klas sa a, epi ankouraje yo pou yo kontinye viv dapre doktrin ak prensip yo te diskite pandan klas yo. Ankouraje yo pou yo li “Fanmi an : yon pwoklamasyon pou mond lan” tanzantan avèk fanmi yo tou epi pou yo suiv konsèy li nan fwaye yo.